**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’**

***Qol jazba huqi’qi’nda***

**OMAROVA QURALAY**

# Globallasi’w ha’m axborotlasi’w sha’rayati’nda ma’nawiyat ha’m woni’ saqlaw jollari’

5A111601 – Ruwxi’yli’q tiykarlari’

**Magistr**
**akademiyali’q da’rejesin ali’w ushi’n**
**jazi’lg’an dissertaciya**

**Ilimiy basshi’:**
**f.i.k. A.Muratbaeva**

**No’kis – 2015**

# MAZMUNI’

**Kirisiw…………………………………….…………………….. 3-bet**

**I bap. Globallasi’w ha’m axborotlasi’w zamanago’y rawajlani’w belgileri si’pati’nda …………………………...............…................ 10-bet**

1.1. Globallasi’w ha’m axborotlasi’w zamanago’y rawajlani’wdi’n’ aji’ralmas komponentleri ……………………………………………................... 10-bet

1.2. Globallasi’w ha’m axborotlasi’wdi’n’ milliy ruwxi’yli’q ha’m ma’deniyatqa ta’siri …………………………………………………. 25-bet

**I bap** boyi’nsha juwmaq……………….......................................... 34-bet

**II-bap. Globallasi’w sha’rayati’nda ruwxi’yli’qqa qa’wipler ….. 35-bet**

2.1. Ma’nawiy qa’wiplerdin’ ma’nis-mazmuni’, ko’rinis formalari’…. 35-bet

2.2. «G’alaba ma’deniyat» milliy wo’zlikke qa’wip si’pati’nda ……... 40-bet

2.3. «Ruwxi’yli’q tiykarlari’» pa’ninen «Ruwxi’y qa’wipler ha’m wolarg’a qarsi’ gu’res» temasi’n woqi’ti’w boyi’nsha metodikali’q islenbe ……… 48-bet

**II bap** boyi’nsha juwmaq……………….......................................... 53-bet

**III-bap. Ashi’q xabar sistemasi’nda ma’nawiy qa’wipsizlik ma’seleleri……………………………………………………………. 54-bet**

3.1 SHaxs, ja’miyet, ma’mlekettin’ ma’nawiy-psixologiyali’q qa’wipsizligi ma’seleleri ……………………………………………………… 54-bet

3.2. Milliy ma’nawiy qa’wipsizlikti ta’miyinlewdi uli’wmamilliy ideyag’a aylandi’ri’wshi’ faktorlar …………………………........................... 66-bet

**III bap** boyi’nsha juwmaq…………………………………………..  80-bet

**Juwmaq………………………………………………………….. 81-bet**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi……………………………… 84-bet**

## KIRISIW

**Temani’n’ aktualli’li’g’i’.** G’a’rezsiz O’zbekistan XXI a’sirge kirip keldi. Jan’a a’sir ko’pshilik arti’qmashi’li’qlarg’a iye boli’p, bizin’ jas ma’mleketimiz ushi’n rawajlani’wdi’n’ jan’a gorizontlari’n ashi’p berdi. Soni’n’ menen birge jan’a era zamanago’y adamzat ushi’n salmaqli’ qa’wipler deregi de boli’p tabi’ladi’.

Informaciyali’q revolyuciya wo’zegin qurag’an globallasi’w insaniyat turmi’si’ni’n’ barli’q tarawlari’na – ekonomikag’a, siyasatqa, ma’deniyatqa, tilge, bilimlendiriwge, ma’nawiy-a’dep-ikramli’li’q rawajlani’wg’a, milletlerarali’q ha’m dinlerarali’q qatnasi’qlarg’a sheshiwshi ta’sir ko’rsetedi. Bul tarawlardi’n’ barli’g’i’ barg’an sayi’n pa’t ali’p ati’rg’an informaciyani’ wo’zlestiriw ha’m almasi’w processleri menen qamti’p ali’ni’p, sapa jag’i’nan jan’a qa’siyetlerge iye bolmaqta.

XXI a’sirdi ko’binese globallasi’w a’siri - ja’miyet turmi’si’ni’n’ barli’q tarawlari’ni’n’ wo’z-ara baylani’sli’li’q ha’m ashi’qli’qqa bolg’an jer ju’zilik tendenciya ta’siri asti’nda wo’zgerisleri da’wiri dep te ataydi’. Globallasi’w mashqalalari’ pu’tkil insaniyatqa tiyisli boli’p, barli’q yeller, xali’qlar ha’m socialli’q qatlamlar ma’plerin qozg’aydi’. Bir neshe ji’llardan beri du’n’yada globallasi’w processleri iygilik pe, jamanli’q pa degen soraw a’tirapi’nda ba’sekeler qi’zg’i’n dawam yetpekte. Globallasi’w tu’siniginin’ ken’ qamrawli’li’g’i’ ha’m ko’paspektliligi sebepli woni’n’ bul du’n’yadag’i’ roli tuwrali’ ba’seke ketkende minnetli tu’rde bir qatar a’xmiyetli ma’seleler ko’teriledi, wolar: terrorizm qa’wpi, du’n’yani’ unifikaciyalaw ha’m milliy wo’zine ta’nlikti jog’alti’w tendenciyasi’ ha’m t.b.

Ma’nawiyat ma’selesi bu’gingi ku’nnin’ yen’ a’hmiyetli ha’m aktual ma’selesi boli’p tabi’ladi’. Adamni’n’ a’dep-ikramli’li’q ha’m ma’nawiy rawajlani’wi’ni’n’ roli ko’plegen wo’tmish ha’m bu’gingi da’wir woyshi’llari’ni’n’ miynetlerinde ayri’qsha atap ko’rsetilgen.

Ma’mleketimiz puqaralari’ni’n’, a’sirese jas a’wladti’n’, ma’nawiyati’n joqari’lati’wdi’n’ a’hmiyeti Respublikami’z Prezidenti I.A.Karimov ta’repinen de

bir neshe ma’rtebe atap ko’rsetilgen yedi: «ma’nawiyat – insanni’n’, xali’qti’n’, ja’miyettin’, ma’mlekettin’ quwati’»[1].

Ma’mleketimizdin’ jas puqaralari’n ata-babalari’mi’zdi’n’ tariyxi’y miyrasi’na teren’ hu’rmet ruwxi’nda ta’rbiyalaw, jaslardi’n’ a’dep-ikramli’li’q rawajlani’w ha’m ideologiyali’q sawatli’li’q da’rejesin artti’ri’w O’zbekistan xalqi’ni’n’ u’stinlikke iye wazi’ypalari’ni’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Bul wazi’ypani’ a’melge asi’ri’wda milliy ideya ha’m ideologiya tiykarg’i’ tayani’shi’mi’z boli’p tabi’ladi’. Sonli’qtan da Prezident I.A.Karimov wo’z miynetlerinde bizin’ bu’gingi ku’ndegi a’hmiyetli, aktual wazi’ypami’z ja’miyet ag’zalari’n, yen’ birinshi gezekte wo’sip kiyati’rg’an jaslardi’, jetilistiriw, wolardi’n’ qa’lbinde milliy ideya ha’m ideologiyani’, wo’z Watani’na muhabbat ha’m sadi’qli’qti’ qayta tiklew, wolardi’ milliy ha’m uli’wmaadamzatli’q qa’diriyatlar ruwxi’nda ta’rbiyalaw dep atap ko’rsetedi[2].

Zamanago’y du’n’yada ja’miyettin’ ma’nawiy rawajlani’w da’rejesin joqari’lati’wg’a ne na’rse qa’wip sali’wi’ mu’mkin? Belgili da’rejede qa’wip-qa’ter globallasi’w processlerinin’ informaciyali’q aspektinen kelip shi’g’i’wi’ mu’mkin - zamanago’y ja’miyette G’XQni’n’ rolinin’ ku’sheyiwi, ha’m buni’n’ na’tiyjesi si’pati’nda, adamlar sanasi’na ta’sir jasaw qurallari’ arsenali’ni’n’ ken’eyiwi. Zamanago’y G’XQni’n’ auditoriya sanasi’ menen manipulyaciyalawg’a uri’ni’wlari’, bu’gingi ku’nde ken’ yen jayg’an insan sanasi’ ha’m qa’lbi ushi’n ideologiyali’q uri’sti’n’ aji’ralmas bir bo’legi si’pati’nda, shaxsiyat tarawi’nda salmaqli’ jog’alti’wlarg’a ali’p keliwi mu’mkin.

Informaciyali’q ta’sirlerdin’ unamsi’z aqi’betlerinin’ aldi’n ali’w ha’m adamlar sanasi’ u’stinen manipulyaciya qi’li’wdan qorg’ani’w jollari’n tabi’w ushi’n globallasi’wdi’n’ informaciyali’q komponentinin’ shaxsti’n’ ma’nawiy rawajlani’w da’rejesine ta’sir ko’rsetiwi faktorlari’n u’yreniw za’ru’r. Bunday jag’dayda ja’miyettin’ globallasi’w templerinin’ wo’siwi menen baylani’sli’ ma’nawiy mashqalalari’n sheshiwge ali’mlardi’n’ socialli’q ilimler: siyasattani’w,

[1] Karimov I. A. O’zbekiston: milliy mustaqillik, iqtisod, siyosat, mafkura. T.1; – T.: «O’zbekiston», 1996, 78-bet
[2] Qaran’i’z: Karimov I. A. Bizning bosh maqsadimiz – ozod va obod Vatan, erkin va farovon hayot. T. 8. T.: «O’zbekiston», 2000, 23-24 betler

aksiologiya, sociologiya, psixologiya ha’m t.b. tarawi’ndag’i’ innovaciyali’ jan’ali’qlari’ wog’ada a’hmiyetli boli’p tabi’ladi’.

Bu’gingi ku’nde globallasi’w wo’zinin’ qamti’p ali’wi’, ta’sir ku’shi, barg’an sayi’n g’alabali’q tu’s ali’p bari’wi’ menen rawajlanbag’an ha’m yendi rawajlani’w joli’nan barati’rg’an yeller xali’qlari’ni’n’ milliy ma’nawiyati’na topi’li’s qi’lmaqta, wolardi’n’ negizlerin jemirmekte ha’m keleshekte «g’alaba ma’deniyat» ta’sirinde wolardi’n’ saplasti’ri’li’wi’na tiykar jaratpaqta. Bunnan kelip shi’g’adi’, globallasi’wdi’n’ milliy u’rp-a’det, da’stu’r, qa’diriyat ha’m a’dep-ikramli’li’qti’n’ wo’zgeriwine qarati’lg’an ta’sirine qarsi’ gu’resiw, za’ru’r bolg’anda wog’an qalqan bola alatugi’n faktordi’ qa’liplestiriw ha’m woni’ ja’miyetke yengiziw bu’gingi ku’nde aktual mashqalalardan boli’p tabi’ladi’. Buni’n’ ushi’n yen’ da’slep globallasi’wdi’n’ ma’nis-mazmuni’n, usi’ processte ju’z berip ati’rg’an ma’nawiy qa’wiplerdi ani’qlaw ha’m wolardi’ ilimiy-teoriyali’q analizlew ma’seleleri bul mashqalani’ sheshiwdegi a’hmiyetli wazi’ypalardan boli’p tabi’ladi’.

**Izertlew ob’ekti.** Ja’miyet turmi’si’ni’n’ barli’q tarawlari’nda ju’z berip ati’rg’an globalallasi’w, axborotlasi’w processleri, wolar ta’sirinde ken’ yen jayi’p ati’rg’an ha’r qi’yli’ ma’deniy-ma’nawiy ta’sirler, qa’wipler, wolardi’n’ ra’n’-ba’ren’ ko’rinisleri izertlewimizdin’ tiykarg’i’ ob’ektin quraydi’.

**Izertlew predmeti.** Zamanago’y rawajlani’wdi’ belgilewshi faktorlar si’pati’nda globallasi’w ha’m axborotlasi’wdi’n’ ma’nis-mazmuni’, wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri, wolar negizinde ju’zege kelip ati’rg’an ruwxi’y qa’wiplerdin’ ko’rinisleri, insan, ja’miyet ha’m ma’mleket qa’wipsizligine sali’p ati’rg’an qa’wiplerinin’ ilimiy-teoriyali’q analizi izertlewimizdin’ tiykarg’i’ predmetin quraydi’ .

**Izertlewdin’ maqseti.** Globallasi’w ha’m axborotlasi’w processlerinin’ shaxs, ja’miyet, ma’mlekettin’ ruwxi’y qa’wipsizligine qa’wiplerdi keltirip shi’g’ari’wshi’ faktor si’pati’ndagi’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin ha’m bul processte milliy ma’nawiyatti’ saqlap qali’w jollari’n izertlew dissertaciya jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ maqsetin quraydi’.

**Izertlewdin’ wazi’ypalari’.** Izertlew maqsetinen kelip shi’qqan halda jumi’si’mi’zda to’mendegi wazi’ypalardi’ ilgeri su’rdik:

- zamanago’y rawajlani’wdi’n’ aji’ralmas komponentleri bolg’an globallasi’w ha’m axborotlasi’wdi’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin ani’qlaw;

- Globallasi’w ha’m axborotlasi’wdi’n’ milliy ruwxi’yli’q ha’m ma’deniyatqa unamli’ ha’m unamsi’z ta’sirlerin analizlew;

- globallasi’w sha’rayati’nda milliy-ma’nawiy qa’diriyatlari’mi’zdi’ joq qi’li’wg’a qarati’lg’an ma’nawiy ha’m ideologiyali’q qa’wiplerdin’ ma’nis-mazmuni’, ko’rinis formalari’n ani’qlaw;

- «G’alaba ma’deniyat»ti’n’ milliy wo’zlikke qa’wip si’pati’ndag’i’ ma’nis-mazmuni’n ashi’p beriw;

- shaxs, ja’miyet, ma’mlekettin’ ruwxi’y-psixologiyali’q qa’wipsizligi menen baylani’sli’ aktual mashqalalardi’ analizlew;

- milliy ma’nawiy qa’diriyatlar ha’m ma’deniyatti’n’ ma’nawiy qa’wipsizlikti ha’m rawajlani’wdi’ ta’miyinlewshi faktorlar ekenligin ko’rsetip beriw;

- u’zliksiz bilimlendiriw sistemasi’nda «Ruwxi’yli’q tiykarlari’» pa’nin woqi’ti’w procesinde jaslari’mi’zdi’ ma’nawiy qa’wiplerden qorg’aw usi’l ha’m qurallari’n islep shi’g’i’w.

**Izertlewdin’ tiykarg’i’ ma’seleleri ha’m gipotezalari’.**

- Globallasi’w ha’m axborotlasi’w ilimiy-texnikali’q revolyuciya na’tiyjesi si’pati’nda XXI a’sirge kelip ken’ yen jaydi’ ha’m ja’miyettin’ barli’q tarawlari’na wo’zinin’ unamli’ ha’m unamsi’z ta’sirleri menen kirip keldi;

- Globallasi’w ha’m axborotlasi’w processleri milliy ma’nawiyat ha’m ma’deniyatqa unifikaciyalawshi’ ta’sir wo’tkizip, wolardi’n’ du’n’ya ken’isligine kirip bari’wi’nda wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin jog’alti’p ali’wi’na ha’m, belgili da’rejede, uli’wmainsani’y qa’diriyatlardi’n’ mazmuni’ni’n’ wo’zgerip bari’wi’na ali’p kelmekte;

- Globallasi’w ha’m axborotlasi’w processleri arqali’ bati’s ma’nawiyati’ ha’m ma’deniyati’ ken’ yen jaydi’ri’li’maqta, a’sirese woni’n’ yen’ unamsi’z ko’rinislerinin’ biri «g’alabali’q ma’deniyat» jedel kirip kelmekte;

- Joqari’da atap wo’tilgen faktorlar jaslardi’n’ milliyligin, woylawi’n, du’n’yag’a ko’z-qarasi’n wo’zgertip jibermekte. Sonli’qtan globallasi’w ha’m axborotlasi’w sha’rayati’nda ma’nawiy qa’wiplerge tek g’ana milliy-ma’nawiy qa’diriyatlar ruwxi’nda ta’rbiyalaw arqali’ na’tiyjeli qarsi’ turi’w mu’mkin.

**Tema boyi’nsha qi’sqasha a’debiyatlar analizi.** Ja’miyettin’ ma’nawiy salamat ha’m bekkem fundamenti woni’n’ turaqli’ rawajlani’wi’na negiz jaratatug’i’nli’g’i’ shubasi’z. Lekin, tilekke qarsi’, bu’gingi ku’nde a’ne usi’nday bekkem fundament jarati’wi’mi’zg’a tosqi’nli’q yetiwshi faktorlar da bar boli’p, wolardi’ hesh na’rse menen tosi’p tura almaymi’z. A’ne usi’nday qa’wipli faktorlardi’n’ biri globallasi’w ha’m axborotlasi’w aqi’betinde ju’zege keletug’i’n ma’nawiy qawipler boli’p tabi’ladi’. Ja’miyette ju’z berip ati’rg’an globallasi’w processleri, globallasi’wdi’n’ ideologiyag’a ha’m ma’nawiyatqa ta’siri ko’plegen siyasattani’wshi’lar, filosoflar ha’m basqa da socialli’q gumanitar taraw wa’killeri, ali’mlar ta’repinen ilimiy-teoriyali’q analizlenip kiyati’rg’ani’ni’n izertlewimiz procesinde gu’wasi’ boldi’q. Soni’ ayti’p wo’tiw kerek, bul mashqala tek g’ana ma’mleketimiz ali’mlari’ ta’repinen yemes, al du’n’ya shen’berinde de ken’ u’yrenilmekte. Wo’ytkeni mashqalani’n’ ilimiy-teoriyali’q sheshimi du’n’ya ko’leminde milletler ma’deniyati’ni’n’ ra’n’-ba’ren’ligin, insan huqi’qlari’n ta’miyinlewde ha’m sonday-aq a’dep-ikramli’li’q mashqalalari’n saplasti’ri’wda man’i’zli’ a’hmiyetke iye. Atap aytqanda, «globallasi’w», «axborotlasi’w» tu’sinikleri, wolardi’n’ ma’nis-mazmuni’, ja’miyetke ma’nawiy-ideologiyali’q ta’siri ma’selelerinde, Grinin L.E[3]. A.Ochildiev[4], A.Erkaev[5], S.Otamurodov[6], Sh.Qahharova[7], Bahodir Zokir[8], M. Quronov[9], A. G’aniev [10], Sh.Paxrutdinov[11], I.

---

[3] Гринин Л.Е Глобализация и национальный суверенитет. история и современность. М.: №1, 2005.
[4] Ochildiev A. Globallashuv va mafkuraviy jarayonlar. T., Muharrir, 2009.
[5] Erkaev A. Globallashuv:axborot xuruji va ommaviy madaniyat. // Tafakur.J. 4 – son, 2008.
[6] Otamurodov S. Globallashuv va millat. T., Yangi asr avlodi, 2008; Otamuradov S. Globallashuv va milliy-ma’naviy xavfsizlik. – T.: O’zbekiston, 2013
[7] Qahharova Sh. Global ma’naviyat – globallashuvning g’oyaviy asosi. T.: Tafakkur, 2009.
[8] Zokirov B. Globallashuv ziddiyatlari. // Tafakkur. J. 1-son, 2004.

Islamov [12], Sh. Ro'ziev[13] si'yaqi' ali'm ha'm izertlewshilerdin' ilimiy jumi'slari'nda mashqalani'n' ha'r qi'yli' aspektleri wo'zine ta'n ta'rizde u'yrenilgenligi ani'qlandi'. Lekin soni' atap wo'tiw kerek, globallasi'w ha'm axborotlasi'w procesinde ma'nawiyatti'n' ha'm woni' saqlaw jollari' bir putin filosofiyali'q analiz yetilgen izertlewler ko'zge taslanbadi'. Biz wo'z jumi'si'mi'zda joqari'da atlari' atap wo'tilgen ali'mlari'mi'zdi'n' mashqalag'a tiyisli jumi'slari'nan wori'nli' paydalang'an halda temani' ken' analizlewge ha'reket yettik.

**Izertlewde qollani'lg'an metodlardi'n' qi'sqasha si'patlamasi'.** Dissertaciya jumi'si'ni'n' metodologiyali'q tiykari'n Prezident I.A.Karimovti'n' «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» shi'g'armasi', sonday-aq ma'nawiy qa'diriyatlar, wo'zlikti an'law, ata-babalari'mi'zg'a hu'rmet, ba'rkamal a'wlad ta'rbiyasi' babi'nda bildirilgen pikirleri, shi'g'i'p so'ylewleri quraydi'. Izertlewdin' ilimiy-teoriyali'q tiykari' si'pati'nda Shi'g'i's ha'm Bati'sti'n' ulli' woyshi'llari', O'zbekistan filosof ali'mlari'ni'n' shi'g'armalari'nda ruwxi'yli'q-ag'arti'wshi'li'q jumi'slardan go'zlengen maqset, wolardi' sho'lkemlestiriw formalari', bag'darlari', ja'miyettin' ma'nawiy-moralli'q jan'alani'wi', ba'rkamal a'wlad ta'rbiyasi' haqqi'nda bildirilgen pikirleri xi'zmet yetedi. Izertlewde analiz ha'm sintez, indukciya ha'm dedukciya, tariyxi'y-qi'yasi'y analiz metodlari'nan paydalani'ldi'.

**Izertlew na'tiyjelerinin' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti.** Izertlew na'tiyjeleri milliy ideya, socialli'q filosofiya, sociologiya, ruwxi'yli'q tiykarlari', ma'nawiyattani'w si'yaqli' pa'nlerdin' tiyisli bo'limlerin globallasi'w, axborotlasi'w, ma'nawiyat, ma'nawiy qa'wip, ideologiyali'q immunitet kibi ma'seleler menen teoriyali'q bayi'ti'wda ilimiy qung'a iye. Soni'n' menen birge izertlewdin a'meliy a'hmiyeti ma'nawiy-ma'ripiy islerdi sho'lkemlestiriwdi

---

[9] Quronov M. Mafkuraviy tahdid va yoshlar tarbiyasi. T.: Akademiya, 2008.
[10] G'aniev A. G'arb olamidagi axloqiy muammolar. T.: Voris, 2007.
[11] Paxrutdinov Sh. «Tahdid» tushunchasi: nazariya va amaliyot. T.: Abu Ali ibn Sino nomidagi tibbiyot nashriyoti, 1998.
[12] Islamov I. Ma'naviyatga tahdid – kelajakka tahdid. Globallashuv, modernizaciya va tolerantlik: muammolar, echimlar va istiqbollar. Konferenciya materiallari. T.: 2009.
[13] Ro'ziev Sh. Mafkuraviy immunitet manbalari. T.: A.Navoiy nomidagi O'zbekiston Milliy kutubxonasi nashriyoti, 2008.

jetilistiriwge ko’meklesiwi ha’m usi’ arqali’ insanni’n’ ma’nawiy du’n’yasi’n kamalatqa jeteklewi menen belgilenedi. Izertlew na’tiyjeleri tikkeley tu’rde ma’nawiyattani’w tarawi’ menen baylani’sli’ qa’nigelik pa’nlerdi woqi’ti’wda, ideologiyali’q, ma’nawiy qa’wiplerdi saplasti’ri’wda bilimlendiriw ma’kemeleri, ja’miyetlik sho’lkemler ha’m basqa da ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q sho’lkemlerdin’ jaslardi’n’ ma’nawiy-ruwxi’y jetilisiwine bag’darlang’an islerdi ali’p bari’wi’nda da a’meliy-metodikali’q ko’rsetpe si’pati’nda a’hmiyetke iye.

**Izertlewdin’ ilimiy jan’ali’g’i’.** Dissertaciya jumi’si’nda to’mendegi jan’ali’qlarg’a yerisildi:

- globallasi’w ha’m axborotlasi’wdi’n’ zamanago’y rawajlani’wdi’n’ aji’ralmias komponentleri si’pati’ndag’i’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri, milliy ma’deniyat ha’m ma’nawiyatqa ta’siri analizlendi ha’m a’hmiyetli juwmaqlar shi’g’ari’ldi’;

- globallasi’wdi’n’, axborotlasi’wdi’n’ unamsi’z ta’repi ma’nawiy turmi’sti’ izden shi’g’ari’wg’a qarati’lg’anli’g’i’, ma’nawiy qa’wiplerdin’ ha’wij ali’wi’nda g’alaba xabar qurallari’, internet sistemasi’ni’n’ barg’an sayi’n ken’eyip barati’rg’anli’g’i’ ha’m jaslari’mi’zdi’n’ sanasi’nda ma’nawiy bosli’qti’ saqlani’p qali’p ati’rg’anli’g’i’ ilimiy-teoriyali’q ta’repten analizlendi;

- ma’nawiy qa’wiplerdi saplasti’ri’wda puqaralari’mi’zdi’n’, a’sirese jaslari’mi’zdi’n’ ma’nawiy potenciali’n joqari’lati’w ha’m wolarda milliy ideya tiykari’nda ideologiyali’q immunitetti ku’sheytiw shara-ilajlari’ analizlendi.

**Dissertaciya qurami’ni’n’ qi’sqasha si’patlamasi’.** Dissertaciya kirisiw, u’sh bap, jeti paragraf, juwmaqlaw ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

## I bap. Globallasi’w ha’m axborotlasi’w zamanago’y rawajlani’w belgileri si’pati’nda

### 1.1. Globallasi’w ha’m axborotlasi’w zamanago’y rawajlani’wdi’n’ aji’ralmas komponentleri

Globallasi’w **(lat. globus-shar, Jer shari’) –** XX a`sirdin` yekinshi yari’mi’ – XIX a`sirdin` basi’nda du`n`yani’n` rawajlani’wi’nda qa`liplesken jan`a uli’wmaplanetali’q rejimler, ma`mleketler, adamlar wortasi’nda wo`z-ara baylani’slardi’n` ken`eyiwi ha`m quramalasi’wi’, du`n`ya shen`berinde axborot ken`isligi, kapital, tovar ha`mde jumi’sshi’ ku`shi bazari’ndag`i’ integraciyalasi’w, qorshag`an wortali’qqa texnogenlik ta`sirdin` ku`sheyiwi, g`alabali’q ma`deniyat u`lgilerinin` ken` tarqali’wi’, axborot-ideologiyali’q ha`m diniy-ekstremistlik topi’li’slar qa`wipinin` arti’p bari’wi’n an`lati’wshi’ tu`sinik.

«Globallasi’w» atamasi’ yen` da`slep amerikali’q ali’m T.Levittin` 1983-ji’li’ «Garvardbiznesrev`yu» jurnali’nda basi’lg`an maqalasi’nda tilge ali’ng`an yedi (ol iri transmilliy korporaciyalar wo`ndiretug`i’n ha`r qi’yli’ won`imler bazarlari’ni’n` birlesip ketiw processin globallasi’w dep atag`an). 1985-ji’li’ bolsa belgili amerikali’q ali’m R.Robertson «Globalization» ibarasi’n ilimiy aylani’sqa kirgizip, bul tu`sinikti «adamlar sanasi’nda planetami’zdi’n` tarayi’wi’ ha`mde du`n`yani’n` bir pu`tin ta`rizde an`lani’li’wi’»n sa`wlelendirip, «du`n`yani’n` birlesiwi ha`m adamlar wortasi’nda wo`z-ara baylani’slardi’n` ku`sheyiwi»n an`latatug`i’n process si’pati’nda tu`sindiredi.

Globallasi’w processinin` to`mendegi uli’wmali’q aspektlerine itibar qarati’w mu`mkin:

a) globallasi’w – insaniyat civilizaciyasi’ rawaji’ni’n` ishki za`ru`rliklerin an`latatug`i’n ob`ektiv, ta`biyiy-tariyxi’y process;

b) globallasi’w – socialli’q baylani’slardi’n` ken`eyiwi ha`m quramalasi’wi’ aqi’betinde planetami’z ko`leminde ekonomika, texnika ha`m texnologiya, axborot-kommunikaciya, siyasat, huqi’q, basqari’w ha`m basqa tarawlardag`i’ integraciyalasi’w processlerinin` ku`sheyiwi aqi’betinde ju`zege kelgen, wo`zine

ta`n struktura ha`m institutlarg`a tayang`an halda is ju`rgizetug`i’n quramali’ sistema;

v) globallasi’w procesinin` barg`an sayi’n ken` ko`lemde ko`rinis tabi’wi’ ja`miyet turmi’si’, adamlardi’n` turmi’s ta`rizi ha`m mentalitetine (jan`a za`ru`rliklerdin`, kommunikaciya sha`rt-sha`rayatlari’ ha`m formalari’, qa`driyatlari’ni’n` payda boli’wi’, g`alabali’q ma`deniyat u`lgilerin sin`diriw arqali’) salmaqli’ ta`sir ko`rsetedi;

g) globallasi’wdi’n` zamanago`y civilizaciyani’n` rawajlani’wi’ni’n` joqari’ basqi’shi’ si’pati’nda ma`deniyat penen wo`zine ta`n mu`na`sebetler sistemasi’ qa`liplesip barmaqta (bir ta`repten, ma`deniy iskerliktin` jan`a formasi’ ha`m usi’llari’, woni’n` bati’ni’y (ishki, jasi’ri’n) ma`nis-mazmuni’nda tu`pkilikli wo`zgerisler ju`z berse, yekinshi ta`repten, ma`deniyatti’n` globallasi’w procesine ta`siri ku`sheyedi).

«Globallasi’w» tu`sinigi ko`p qi’rli’. Ken` ma`nisinde – bul milliy ha`m regionalli’q mashqalalardi’n` jer ju`zilik mashqalalarg`a wo`sip wo`tiwi ha`m jan`a xojali’q ju`rgiziw, socialli’q ha`m ta`biyiy-biologiyali’q global wortali’qti’n` qa`liplesiwi. Bir qansha konkret ma`nisinde ekonomikali’q ha`m xojali’q ju`rgiziw strukturalari’ni’n` bir pu`tin ha`m tutas jer ju`zilik geoekonomikali’q realli’qti’ qa`liplestiriw bag`dari’ndag`i’ transformaciyasi’. Globallasi’wdi’n` konkret tarawlari’ ilimiy-texnikali’q texnologiyalar, moralli’q-etikali’q qa`diriyatlar (global etika) xali’qarali’q qa`wipsizlik ha`m turaqli’li’qqa jan`a qa`wipler (xali’qarali’q terrorizm, transmilliy ji’nayatshi’li’q, massali’q qi’rg`i’n qurallari’ni’n` global tarqap ketiwi) ha`m t.b. boli’p tabi’ladi’. «Globallasi’w» kategoriyasi’ «ha`zirgi da`wirdin` global mashqalalari’» tu`sinigi menen ku`ta` ti’g`i’z baylani’sqan. Biraq bir ma`nisti an`latpaydi’: birinshi jag`dayda so`z process haqqi’nda barmaqta, yekinshisinde – bul process penen qamti’p ali’ng`an mashqalalar haqqi’nda.

Son`g`i’ yeki-u`sh won ji’lli’qta masshtabi’ boyi’nsha wog`ada u`lken qubi’li’slar ha`m processlerdin` bir-birine ag`i’p kelip qosi’li’wi’ ha`m aralasi’p ketiwinin` gu`wasi’ bolmaqtami’z. Bul process ha`m qubi’li’slardi’n` ha`r birin wo`z aldi’na woni’n` pu`tkil du`n`ya ha`mja`miyetine ta`siri ko`z-qarasi’nan

zamandi’ belgilewshi waqi’ya dep ataw mu`mkin. Du`n`ya ha`mja`miyetinin` geosiyasiy strukturalari’nda ju`z berip ati’rg`an teren` wo`zgerisler ha`m socialli’q-siyasiy sistemalardi’n` transformaciyalari’ bizge bir tariyxi’y da`wirdin` tamamlani’p, zamanago`y du`n`yani’n` wo`z rawajlani’wi’ni’n` sapa jaqtan jan`a fazasi’na kirgenligi haqqi’nda ayti’wi’mi’zg`a imkaniyat beredi.

Birinshiden, axborot-telekommunikaciyali’q revolyuciya na`tiyjesinde du`n`yani’n` sanaat jaqtan rawajlang`an zonasi’nda postindustrial ja`miyet informaciyali’q ja`miyetke transformaciyalani’p barmaqta.

Yekinshiden, bul revolyuciya menen sa`ykes keletug`i’n ha`m wol ta`repten xoshametlenetug`i’n socialli’q-siyasiy paradigmani’n` almasi’wi’, wo`zgeriwi ju`z bermekte.

U`shinshiden, bati’s racionalistlik civilizaciyasi’ni’n` tiykarg`i’ parametrleri dominant poziciyada bolg`an evroorayli’q du`n`yani’n` worni’na jan`a uli’wmaplanetarli’q civilizaciya payda boli’p basladi’. Bul civilizaciya du`n`ya ha`mja`miyetinin` birligi ha`m bo`linbesligin bir ta`repten, woraylar, xali’qlar, ma`deniyatlar, dinlerdin` diversifikaciyasi’ ha`m social-gumanitar bilimler tarawi’ndag`i’ plyuralizmin yekinshi ta`repten, organikali’q birlestirgen.

To`rtinshiden, SSSRdi’n` ha`m socialistlik ha`mdosli’qti’n` i’di’rawi’ menen salqi’n uri’s infrastrukturasi’na tiykarlang`an yeki polyusli’ du`n`ya erasi’ tamamlandi’.

Zamanago`y du`n`yani’n` wo`z rawajlani’wi’ni’n` jana sapa basqi’shi’na kiriwi haqqi’nda so`z yetkenimizde bul tek industrialli’q da`wirdin` postindustrialli’q da`wir menen almasi’wi’, al wonnan keyin axborot ja`miyetinin` woni’ almasti’ri’wi’n g`ana na`zerde tuti’p ati’rg`ani’mi’z joq. Bu`gingi basqi’shti’n` wo`zine ta`nligi sonnan ibarat, wo`zgerisler ha`m ji’lji’wlar procesi ekonomikali’q taraw menen bir qatarda siyasiy, socioma`deniy ha`m ma`nawiy tarawlarg`a da teren` kirip kelmekte.

Siyasiy tarawda da`stu`riy ideyali’q-siyasiy ko`rsetpelerdin` ha`m bag`darlardi’n` ha`zirgi da`wirdin` real mashqalalari’na sa`ykes kelmesligi jag`dayi’ kelip shi’qti’. Sovetler Awqami’ni’n` tarqap ketiwi ha`m usi’ni’n` menen

baylani’sli’ Berlin diywali’ni’n` qulawi’ du`n`yani’n` qarama-qarsi’ yeki lagerge bo`liniwine shek qoydi’ ha`m bul waqi’t boyi’nsha uri’stan keyingi won ji’lli’qlar dawami’nda qa`liplesken geostrategiyali’q strukturadag`i’ g`ana yemes, al Jan`a ha`m yen` jan`a da`wirdin` evroworayli’q (yamasa evroamerikaworayli’q) du`n`yali’q ta`rtibindegi sapali’q wo`zgerislerdin` baslani’wi’ menen sa`ykes keldi. Soni’ ayti’w kerek, bul i’di’raw bir waqi’tti’n` wo`zinde bunday wo`zgerislerge ali’p kelgen processler ha`m qubi’li’slardi’n` yen` son`g`i’ ha`m qu`diretli stimuli’ ha`m aqi’beti boli’p tabi’ldi’.

Globallasi’w atap wo`tilgen processler ha`m fenomenlerdin` yen` ko`zge taslanarli’ ko`rinisi ha`m ko`rsetkishi boli’p tabi’ladi’. Globallasi’w degende ken`islikte ha`m waqi’tta socialli’q baylani’slar ha`m institutlardi’n` sonday yetip ken`eyiwi ha`m teren`lesiwi tu`siniledi, bunda, bir ta`repten, adamlardi’n` ku`ndelikli turmi’s iskerligine jer shari’ni’n` basqa bo`leklerinde ju`z berip ati’rg`an waqi’yalar barg`an sayi’n ku`shlirek ta`sir yetpekte, yekinshi ta`repten, jergilikli obshinalardi’n` is-ha`reketleri global aqi’betlerge iye boli’wi’ mu`mkin.

Globallasi’w ko`plegen socialli’q, ekonomikali’q, ma`deniy, siyasiy ha`m basqa da qatnasi’qlardi’n` jer ju`zilik xarakterge iye boli’wi’n ko`zde tutadi’. Soni’n` menen bir waqi’tta wol wo`z-ara ta`sirdin` jeke ma`mleketler shen`berinde de, ma`mleketler wortasi’nda da ku`sheyip bari’wi’n na`zerde tutadi’. Globallasi’wdi’n` zamango`y processleri ushi’n jan`ali’q boli’p tabi’latug`i’n na`rse – socialli’q baylani’slardi’n` ken`eyiwinin texnologiyali’q, sho`lkemlestiriwshilik, administrativlik, huqi’qi’y ha`m basqa da tarawlarg`a tarqali’wi’, sonday-aq wo`z-ara baylani’slardi’n` zamanago`y axborot ha`m jan`a axborot texnologiyalari’ arqali’ wornati’w tendenciyasi’ni’n` turaqli’ intensifikaciyalasi’wi’.

U`lken ken`isliklerge tarqali’p, wolardi’ bir siyasiy ha`m ekonomikali’q sistemag`a birlestiriwshi imperiyalar (mi’sali’, Britaniya imperiyasi’ si’yaqli’) qurami’ndag`i’ globallasi’w formasi’n global ag`i’mlardi’n` zamanago`y formala-ri’nan aji’rati’w za`ru`r. Son`g`i’si’, birinshiden, sanaati’ rawajlang`an yellerdin` ko`pmilletli korporaciyalar arqali’ bir-birinin` ekonomikasi’na qoyatug`i’n investi-

ciyalari'ni'n` wog`ada iriligi menen, yekinshiden, kapital ha`reketinin` joqari' da`rejesi menen si'patlanadi'.

Xali'qlar ha`m yeller wortasi'ndag`i' wo`z-ara baylani'slardi'n` rawajlani'wi' da`slebinde evropa ekspansiyasi', keyin ala pu`tkil Bati's ekspansiyasi' formasi'n-da ju`z berdi, sonli'qtan globallasi'w wo`z ma`nisine ko`re evropali'q, bati'sli'q globallasi'wdi' an`latti'. Bu`gingi ku`nde bolsa regionallasi'w ha`m globallasi'w processleri pu`tkil jer shari'n qamti'p aldi'.

Bul processlerdin` intensifikaciyasi' bir ta`repten milliy ma`mleketlerdin` funkciyalari'ni'n` ha`m juwapkershilik tarawlari'ni'n` ken`eyiwine ali'p keldi, yekinshi ta`repten, wog`an qoyi'li'p ati'rg`an talaplardi' na`tiyjeli wori'nlawi'ni'n` eroziyasi'na ali'p keldi. Tovarlar, kapitallar, adamlar, bilimler, obrazlar, qural-jaraq, narkotikler ha`m t.b. ma`mleketlik-territoriyali'q shegaralardi' an`sat kesip wo`te basladi'. Transmilliy tarmaqlar, socialli'q ha`reketler ha`m qatnasi'qlar adam iskerliginin` derlik barli'q tarawlari'na kirip bardi'. Sawda-sati'q, finans ha`m wo`ndiristin` global sistemalari'ni'n` wori'n ali'wi' du`n`ya boylap u`y xojali'g`i'ni'n` da, ja`ma`a`ttin` de ha`m pu`tkil millettin` de gu`lleniwin ha`m ta`g`dirin bir-birine baylani'sti'ri'p qoydi'. Solay yetip, milliy-territoriyali'q shegaralar barg`an sayi'n ti'ni'qlaspaqta.

Solay yetip, globallasi'w degende barg`an sayi'n ashi'q, integraciyalasqan, shegaralardi' bilmeytug`i'n jer ju`zilik ekonomika sha`rayati'nda jer juzilik sawda ha`m xali'qarali'q almasi'wdi'n` basqa` da processlerinin` masshtabi'ni'n` arti'wi' tu`siniledi. Bul jerde so`z tek g`ana dastu`riy si'rtqi' tovarlar ha`m xi'zmetler sawlasi' haqqi'nda yemes, al ba`lkim valyuta ag`i'mlari', kapital ha`reketi, texnologiyalar, informaciyalar ha`m ideyalar menen almasi'w, adamlardi'n` wori'n almasi'wi' (ko`ship ju`riwi) haqqi'nda da barmaqta.

Globallasi'w a`hmiyetli process boli'p, woni' yesapqa almastan ha`r qanday ma`mlekettin` si'rtqi' siyasati'n boljaw, ani'qlaw ha`m a`melge asi'ri'w mu`mkin yemes. Bul dinamikali'q, belgili bir tezlesiw menen rawajlani'p bari'wshi' process. Sonli'qtan globallasi'wdi' statikada qarap bolmaydi', wol rawajlani'wdi'n` ha`r bir

basqi’shi’nda wo`zine ta`n wo`zgesheliklerge ha`m wo`ndiris ku`shlerinin` xarakterin ha`m sapasi’n wo`zgertiwshi shiddetke iye.

Globallasi’w sa`ykes tu`rdegi woylawdi’, du`n`yag`a bir pu`tinlikte janta-si’wdi’ talap yetedi. Bul uli’wmali’q mashqalalardi’ basqari’wda, wortaq qa`wip-sizlik ha`m birge islesiwdin` wo`mirlik a`hmiyetke iye ma`seleleri boyi’nsha turaqli’ siyasiy dialog ushi’n ku`ta` za`ru`r. Birge islesiw tileginin` joqli’g`i’, global qa`wiptin` arti’p bari’wi’, ishki ha`m si’rtqi’ keskinliktin` ha`m konfliktili situaciyalardi’n` arti’p bari’wi’ globallasi’w processin qopari’wi’ ha`tteki arqag`a qaytari’wi’ mu`mkin. Mine sonli’qtan ko`paspektli ha`m ken`qamrawli’ tu`siniletug`i’n «qa`wipsizlikti izlew» basli’ wazi’ypa boli’p barmaqta.

Ko`paspektlilik degende bir qatar a`hmiyetli oblast`larda, atap aytqanda, konfliktlerdin` aldi’n ali’w ha`m za`ru`r jag`daylarda wolardi’ basqari’w, ekosistemani’n` turaqli’li’g`i’n saqlaw, azi’q-awqat, janar may ha`m shiyki zat penen kepillengen ta`miynleniw, jan`a texnologiyalardan paydalana ali’w mu`mkinshiliginin` boli’wi’, ha`r qanday jag`daylarda xali’qarali’q birge islesiwdin` institutsionalli’q isenimliligi tarawlari’nda jeke adamlar, yeller, regionlar ha`m pu`tkil xali’qarali’q ha`mja`miyetshiliktin` qa`wipsizligi tu`siniledi. Qa`wipsizliktin` a`hmiyetli komponenti dep xali’qarali’q masshtabtag`i’ zorawanli’q ha`m ji’nayatshi’li’q penen gu`res tu`siniliwi kerek.

Bu`gingi basqi’shta globallasi’wdi’ qa`liplesip bolg`an qubi’li’s dep ayti’p bolmaydi’. Du`n`ya yelleri wortasi’nda ha`r qi’yli’ tosi’qlar ha`m sheklewler yele wori’n almaqta, wo`tiw da`wirin ekonomikasi’na iye yeller, rawajlani’p ati’rg`an ha`m rawajlang`an yeller ekonomikalri’n ta`rtipke sali’wdi’n` uli’wmali’q qag`i’ydalari’ islep shi’gi’lmag`an. Biraq XXI a`sirge kirip keliw ekonomikani’n` globallasi’wi’nda jan`a basqi’sh boli’p, yellerdin` rawajlani’wi’ni’n` barli’q tarawlari’na unamli’ da, unamsi’z da ta`sir ko`rsetiwi mu`mkin.

Globallasi’p ati’rg`an du`n`yani’n` tiykarg`i’ si’patlamalari’n ko`rip shi’g`ayi’q:

1. Sawda ag`i’mi’ joli’ndag`i’ tosqi’nli’qlardi’n` kemeyiwine qaramastan tek kapital bazari’ g`ana haqi’yqi’y global boli’p tabi’ladi’. Tek g`ana kapital wo`zin

qollani’wdi’n` yen` paydali’ jerine hesh qanday tosqi’nli’qlarsi’z ko`ship ju`rmekte. al kapital Qublani’n` jarli’ yellerinen yemes, Arqani’n` bay yellerinin` seyflerinen shi’qpaqta. Kartalar arqa industrial polyusinin` bankleri, trast firmalari’, konsul`tativ kompaniyalari’, korporaciyalari’ qoli’nda: tikkeley investiciyalardi’n` 81 % i joqari’ turmi’s da`rejesine iye arqa yeller – AQSh, Ulli’ Britaniya, Germaniya, Kanada u`lesine tuwra keledi yeken. Bul yellerde kapitaldi’n` kontsentraciyasi’ sherek a`sirde 12% ke wo`sken.

2. Tilekke qarsi’, ha`mme yelge de abzalli’qqa iye sistemani’n` bo`legi boli’w nesip yete bermeydi. Biraq derlik barli’q ma`mleketler press asti’na qoyi’lmaqta – wolar globallasi’wdi’n` jan`a shaqi’ri’g`i’na, du`n`yani’n` jeke menshik kompaniyalari’ni’n` arasi’ndag`i’ tabi’sli’ wo`ndiriwshiler da`rejesine beyimlesiwi kerek boladi’. Afrika, derlik barli’q Lati’n Amerikasi’, pu`tkil Jaqi’n Shi’g`i’s (Izrail`di yesapqa almag`anda), Aziyani’n` u`lken ken`islikleri globallasi’wg`a derlik tarti’lmag`an. yerkin du`n`ya bazari’ printsipleri tan`law tiykari’nda qollani’lmaqta. yeger bulay bolmag`ani’nda, kvalifikaciyag`a iye yemes jumi’sshi’ ku`shinin` global bazarlari’ da kapital bazari’ si’yaqli’ yerkin bolg`an bolar yedi. Globallasi’w barli’q na`rseni taplap ketiwshi konkurenciya aqi’betinde tez wayran boli’w ha`m du`n`yali’q rawajlani’wdi’n` shetine shi’g`i’p qali’wg`a da ali’p keliwi mu`mkin. Woni’n` ta`siri asti’nda ma`mleketler qi’sqa waqi’t ishinde hu`kimetler legitimligin deval`vaciyag`a ushi’rati’wshi’ keskin ha`m jedel ekonomikali’q wo`zgerisler ob`ektleri boli’p qaladi’. Wo`z yelinin` puqaralari’ wo`z a`hmiyeti jag`i’nan milliy hu`kimetlerdin` basli’ dogmalari’na qarama-qarsi’ jan`a ideyalar ji’yi’nti’g`i’ aldi’nda qorg`awsi’z boli’p qaladi’. Texnologiyalar ha`m resurslar iyelerinin` bayli’qlari’ ko`z aldi’nda wo`sip barsa, «irkilip qalg`anlar», wo`zinin` wo`zliginen ayi’ri’lg`i’si’ kelmegenler sonshelli tez pa`t penen bayli’q ha`m qu`diret za`n`gisinen to`men tu`sip baslaydi’. TMK tikkeley investiciyalari’ udayi’ da jemisli na`tiyjeler bere bermeydi. Qu`diretli investorlardi’ qi’stap shaqi’ri’a bergenlerdin` wo`zleri de tez arada bul gigant korporaciyalarda ekonomikali’q wo`zgerislerdin` za`ru`riy initsiatorlari’n yemes, al qalaqli’qti’ saqlap qali’w qurali’n ko`riwi mu`mkin. TMK sonday ishki strukturalar jaratadi’,

wolar ishki socialli’q ten`sizlikti keskinlestiredi, berilgen yelge kerek bolmag`an wo`nimler ham kerek bolmag`an texnologiyalar wo`ndiriwdi a`melge asi’radi’. Global ekonomikada qatnasi’w, dep jazadi’ amerikali’q avtorlar Menon ha`m Vimbush, «ilgeri u`nsiz bolg`an milliy azshi’li’qti’n` manevr ha`m wo`zin-o`zi bildiriw yerkinligin artti’radi’. Etnikali’q azshi’li’q geografiyali’q jaqtan kontsentraciyali’ jaylasqan ma`mleketler ta`sir jasaw ri’chaglari’nan ayi’ri’ladi’ – wolardi’n` azshi’li’qqa qarsi’ ha`reketleri barg`an sayi’n qi’mbatqa tu`sedi. Wo`ytkeni bul ma`mleket yendilikte pu`tkil si’rtqi’ du`n`yag`a jaqsi’ ko`rinetug`i’n boli’p qaladi’». Bir pu`tin ja`miyetlerdi global modernizaciya processlerinen si’rta qaldi’ri’w etnomilliy konfliktler, terrorizm, quralli’ konfliktler qa`wiplerin ku`sheytedi.

3. Rawajlang`an yeller – ekonomikali’q birge islesiw ha`m rawajlani’w sho`lkemi yelleri wortasi’nda eksport qonsi’ yellerge qarag`anda yeki yese tez wo`sedi.

4. Kapital ag`i’mi’ni’n` rawajlani’p ati’rg`an yellerge jan`a imkaniyatlar, qosi’msha shanslar beretug`i’nli’g`i’n biykarlaw qi’yi’n. Aytayi’q, 1990 ha`m 1997 ji’llar arasi’nda rawajlang`an yellerden rawajlani’p ati’rg`an yellerge jeke g`a`rejetler finans ag`i’mi’ 44 mlrd. dollardan 244 mlrd. dollarg`a shekem wo`sti. Bul g`a`rejetlerdin` yari’mi’na shamalasi’n tikkeley investiciyalar quradi’, bul ali’wshi’ yellerge shans jarati’wi’ kerek si’yaqli’. Biraq tez arada, yeger bul yeldegi ekonomikali’q situaciya wo`zinin` tarti’mli’li’g`i’n jog`altsa (og`ada u`lken payda tabi’w imkaniyati’ jog`alsa) u`lken summalar qalay kelgen bolsa, solay tez shi’gi’p ketetug`i’nli’g`i’ ko`zge taslandi’. Qi’sqa waqi’tti’n` ishinde 1997-ji’ldi’n` wortasi’nda bati’s jeke menshik kaptali’ Tailandti’, keyin Qubla Koreyani’, wonnan son` Indoneziyani’ wolardi’n` ha`r birinde milliy masshtabtag`i’ shok halati’n payda yetip taslap ketti.

5. Globallasi’w sha`rayatlardi’n` faktlik unifikaciyasi’n talap yetedi. Biraq real wo`mirde bunday bolmaydi’. Aytayi’q, 1998-1999 ji’llardag`i’ Aziyadag`i’ ekonomikali’q krizis waqti’nda bati’sevropali’q yeller birinshi gezekte

jumi'ssi'zli'qti'n` joqari' da`rejesinen azap shekti; Qi'tay wo`z joli' menen kete berdi; AQShta sanaatti'n` wo`siwi rekordlar wornatti'.

6. Globallasi'w ideologlari' bazar ha`zirgi da`wirde global boli'p barmaqta dep tasti'yi'qlaydi'. Qatan` ma`nisinde bul faktler menen tasti'yi'qlanbag`an. Iri ekonomikali'q parametrlerge iye yeller ishki bazarg`a bag`darlang`an boli'p qalmaqta. Aytayi'q, amerika sanaati'ni'n` si'rtqi' sawda ha`m almasi'wg`a tarti'lmag`an tarawlari' ha`m sektorlari'nda jumi's islewshi amerikali'li'qlardi'n` 82% i ba`nt. AQShta derlik 90% jumi's islewshiler wo`zlerinin` tuti'ni'wi' ushi'n arnalg`an tarawlarda ba`nt boli'p qalmaqta. Bu`gingi ku`nnin` u`sh a`hmiyetli ekonomikasi'nda – AQSh, EA ha`m Yaponiya JIO` tek 12%i eksportqa shi'g`ari'ladi'. Benilyuks yelleri import ha`m eksporttan ayri'qsha g`a`rezli boli'p qali'wi' mu`mkin, biraq jetekshi sanaat derjavalari'ni'n` gigant ekonomikali'q kompleksleri yemes.

7. Siyasiy planda sol na`rse fakt boli'p tabi'ladi', globallasi'wdi'n` saltanati' birinshi gezekte derlik ha`r bir yelde siyasiy spektrdin` sol qanati'ni'n` jen`ilisin an`latadi'. Solshi'l siyasiy partiyalar yellede saylawlarda jen`iwi ha`m hu`kimetke wo`z wa`killerin delegat yetiwi mu`mkin. Biraq yendilikte wolar wo`zlerinin` solshi'l siyasiy-ekonomikli'q bag`darlamasi'n a`melge asi'ra almaydi'. na`tiyjede wolar wo`zlerinin` solshi'l qa`diriyatlari'n arzan bahag`a sati'wlarda predse-datel`lik yetiwleri mu`mkin. Solshi'l ko`z-qaraslar ha`m ku`shlerdin` bunday krizisi uzaqqa sozi'lsa kerek. Ha`m bul wolardi'n` da`stu`riy elektorati'ni'n` radikallasi'wi'nda. Ju`z millionlap miynetkeshler global finansli'q shoklardi'n` qurbanlari', zamanago`y informaciyali'q texnologiyalardi'n` tikkeley qurbanlari', kobinese uzaqqa sozi'li'wshi' aqi'betlerge iye ekonomikali'q processler qurbanlari' boldi'. Bunda jedellestirilgen globallasi'wdi'n` unamsi'z jemisleri ko`birek ko`zge taslanadi': da`ramatlardi'n` wo`sip barati'rg`an ten`sizligi, uzaq mu`ddetke ba`nt boli'wdi'n` kepillenbegenligi, ba`sekelik gu`restin` wo`tkirligi-nin` keskin arti'p ketiwi – yendi bulardi'n` barli'g`i' global masshtabta. Qorg`an-si'zli'q sezimi, wo`zin iri qadag`alap bolmaytug`i'n processler qurbanlari' dep seziniw, wo`mirdin` soqi'r a`dalatsi'zli'g`i'nan ashi'ni'w, arti'qmash eksplua-

taciyani’ seziniw – bulardi’n` barli’g`i’ globallasi’wdi’ keskin gu`res ob`ekti yetip qoyadi’. Massali’q radikallasti’ri’w ko`p millionlag`an awi’l xalqi’ni’n` XXI a`sir megapolislerine ko`ship wo`tiwine ali’p keliwi mu`mkin.

8. Bati’s izertlewshilerinin` ta`n alg`anlari’nday, tosqi’nli’qlardi’ pu`tkil jer ju`zinde ali’p taslaw tek ku`shlilerge paydali’. 1990-ji’llar dawami’nda AQSh eksportti’n` wo`siwinen wo`zinin` JIO` wo`siwinin` u`shten birin aldi’. Krizis Aziya yellerine kirip kelgende de kapital ag`i’mi’ toqtamastan amerikan finans bazari’na qaray umti’li’p woti’rdi’ ha`m amerika industriyasi’ni’n` ha`m awi’l xojali’g`i’ni’n` wo`siwi ushi’n ten`siz energiya menen ta`miynledi. «Bul ekspansiya, - dep jazadi’ demokratiyali’q partiya ideologlari’, - ha`zirgi kunde amerika milletinin` tariyxi’nda yen` uzi’ni’ boli’p, jumi’ssi’zli’qti’n` da`rejesin son`g`i’ 30 ji’ldi’n` ishindegi yen` pa`s ko`rsetkishke tu`sirdi, wol amerikan ja`miyetinin` barli’q toparlari’ni’n`, soni’n` ishinde wog`ada kvalifikaciyali’ qa`nigelerdin` turmi’s da`rejesin ko`terdi». Sonli’qtan AQSh du`n`ya ju`zilik globallasi’wdi’ qaysarli’q ha`m itiqatli’ ta`repdari’ boli’wi’ tan` qalarli’ yemes.

9. Ma`mleketshilik faktori’ jetkilikli da`rejede bahalanbaydi’. Ma`mleketler wo`z puqaralari’ni’n` wo`mirinin` wo`zi ta`repinen qadag`alanbaytug`i’n global ekonomikali’q processlerden u`lken ha`m izge qaytari’p bolmaytug`i’n g`a`rezlilikke tu`sip qali’wi’na jol qoya almaydi’. Bul ma`mleketler wo`zlerin qorg`aw ushi’n yaki tosqi’nli’qlar qoyi’p baslaydi’, yaki yeski qadag`alawdi’n` qaldi’qlari’nan birotala aji’rali’p qalmasli’q ushi’n wo`z-ara birge islesip baslaydi’. Bunda wolar XX a`sirdin` aqi’ri’ndagi’ Shi’g`i’s Aziyadag`i’ finansli’q krizistin` shi’g`i’saziyali’ yellerdin` wo`z kapital bazarlari’n ashi’wi’nda dep biliwge boladi’. Globallasi’w ideologiyasi’na bag`i’ng`i’si’ kelgen rawajlani’p ati’rg`an yellerde bilimlendiriw ha`m meditsinali’q xi’zmetke ketetug`i’n g`a`rejetler qi’sqaradi’, joqari’ texnologiyalar du`n`yasi’nda jumi’ssi’zlar sani’ yele de artadi’. Mi’sali’, Meksikani’n` iri Arqa-Amerikali’q yerkin sawda-sati’q zonasi’na kirip bari’wi’ na`tiyjesinde bul yeldin` jumi’sshi’lari’ni’n` sati’p ali’w qa`bileti 1994 ji’ldan keyin 25% ten ko`birek tu`sti.

Globallasi'w wo`zinin` zamanago`y ko`rinisinde ko`p qatlamli' (ko`p da`rejeli) ha`m ko`p ta`repli sistema tu`rine iye. Woni'n` ko`rinislerinin` tiykarg`i'lari': global kommunikaciya global ekonomika, global siyasat, global ma`deniyat, global ilim, global til, global turmi's ta`rizi.

Global kommunikaciya. Kommunikaciyani'n` jan`a qurallari' jetilistirilgen yeskileri (reaktivli aviaciya, televidenie, radio, Internet, uyali' telefon) menen wo`z-ara ha`rekette ha`r qi'yli' kontinentlerdegi adamlardi' baylani'sti'radi'. Geografiyali'q tosi'qlar ha`m ma`mleketlik shegaralar sheginedi. Ken`islik ha`m waqi't qi'si'ladi', adamlar ha`m xali'qlar jaqi'nlasadi'.

Global ekonomika. Global ekonomika payda boladi'. Barg`an sayi'n ko`p sanli' tovarlar ko`plegen yellerdin` ku`sh sali'wlari' arqali' wo`ndirilip baslaydi'. Birak payda boli'p ati'rg`an global ekonomikada 40 mi'n transmilliy korporaciyalar (TMK) basi'm boli'p, wolardi'n` basi'm ko`pshiligi AQSh, Bati's evropa ha`m Yaponiya kapitali'na tiyisli. Wolar wortasha ha`m u`lken bolmag`an yellerdin` ekonomikalari'n yekinshi plang`a i'si'ri'p taslaydi yamasa wo`zlerine bag`i'ndarap aladi'. Planetadag`i' yen` iri 100 ekonomikali'q sub`ektlerden 51 i TMK ha`m tek g`ana 49 i' yeller boli'p tabi'ladi'. Bul jerde «Coca Cola», «Ford Motor», «Philip Morris», «Mitsubishi», «General Motors», «Toyota» si'yaqli' TMK haqqi'nda so`z yetilmekte. «General Motors»ti'n` ji'lli'q aylani'si' Tailand ha`m Norvegiyani'n` jalpi' ishki wo`niminen arti'q, «Ford»ti'n` aylani'si' – Pol`sha, Greciya, Malayziyani'n`.

Global siyasat. Global siyasat payda boli'p, woni'n` yen` ta`sirshen` ha`m qu`diretli sub`ekti rawajlang`an bati's ma`mleketleri ha`mja`miyeti, woni'n` lideri AQSh yesaplanadi'. Bati's ma`mleketleri wo`zlerinin` ekonomikali'q ha`m a`skeriy qu`diretine tayana woti'ri'p, yaki wo`zlerinin` wog`ada ta`sirshen` xali'qarali'q sho`lkemlerin du`zedi (NATO, «jetilik»), yaki wolardi' wo`zlerinin` aytqani'na ju`rgizedi (Tarifler ha`m sawda boyi'nsha Jer ju`zilik kelisim, Jer ju`zilik bank, xali'qarali'q valyuta fondi', Xali'qarali'q rekonstrukciya ha`m rawajlani'w banki). Milliy ma`mleketler bati's ma`mleketleri ha`mja`miyetinin` global qu`direti aldi'nda sheginbekte. AQSh ha`m woni'n` awqamlaslari' wo`z

TMKni’n` ashko`zlik ma`pleri, wo`zlerinin` siyasiy ma`pleri ushi’n barg`an sayi’n betsizlershe xali’qarali’q huqi’q normalari’n buzbaqta ha`m suveren ma`mleketler, wolardi’n` xali’qlari’na qarsi’ ji’nayatlar islemekte. Buni’ Yugoslaviya ha`m Irakqa qarsi’ uri’slardan ko`riw mu`mkin. Bunday jag`daylarda SSSRdi’n` AQShqa qarsi’ irkip turi’wshi’ ulli’ derjava, woni’n` agressiv siyasati’n irkiwshi, bati’sli’q yemes ma`mleketlerdin` xali’qlari’na yerkin rawajlani’w ushi’n imkaniyat beriwshi qu`diretli faktor si’pati’nda saplasti’ri’li’wi’ unamsi’z ta`sirlerin ko`rsetpekte.

Global ma`deniyat. Pu`tkil du`n`yani’ birlestiriwshi global ma`deniyat payda boladi’. Pu`tkil du`n`ya Gollivud kinowo`nimin tuti’nbaqta (ha`r qi’yli’ yellerde wol milliy kinobazari’ni’n` 60 tan 100% ine shekemin quraydi’), Garri Potter tuwrali’ kitaplardi’ woqi’ydi’, ko`binese anglichan tilles pop- ha’m rok-muzi’kani’ ti’n`laydi’ ha`m t.b. Bayqaw qi’yi’n yemes, bul wo`nimlerdin` tiykarg`i’lari’ AQSh, Ulli’britaniya ha`m basqa da bati’s ma`mleketlerinde islep shi’g`ari’lg`an.

Global ilim. Xali’qarali’q akademiyali’q almasi’wlar, jer ju`zilik akademiyali’q infrastrukturani’n` rawajlani’wi’ (internatsionalli’q forumlar, jurnallar, baspalar) global ilimnin` payda boli’wi’na ali’p keldi. Sotsiologiya basqa ilimler qatari’nda teoriyali’q bilimler sistemasi’ si’pati’nda da, ja`miyetlik institut si’pati’nda da global boli’p basladi’.

Global til. Global til – anglichan tili ju`zege keldi, bul tilde ha`r qi’yli’ yeller ha`m xali’qlar qari’m-qatnasi’g`i’ a`melge aspaqta. Wol ha`r qi’yli’ millettegi, rasadag`i’ adamlardi’ baylani’sti’ri’w menen birge, woni’n` ja`miyetlik turmi’s-ti’n` bir qatar tarawlari’nda (siyasat, biznes, ilim) ken` tarqali’wi’ rus, qi’tay, nemets, frantsuz, ispan si’yaqli’ rawajlang`an tiller ha`m basqa da tillerdin` poziciyalari’na qa`wip salmaqta. Son`g`i’lari’ni’n` ha`reket yetiw shen`beri ha`tteki wolardi’n` milliy aymaqlari’nda da tarayi’p barmaqta. Milliy tiller angli-chansha kosmopolitikali’q slengler, sintaksislik kal`kalar menen pataslanbaqta, milliy tiller anglichan tili menen qospaq da`rejesine shekem degradaciyag`a ushi’ramaqta.

Global turmi’s ta`rizi. Turmi’s ta`rizin global unifikaciyalawg`a bolg`an turaqli’ tendenciya ko`zge taslanbaqta: jer shari’ni’n` ha`r qi’yli’ mu`yeshinde adamlar birdey tamaqlardi’ jep, birdey kiyimlerdi kiymekte, birdey muzi’kani’ ti’n`lap, birdey kinolardi’ ko`rmekte. Informaciyalardi’ da bir qi’yli’ g`alaba xabar qurallari’nan almaqta. Bunday global unifikaciya turmi’sti’n` barli’q salasi’nda milliy wo`zlikti, jergilikli wo`zgeshelikti joq yetedi.

Bir qarag`anda globallasi’w ko`rinisleri mine usi’lardan ibarat. Biraq wolar menen shekleniw jetkiliksiz. Globallasi’w mashqalalari’ boyi’nsha pu`tkil jer ju`zilik sociologiyali’q, siyasiy, ekonomikali’q a`debiyatlardi’n` tiykarg`i’ kemshiligi wolardi’n` globallasi’wdi’n` usi’ ko`rinislerin tek su`wretlep beriwinde, biraq globallasi’w processinin` ma`nis-mazmuni’n teren` analizlep, woni’n` unamli’ ha`m unamsi’z socialli’q gumanitar aqi’betlerin ko`rsetip bere almawi’nda boli’p tabi’ladi’.

Pikirimizshe, bir qansha muqi’yatlap ha`m teren` analizlegenimizde globallasi’w wog`ada qarama-qarsi’li’qli’ ha`m quramali’ process si’pati’nda ko`zge taslanadi’ ha`m wonda yeki tendenciya wo`z-ara qarsi’ turadi’ ha`m gu`re-sedi. Wolar – du`n`yani’ total globallasti’ri’w tendenciyasi’ ha`m globallasi’wg`a qarsi’ turi’w, dezintegraciyag`a umti’li’wg`a bolg`an kontrtendenciya.

Bir ta`repten, globallasi’w – bul insaniyatti’n` birlesiwi ha`m integraciyalasi’w processi boli’p, wog`an adamzatti’n` jasaw sapasi’ ha`m turmi’s da`rejesinin` wo`siwi, yellerdin` ekonomikali’q ha`m siyasiy rawajlani’wi’, ha`r qi’yli’ yeller ha`m xali’qlar wortasi’nda texnologiyalar, ilimiy ha`m ma`deniy jan`ali’qlar menen almasi’wdi’n` belsendilesiwi saparlas boladi’.

Yekinshi ta`repten, globallasi’w – bul bay Bati’s penen jarli’ bati’s yemes du`n`ya wortasi’ndag`i’ jardi’n` misli ko`rilmegen masshtabda teren`lesiwi, Bati’sti’n` basqa barli’q du`ntya u`stinen qatan diktati’, planeta xali’qlari’ni’n` milliy-ma`deniy wo`zliginin`, wolardi’n` ruwxi’y uqsasli’qlari’ni’n` unifikaciya-lani’wi’, milliy-suveren ma`mleketshiliktin` joq qi’li’ni’wi’, adam shaxsi’ni’n` standartlasti’ri’li’wi’ ha`m ruwxi’y bosap qali’wi’. Bulardi’n` barli’g`i’ global-lasi’w procesine qarsi’ turi’w procesin keltirip shi’g`aradi’, dezintegraciyali’q

tendenciyani’ tuwdi’radi’ ha`m wol keyingi waqi’tlari’ ku`sh ali’p, haqi’yqi’y global xarakterge iye bolmaqta.

Globallasi’w procesi axborotlasi’w menen ti’g’i’z baylani’sli’. Bu’gingi ku’nde axborot insaniyat turmi’si’ni’n’ barli’q tarawlari’nda basli’ wori’n iyelep barmaqta. «Axborot (arab. axbor – xabarlar, mag’li’wmatlar) – belgili bir waqi’ya-qubi’li’slar haqqi’ndag’i’ xabar yaki mag’li’wmat, wolardi’ tu’sindiriw ha’m qabi’l yetiwde a’yyemgi zamanlardan beri qollani’p kelinip ati’rg’an, kibernetika ha’m informatikani’n’ rawajlani’wi’ sebepli keyingi waqi’tta jan’a , ken’ ma’niske iye boli’p ati’rg’an tu’sinik»[14]. Axborotlasi’w bolsa ja’miyettin’ manawiy turmi’si’nda ju’z berip ati’rg’an socialli’q-texnikali’q qubi’li’s boli’p, zamanago’y informaciyali’q-texnologiyali’q qurallar ja’rdeminde socialli’q struktura ha’m processlerdi rawajlandi’ri’w, jetilistiriw ha’m keskin ku’sheytiwdi an’latadi’. Axborotlasti’ri’wdi’ jan’a ja’miyet – axborotlasqan ja’miyetti quri’w joli’ndag’i’ intellektual-gumanistlik process si’pati’nda tu’singen halda, demokratiyani’n’ rawajlani’wi’na ha’m uli’wma siyasiy turmi’sqa informatikani’n’ ta’siri haqqi’nda so’z yetiwimiz mu’mkin.

Axborotlasi’w procesi qarama-qarsi’li’qli’ wo’zgeshelikke iye bolg’ani’ ushi’n woni’ bahalawda ha’r qi’yli’ jantasi’wlar wori’n alg’an. Ko’pshilik jag’daylarda woni’n’ unamli’ socialli’q aqi’betleri haqqi’nda so’z ju’rgiziledi. Ja’miyetti siyasiy ha’m ha’tteki fizikali’q salamatlasti’ri’w jollari’n ko’pshilik axborotlasti’ri’wda ko’redi. Biraq bunday ko’z-qaraslarg’a «komp’yuter pessimizmi» tu’sinigi qarsi’ turadi’. Wol axborotlasi’wdi’ adamlarg’a texnikali’q turmi’s ta’rizin sin’diriw, insanpa’rwarli’q principlerine qarsi’ bari’wda ayi’playdi’.

Solay yetip, bu’gingi du’n’yada axborotlasi’w processleri siyasiy diskussiyalar ob’ektine de aylanbaqta. Axborotlasi’w socialli’q-texnikali’q process si’pati’nda ja’miyettin siyasiy turmi’si’, yen’ da’slep, woni’ demokratiyalasti’ri’w menen ti’g’i’z baylani’sli’. Axborotti’n’ ko’lemi, pa’tleri ha’m bag’darlari’

[14] Ma’naviyat. Asosiy tushunchalar izohli lug’ati. – T.: G’.G’ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2009, 46-bet.

ja’miyette ju’z berip ati’rg’an socialli’q-siyasiy ha’m ma’deniy processlerge,atap aytqanda, ilim, bilimlendiriw, uli’wmali’q ma’deniyatti’n’ globallasi’w da’rejesi de u’zliksiz baylani’sli’.

Axborot ali’w kepillikleri ha’m yerkinligi ha’r bir shaxsti’n’ wo’zi qa’legen axborotti’ izlew, ali’w ha’m tarqati’wg’a haqi’li’ yekenligin bildiredi. G’a’rezsizlik ji’llari’nda ma’mleketimizde bul tarawda bekkem huqi’qi’y fundament jarati’ldi’. O’zbekistan Respublikasi’ Konstituciyasi’ni’n’ 30-stat’yasi’nda barli’q ma’mleket organlari’, ja’miyetlik birlespeler ha’m lawazi’mli’ shaxslar puqaralarg’a wolardi’n’ huqi’q ha’m ma’plerine qati’nasli’ bolg’an hu’jjet, qarar ha’m basqa da ha’r qi’yli’ axborotlar menen tani’si’p shi’g’i’w imkaniyati’n jarati’p beriwi lazi’mli’g’i’ belgilep qoyi’lg’an. 1997-ji’li’ 24-aprel’de qabi’l yetilgen «Axborot ali’w kepillikleri ha’m yerkinlikleri haqqi’ndag’i’» ni’zamg’a ko’re, ma’mleketimizdegi ha’r bir puqara wo’z ma’plerine qati’nasli’ axborotlardi’ ali’w imkaniyati’na iye.

Ha’zirgi globallasi’w procesinde axborot ideyali’q ta’sir wo’tkiziw qurali’na aylani’p barmaqta. Ayi’ri’m ideologiya poligonlari’ wo’zlerinin’ g’a’rezli maqsetlerine yerisiwde informaciyali’q topi’li’slardan paydalanbaqta.

## 1.2. Globallasi’w ha’m axborotlasi’wdi’n’ milliy ruwxi’yli’q ha’m ma’deniyatqa ta’siri

Du’n’yada insan bolmi’si’ni’n’ tu’pkilikli radikal wo’zgeriwinin’ ob’ektiv processleri uli’wmaplanetarli’q masshtabta qari’m-qatnasi’qti’n’ ha’r qi’yli’ da’rejeleri usi’llari’ ha’m tiplerinde ju’z bergen teren’ ji’lji’wlar menen sha’rtlengen. XX a’sir aqi’ri’ndag’i’ informaciyali’q revolyuciya wo’z-ara g’a’rezli ha’m wo’z-ara kelisimli du’n’ya ideyasi’n realli’qqa aylandi’rmaqta. Komp’yuterlestiriw, Internet, sputnikli kommunikaciyalar du’n’yani’n’ barli’q yelleri ha’m regionlari’ndag’i’ ekonomikani’, ilimdi, ma’deniyatti’ bir pu’tinlikke baylani’sti’ri’p qoydi’. Kommunikativ ti’ni’qli’q sha’rayati’ ju’zege kelip, axborot ag’i’mlari’ hesh qanday shegaralar ha’m demarkaciyali’q si’zi’qlardi’ ta’n almastan, yerkin ha’reket yetpekte. Jer ju’zilik wo’rmekshi tori’, Internet, jan’a virtual realli’qti’, wo’z ni’zamlari’ ha’m normalari’na iye jan’a imperiyani’ payda yetpekte. Ha’m hesh kim bul ob’ektiv processke qarsi’ tura almaydi’.

Globallasi’w ha’zirgi da’wirdin’ dominant civilizaciyali’q procesi boli’p tabi’ladi’. Globallasi’w wo’z negizine ko’re, birinshi na’wbette, Bati’sti’n’ «basqa» barli’q «bati’sli’q bolmag’an», «ma’deniyatli’ bolmag’an», «insani’y bolmag’an» na’rselerdi boysi’ndi’ri’wi’ ha’m qul yetiwi. Globallasi’w – bul bati’s bolmi’si’ normalari’n, qa’diriyatlari’n ha’m institutlari’n barli’q insaniyatti’n’ «da’wir talabi’» si’pati’nda qabi’l yetiwi. Bul strategiyada barli’q «bati’sli’q bolmag’an» na’rseler yaki joq boli’p ketiwi kerek, yaki wornati’lg’an qa’diriyatlar sistemasi’nda yen’ pa’s tekshelerdi iyelewi kerek.

Globallasi’w pu’tkil jer ju’zilik masshtabda adamni’n’ passivligin keltirip shi’g’ari’wdi’n’ shegine jetken formasi’ da boli’p tabi’ladi’. Woni’n’ unamsi’z ma’nis-mazmuni’ sonnan ibarat, wol insanni’n’ wo’z wo’mirinin’ juwapkershilikli do’retiwshisi boli’wi’ kibi ma’nis-mazmuni’nan aji’ratadi’. Globallasi’w sintezlep beretug’i’n zamanago’y rawajlani’w gorizontlari’ bolsa ku’ta’ a’piwayi’, sadda. Adam qanshelli ali’s ketken sayi’n sonshelli unifikaciyag’a ushi’rap, shaxsiy wo’zine ta’nligin jog’alti’p barmaqta. globallasi’w mine usi’ unamsi’z processlerge de juwapker boli’p tabi’ladi’.

2000-ji’li’ sentyabr’ ayi’nda ma’mleketler ha’m hu’kimetler basshi’lari’ BMSH Mi’n’ji’lli’q Deklaraciyasi’n qabi’lladi’. Usi’ Deklaraciyada BMSH «globallasi’wdi’n’ du’n’yani’n’ barli’q xali’qlari’ ushi’n unamli’ faktor boli’wi’n ta’miyinlewdi»[15] wo’zinin’ basli’ wazi’ypasi’ dep ko’rsetti. Bul bu’gingi ku’nde globallasi’w na’metlerinen ten’ paydalani’lmay ati’rg’anli’g’i’ ha’m woni’n’ unamsi’z aqi’betlerinin’ de ten’dey bo’listirilmey ati’rg’anli’g’i’ menen baylani’sli’ boli’p tabi’ladi’. Global ba’sekege shi’damli’li’q qa’biletine iye bati’s postindustrial ma’mleketleri g’an payda ko’rmekte.

Globallasi’w ha’m axborotlasi’wdi’n’ ekonomika, siyasat, socialli’q turmi’s, ma’mleketlerara qatnasi’qlarg’a ha’m milletttin’ ma’nawiyati’ menen ma’deniyati’na wo’tkizip ati’rg’an ta’siri barg’an sayi’n qorqi’ni’shli’ tus almaqta. Intellektual potenciali’ ha’m ekonomikali’q imkaniyatlari’ joqari’ rawajlang’an ma’mleketler a’ne usi’ «okeanni’n’» jarati’wshi’lari’ ha’m iyeleri yesaplanadi’. Wolar kem rawajlang’an ma’mleketler xali’qlari’n an’sat g’ana usi’ «okeang’a» tarti’wg’a yerispekte. Bul okeanda milletlerdin’ wolardi’n’ u’rp-a’detleri, da’stu’rleri ha’m qa’diriyatlari’ «bati’p» ketiw qa’wipi ku’sheyip ati’rg’ani’n bu’gingi ku’nnin’ wo’zinde-aq seziw mu’mkin.

Globallasi’wdan joqari’ rawajlanbag’an hesh bir millet yaki xali’q shetlep wo’te almaydi’. Wo’ytkeni bul process ushi’n ekonomikali’q faktor iske sali’ni’p, kim baquwat bolsa, sol wo’z ma’plerine bag’darlawdi’ a’melge asi’ri’p ati’r. Qa’wipli ta’repi sonda, bul ekonomikali’q faktor, zamanago’y G’XQ, televidenie, komp’yuter, Internet, uyali’ telefon ha’m basqa da qurallar adamlar, a’sirese jaslardi’n’ milliyligi, woylawi’ ha’m du’n’yag’a ko’z-qarasi’n wo’zgertip jibermekte. Rawajlang’an ma’mleketlerdin’ usi’ qurallar ja’rdeminde du’n’ya xali’qlari’ sanasi’, du’n’yag’a ko’z-qarasi’ ha’m turmi’s ta’rizin bir qalipke sali’w ha’m wog’an wo’zleri qa’liplestirip ati’rg’an «g’alaba ma’deniyatti’» sin’diriwdi basli’ strategiyali’q siyasatqa aylandi’ri’p ati’rg’ani’nda ayqi’n ko’rinedi.

A’yne payi’tta globallasi’wdi’n’ ha’wij ali’w procesi soni’ ko’rsetpekte, uli’wmainsani’y qa’diriyatlarg’a da zi’yan jetkizilip bari’lmaqta. Atap aytqanda,

---

[15] Декларация тысячелетия ООН // Экология – XX1 век. – 2002. №1-2. 24-b.

ti'ni'shli'q, turaqli'li'q, insanpa'rwarli'q, insandi' uli'g'law, jaqsi'li'q, milletpa'r-warli'q, milletti asi'raw, ten'lik, a'dalat, do'retiwshilik, demokratiya, du'n'ya xali'qlari' jaratqan civilizaciyani' asi'raw ha'm keyingi a'wladqa jetkiziw, insan haq-huqi'qlari', shaxs yerkinligi, yerkin pikirlilik, diniy bawri'ken'lik, milletlerara tati'wli'q, milletler u'rp-a'detleri, qa'diriyat, da'stu'rlerdi hu'rmet yetiw kibi uli'wmainsani'y qadiriyatlardi'n' pa'seyip barati'rg'ani'n ko'riw mu'mkin. Bu'gin jer shari'ndag'i' turaqsi'zli'q, biygu'na adamlardi'n' jawi'z niyetli kimselerdin' ma'pleri yesesine qurban boli'p ati'rg'anli'g'i', «iri» milletler ta'repinen kishi milletlerdin' assimilyaciyalani'wi', dinler ham milletler wortasi'nda konfliktlerdi keltirip shi'gari'w si'yaqli' jiyirkenishli is-ha'reketler ku'sheyip barati'rg'ani'ni'n' gu'wasi' boli'p turi'ppi'z. Wolardi'n' g'alabalasi'p bari'wi'na globallasi'w procesi wo'z ta'sirin wo'tkizbekte.Wo'ytkeni usi' globallasi'w procesinin' basi'nda turg'an ma'mleketler wo'zlerinin' materialli'q ha'm ma'nawiy ma'plerin a'melge asi'ri'w joli'nda tilde uli'wmainsani'y qa'diriyatlardi'n' qorg'awshi'lari' si'pati'nda wo'zlerin ko'rsetiwge ha'reket yetse de, a'melde wolardi' ayaq asti' yetiwge qarati'lg'an ha'reketlerdi ku'sheytpekte. Yag'ni'y bul qa'diriyatlardi' saplasti'ri'p, pu'tkil jer shari'nda  nin' hu'kimranli'g'i'n wornati'w joli'nda barmaqta. Woni'n' a'melge asi'ri'li'wi' pu'tkil insaniyatti' qa'wipke sali'p qoyi'wi' mu'mkin.

Globallasi'w ha'r bir ma'nawiyat ha'm ma'deniyatti'n' wolardi'n' ten' huqi'qli' dialogi' procesinde basqa barli'g'i' ta'repinen bayi'wi'ni'n' qurali' boli'wdi'n' worni'na derlik barli'q ma'nawiyat ham ma'deniyatti' wo'zliginen ayi'rmaqta, unifikaciyalamaqta.

Globallasi'w ha'r bir milliy ma'nawiyat ha'm ma'deniyatlardi'n' biyta'kirar-li'g'i'ni'n' wo'zegi bolg'an wo'zine ta'n du'n'yag'a ko'z-qarasli'q mazmuni' menen yesaplaspaydi'. Bul ma'deniyatlardi' usi' du'n'yag'a ko'z-qarasli'q wo'zeginen ayri'tug'i'n bolsaq, predmetlik bayli'qlari' saqlansa da, bul ma'nawiyat, ma'deniyatlar teren'ligin jog'altadi'. Biraq zamanago'y globalli'q processlerde is a'yne usi'nday tu's ali'p barmaqta. Xalayi'qqa anaw yaki mi'naw ma'deniyatti'n' si'rt ko'zge taslanatug'i'n fenomenleri usi'ni'ladi' – wolar

qi’zi’qli’, di’qqatqa i’layi’q si’pati’nda ta’n ali’nadi’, biraq wolardi’n’ wo’zlerin keltirip shi’g’arg’an du’n’yag’a ko’z-qarasta tami’rlaspag’anli’g’i’ sebepli, bul fenomenler yaki ekzotika si’pati’nda, yaki nonsens, yaki qi’zi’qli’ fol’klor si’pati’nda qabi’l yetiledi.

Bul processlerdegi yen’ qa’wipli hesh kim «Bul menin’ ma’deniyati’m» dep ayta almaytug’i’n ma’deniyatti’n’ payda boli’wi’. Usi’layi’nsha hesh kimdiki bolmag’an, sub’ekti joq, hesh kim woni’n’ ushi’n juwap bermeytug’i’n ma’deniyat ju’zege keledi. Sonli’qtan wol ha’r qanday boli’wi’ mu’mkin: ma’nawiyatsi’z, pa’s, zorawan, buzg’i’nshi’. Yeger bul ma’deniyat hesh kimdiki yemes yeken, wonda woni’ hesh kim de iyelewge, rawajlandi’ri’wg’a, jaqsi’lawg’a minnetli yemes. Ma’deniy stereotipler fragmentar, ha’zirgilik, sha’rtli. Ma’deniyat shashi’-li’p ketip, mashqalali’ situaciyalarg’a formallasti’ri’lg’an reakciyalar ji’yi’nti’gi’na aylanadi’. Usi’layi’nsha ma’deniyat wo’zinin’ ma’nisin belgilep beriwshi funkciyasi’n wori’nlawdan, yag’ni’y adamdi’ du’n’yag’a ali’p kiriwden, won’i’n’ wo’miri menen bolmi’si’na mazmun bag’i’shlawdan toqtap qaladi’.

Zamanago’y adam, a’sirese bati’s adami’ jan’a mashqalalardi’ qa’lemeydi – «no problem» – woni’n’ urani’, wol bul du’n’yadan sharshap, wo’zi ushi’n minez-quli’q ha’m turmi’sli’q stil’ stereotiplerin islep shi’qqan, wol jan’a na’rseler tuwrali’ qayg’i’ri’wdi’ qa’lemeydi, sonli’qtan milliy ma’deniyatlardi’n’ yen’ jaqsi’ u’lgilerine illyuzor du’n’yani’n’ artefaktlerine mu’na’sibet jasag’anday qaraydi’[16]. Milliy ma’deniyatlar bati’s ma’deniyati’ni’n’ talaplari’ menen yesaplasi’wi’ kerek, wo’ytkeni jer ju’zilik process si’pati’nda globallasi’w – bul bati’s qa’diriyatlari’ a’tirapi’nda globallasi’w boli’p tabi’ladi’. Globallasi’wdi’n’ ma’deniy wo’zegi – bati’s ma’deniyati’.

Globallasi’w Bati’s ma’deniyati’ ta’repinen basqa ma’deniyatlardi’n’ juti’li’p ketiwine ali’p keledi degen pikir ken’ tarqalmaqta. Haqi’yqati’nda da, «yesitiliw» ushi’n, kirip bari’w ha’m saqlap qali’ni’w ushi’n bul ma’deniyatlar Bati’s ma’deniyati’na uqsap bari’wi’ kerek. Uqsasli’q bolsa milliy wo’zine ta’nlikti

[16] Косиченко А.Г. Национальные культуры в процессе глобализации // WWW.orda.kz. Электронный информационно-аналитический бюллетень. №№ 8, 9.

jog’altadi’ ha’m Bati’sti’n’ qabi’l yetiw qa’biletlerine tuwra keletug’i’n ma’deniyatlar g’ana wol ta’repinen qabi’l yetiledi. Aqi’betinde milliy ma’deniyatlardi’n’ biyta’kirarli’g’i’nan, wo’zine ta’nliginen hesh na’rse qalmaydi’.

Biraq, yekinshi ta’repten, wo’zlikte taban tirep turi’p ali’nsa ha’m wo’zgeler ta’repinen «yesitiliw»ge umti’li’nbasa, wonda tek wo’z-wo’zine qi’zi’qli’, tek wo’z milliy qa’diriyatlari’ gorizontlari’nda g’ana a’hmiyetli boli’p, ma’deniy izolyaciya halati’nda qali’w mu’mkin. Bunday jag’dayda milliy ma’deniyat «qori’qxanasi’na» belsendi bati’s g’alaba ma’deniyati’ kirip kelgende, son’g’i’si’ wo’z hu’kimranli’g’i’na yerisiwi ushi’n ko’p waqi’tti’ talap yetpeydi.

Zamanago’y du’n’yani’n’ integraciyasi’ ha’m fragmentaciyasi’, globallasi’wi’ ha’m regionallasi’wi’ birin biri toli’qti’radi’, birin-biri wo’z-ara xoshametleydi, basqasha aytqanda bir processtin’ yeki ta’repi boli’p tabi’ladi’.

Dixotomli’ woylawdi’n’ turaqli’li’g’i’, woni’n’ oppoziciyali’li’g’i’ (integraciya – dezintegraciya, gomogenlik – geterogenlik, globalizaciya – lokalizaciya) ma’deniyat analizinde de saqlani’p, jergilik ha’m globalli’q, da’stu’riylik ha’m liberal demokratiyali’q qa’diriyatlar dialektikasi’ formasi’n qabi’llaydi’, wo’ytkeni sana Bati’s normalari’ ha’m qadiriyatlari’ menen birdey boli’p baradi’. Insaniyatti’n’ ma’deniy ra’n’-ba’ren’ligine qarsi’ Bati’sti’n’ g’alabali’q ma’deniyati’ jekpe-jekke shi’qpaqta ha’m wog’an juwap tek milliy ma’nawiy, ma’deniy qa’diriyatlardi’ izshil ha’m izbe-iz qollana woti’ri’p, ja’miyet aldi’nda turg’an mashqalalardi’ sheshe alami’z.

Globallasi’w sha’rayati’nda wo’z ma’mleketlerine kirip kelip ati’rg’an ilim, texnika, texnologiya ha’m kommunikaciya jetiskenliklerinen paydalani’p rawajlani’p ati’rg’anli’g’i’ ushi’n ko’pshilik milletler woni’n’ keyingi unamsi’z aqi’betleri haqqi’nda bekkem ko’z-qaraslarg’a iye bola almay ati’rg’anli’g’i’n atap ko’rsetedi belgili ali’m S.Otamuratov. Woni’n’ pikirinshe, «Wolar wo’zleri qa’lemegen ta’rizde «tayarg’a ayyarli’qti’», baqi’mandali’qti’ qa’liplestirip ati’rg’anli’gi’n an’lap jetpey ati’r. Tap a’ne usi’nday processlerdin’ rawajlani’p bari’wi’ na’tiyjesinde wo’zlerinin’ rawajlang’an ma’mleketlerge baylani’s barati’rg’ani’n, keleshekte bolsa milliy g’a’rezsizliginen aji’rali’p qali’wlari’

mu'mkin yekenligin tu'sinip jetiwleri ju'da' a'stenlik penen keshpekte. Ayi'ri'm halatlarda bul haqqi'nda woylaw da keleshekte ju'zege keliwi mu'mkin bolg'an unamsi'z aqi'betlerden ko're woni'n' waqti'nshali'q unamli' na'tiyjelerin u'stin qoyi'w, yerten' ne bolatug'i'ni'n waqi't ko'rsetedi degen ko'z-qaraslar u'stinlik qi'li'p ati'rg'ani'n ko'riw mu'mkin»[17].

Zamanago'y du'n'yada milliy ma'deniyattan global ma'deniyatqa (woni'n' tili boli'p anglichan tili xi'zmet yetpekte) wo'tiw a'melge aspaqta. Amerika dollari' pu'tkil du'n'yada qollani'lmaqta, bati'sti'n' g'alaba ma'deniyati' bizin' wo'mirimizge japi'ri'li'p kirmekte, liberal-demokratiyali'q ja'miyet modeli anaw yaki mi'naw da'rejede ko'plegen yellerde ju'zege aspaqta, jer ju'zilik informaciyali'q ken'islik (Internet ha'm basqa da yen' jan'a informaciyali'q ha'm kommunikaciyali'q texnologiyalar) jarati'lmaqta, bati's ma'deniyati'ni'n' globallasi'wi' ju'z bermekte, jan'a realli'q – virtual du'n'ya ha'm virtual adam payda bolmaqta. Solay yetip, ken'islik ha'm waqi't barg'an sayi'n jaqi'nlasi'p, ha'tteki qosi'li'p barmaqta. Bul sha'rayatlarda planeta xali'qlari'ni'n' tilin ha'm ma'deniy wo'zine ta'nligin, biyta'kirarli'g'i'n saqlap qali'w ku'ta' aktual bolmaqta.

Bunday jag'dayda milliy ma'deniyatlardi'n' ta'gdiri ne boladi', haqi'yqati'nda da wolar hu'kimran boli'p ati'rg'an ma'deniyat formalari'nda yerip joq boli'p ketedi me degen ta'shwishli soraw tuwi'lmaqta. Rossiya izertlewshisi E.U.Baydarovti'n' pikrinshe, «Hesh bir jag'dayda da milliy ma'deniyat qa'diriyatlari'nan bas tarti'wg'a bolmaydi'. Wolarg'a uli'wmaadamzatli'q kelbet beriw kerek, ha'm sonda milliy ma'deniyat shi'g'i'nsi'z qabi'l yetiledi»[18].

Milliy ma'deniyatlardi'n' du'n'ya ma'deniyati' ken'isligine kirip bari'wi'ni'n' quramali' wazi'ypalari'n sheshiw ushi'n unawg'a umti'li'w yemes, al wo'zine ta'nlikti saqlap qali'w yen' basli' na'rse bolmaqta. Hesh bir jag'dayda da wo'z ma'deniyati' shen'berinde tuyi'qlani'p qalmaw kerek, du'n'ya ma'deniyati' ken'isligine shi'g'i'w kerek. Biraq wo'zine ta'n wo'zgesheligi menen, wo'ytkeni a'yne usi' qa'diriyatli'q a'hmiyetke iye. Milliy ma'deniyatlardi'n' wo'zge

---

[17] Otamuratov S. Globallashuv va milliy xavfsizlik. – T.: O'zbekiston, 2013, 268-bet

[18] Qaran'i'z: Байдаров Е.У. Влияние глобализации на культуру и ценности человека. - http://credonew.ru/content/view/510/30/

xali'qlarg'a unawi' ushi'n «wo'zin sati'wi'»na jol qoyi'p bolmaydi', wolar wo'zgelerdin' wo'zin tu'sinbewi, qabi'l yetpewi, bahalamawi' da mu'mkinliginetayar turi'wi' kerek. Biraq globallasi'wdi'n' imkaniyatlari'nan paydalana woti'ri'p, milliy ma'deniyatlar wo'zlerin ken' tani'mal yetip, «ha'r bir u'yge kirip bari'wi' mu'mkin». Bir yellerde qabi'l yetilmegen milliy ma'deniyat, yekinshi bir yellerde wo'z i'qlasbentlerine iye boli'p, ken' qabi'llani'wi' mu'mkinligin yesten shi'g'armawi'mi'z kerek.

Qazaqstanli' filosof A.G.Kosichenkoni'n' atap wo'tkenindey, milliy ma'deniyat ken' tu'siniwge iye bola almasa, bul u'lken apatshi'li'q yemes. Wol birinshi gezekte milliy ma'deniyat, yag'ni'y konkret millettin' ma'deniyati'. Milliy ma'deniyat insandi' a'yne usi' ma'deniyatqa ta'n bolg'an qa'diriyatlar negizinde ta'rbiyalawi' kerek. Yeger wol haqi'yqi'y ma'deniyat bolsa, wonda bunday insan du'n'ya ushi'n itibarli', wo'ytkeni adamni'n' milliy wo'zine ta'nligi arqali' uli'wmaadamzatli'q ma'deniyat ko'rinis tabadi'[19]. Milliy ma'deniyat a'yne wo'zinin' specifikali'q qa'diriyatlari' menen qunli', wo'tkeni bul qa'diriyatlar bul du'n'yani' ha'm bul du'n'yadag'i' bolmi'sti'n' mazmuni'n ko'riwdin' tag'i' bir usi'li' boli'p tabi'ladi'.

Globallasi'w procesinin' milliy ma'nawiyat ha'm ma'deniyatqa wo'tkeretug'i'n unamsi'z ta'sirinin' tag'i' bir aspekti sonda, bu'gingi ku'nde rawajlang'an ma'mleketlerdin' texnika, texnologiya ha'm ilimdegi jetiskenlikleri menen bir qatarda wolardi'n' turmi's ta'rizi, da'stu'r ha'm qa'diriyatlari'ni'n' kirip keliwi de ju'z bermekte. Joqari' texnika, texnologiya ha'm ilim jetiskenliklerine «yelitip ati'rg'an» milletler ha'm xali'qlar wolardi' jarati'p ati'rg'an ma'mleketler ha'm usi' ma'mleketlerde jasap ati'rg'an xali'qlardi' jaqi'ni'raq biliwge, qanday jetiskenlik bolsa, wolardi' tap sondayli'g'i'nsha qabi'llawg'a umti'li'slari' ku'sheyip barati'rg'anli'g'i'ni'n' ta'siri asti'nda ken' ma'nistegi milliy ma'nawiyat ha'm ma'deniyatlardi'n' «i'laylasi'wi'» procesi ju'zege kelmekte. Bul processtin' ha'wij ali'wi' na'tiyjesinde bu'gingi ku'nde milliy qa'diriyatlardi'n' yen'

---

[19] Косиченко А.Г. Национальные культуры в процессе глобализации // WWW.orda.kz. Электронный информационно-аналитический бюллетень. №№ 8, 9.

progressiv aspektleri yesabi'nan qa'liplesetug'i'n uli'wmainsani'y qa'diriyatlar-di'n' pa'seyiwi de ju'zege kelmekte. Bul processte barli'q imkaniyatlarg'a iye bolg'an ma'mleketler wolardan na'tiyjeli paydalang'an halda wo'zlerinin' a'debi, turmi's ta'rizi, da'stu'r ha'm qa'diriyatlari'n g'alabalasti'rmaqta. Wolardi' barli'q xali'qlar ha'm milletler qabi'l yetpewi mu'mkin dep te ayta almaymi'z. Wo'ytkeni bul processten hesh kimnin' shette qali'p ketiwdin' imkaniyati' joq.

Bu'gingi ku'nde globallasi'w ha'm axborotlasi'w faktorlari'nan na'tiyjeli paydalani'p ati'rg'an ma'mleketler ha'm xali'qlardi'n' wo'tkizip ati'rg'an ta'sirlerine yendi rawajlani'w joli'na kirip kiyati'rg'an ma'mleketler ha'm xali'qlardi'n' milliy ma'nawiyati' ha'm ma'deniyati'na wo'zlerinde a'mel qi'li'p ati'rg'an ma'nawiy jarli'li'q, menmenlik, insanlarara jatlasi'w, bir ji'ni'sli' neke-nin' ni'zamlasti'ri'li'wi', ata-ana, perzent, ag'ayin-tuwi'sqanshi'li'q baylani'slari'-ni'n ha'lsirewi ha'm basqa da bir qatar uli'wmainsani'y qa'diriyatlarg'a qayshi' bolg'an «zamanago'y» bati'sli'q «qa'diriyatlardi'n'» ali'p qirilip ati'rg'anli'g'i'n atap ko'rsetiw mu'mkin. Wolar globallasi'w ha'm axborotlasi'w faktori' arqali' milliy ma'nawiyati'mi'zg'a, ma'deniyati'mi'zg'a kirip kiyati'rg'an ma'nawiy qa'wiplerdin' ko'rinisleri boli'p tabi'ladi'. Wolar a'ne sol milliy rawajlani'w ushi'n ku'ta' qa'wipli bolg'an faktorlardi' rawajlandi'ri'p, keleshekte uli'wmain-sani'y qa'diriyatlar da'rejesine ko'teriw joli'nan barmaqta.

Ma'nawiy jarli'li'qqa duwshar bolg'an insan, millet ha'm ja'miyette ar-nami's, uyat, pa'klik, abi'roy, maqtani'sh, diyanat, iyman, hu'jdan, itiqat, bawri'-ken'lik kibi insani'y, milliy-ma'nawiy pazi'yletlerden ayri'ladi'. Ja'miyette bunday qubi'li'slardi'n' ju'z beriw sebeplerin analizley oti'ri'p, ilimpaz S.Otamuratov bi'lay dep ko'rsetedi: «Ma'nawiyattag'i' bunday halatlardi'n' ju'zege kelip ati'rg'ani'nda kimnin' yaki nenin', atap aytqanda, insaniyat yerisken intellektual potencial ta'sirinde ekonomikali'q ha'm socialli'q turmi's tarawi'nda yerisilip ati'rg'an tabi'slardi'n' ba yamasa ja'ne kritikalaw da'stu'rine aylani'p kiyati'rg'an Bati'sti'n' «u'lesi» u'stinlik qi'li'p ati'r ma, degen sorawdi' qoyi'p, wog'an juwap izlew waqti' jetip keldi dew mu'mkin. Bunday sorawg'a ani'q juwap beriw birqansha quramali' boli'p qalmaqta. Pikirimizshe, insan, millet ha'm ja'miyettin'

a’ne usi’nday ma’nawiy libastan aji’rali’p qali’wi’nda ha’r yeki faktordi’n’ u’lesi bar. Wo’ytkeni, bir ta’repeten qarag’anda, bu’gin jer shari’nda Bati’s ma’mleketleri joqari’ intellektual potencialg’a yeristi ha’m progresske yerisiwdin’ modeli ha’m ta’jiriybelerine iye boli’p, du’n’yani’n’ basqa ma’mleketlerinen ilgerilep ketti ha’m wo’z ekonomikali’q, socialli’q-siyasiy, ma’nawiy-ag’arti’wshi’li’q ta’sirlerin wo’tkiziwge yerispekte. Ta’biyiy ra’wishte, a’ne usi’ tasirler menen birge wolardi’n’ ma’nawiyati’nda qaliplesip, qa’diriyat da’rejesine koterilgen «zamanago’ylik», wo’zine ta’nlik te milliy ma’nawiyati’mi’zg’a kirip kelmekte. bul realli’qti’ ta’n ali’wg’a ma’jbu’rmiz. Yekinshi aspektten, milliy ma’nawiyati’mi’z a’ne usi’ Bati’sti’n’ ma’nawiyati’nan mi’n’ yese u’stin bola turi’p, nege wolardi’ qabi’l yetip ati’r, degen sorawdi’ da qoyi’w mu’mkin g’o»[20].

Biz de bul sorawg’a juwap izler yekenbiz, ilimpazdi’n’ «Na’zerimizde, bul jerdegi tiykarg’i’ mashqala milliy ma’nawiy libasi’mi’zdi’ tiklew ha’m woni’ ja’miyetimizdin’ u’lken menshigine aylandi’ri’w bari’si’nda buri’ng’i’ sovet da’wirinde qa’liplesken du’n’yaqarasi’mi’z, milliyligimizde mo’rlenip qalga’n itaatkarli’q psixologiyasi’, wo’tiw da’wirinde ekonomikali’q tarawda ju’zege kelgen qi’yi’nshi’li’qlar tuwdi’ri’p ati’rg’an mashqalalarg’a betpe-bet kelgen insanlar menen g’a’rezsizligimiz sebepli payda bolg’an sha’rt-sha’rayatlardan na’tiyjeli paydalani’p, u’lken g’arejetke iye boli’p ati’rg’an adamlar wortasi’ndag’i’ qashi’qli’qti’n’ barg’an sayi’n uzaqlasi’p bari’wi’nda boli’p tabi’ladi’. Wo’ytkeni xali’qti’n’ basi’m ko’pshiligi milliy ma’nawiyati’mi’zdi’n’ wo’zine ta’nligin, woni’n’ tarti’mli’li’g’i’n ha’m go’zzalli’g’i’n qanshelli saqlap qali’wg’a ha’reket yetpesin, u’lken g’a’rejetke iye bolg’an milletleslerimizdin’ ju’rer-turari’n bilmesten, Bati’sqa ta’n bolg’an u’rp-a’det, da’stur ha’m qadiriyatlardi’ wo’zlerinshe «jan’ali’q», «zamanago’ylik» si’pati’nda qabi’l yetiwleri ha’mde wolardi’ u’lken g’a’rejetler sapi’rlap g’alabalasti’ri’p ati’rg’anli’g’i’, a’lbette, milliy ma’nawiyatta da wo’z sa’wleleniwin tabi’wi’ so’zsiz»[21] degen pikirlerin mashqalani’n’ sebeplerin belgili da’rejede ashi’p bere alg’an dep yesaplaymi’z.

---

[20] Otamuratov S. Globallashuv va milliy-ma’naviy xavfsizlik. –T.: O’zbekiston, 2013, 270-b.
[21] Sonda, 270-271 betler

## I bap boyi’nsha juwmaq

Globallasi’wdi’n` ma`nis-mazmuni’ni’n` yen` qi’sqa ani’qlamasi’ woni’n` adamzatti’n` bir pu`tin birlikke intergaciyalasi’wi’ni’n` ob`ektiv, ta`biyiy processi yekenliginde. Globallasi’w tu`sinigi du`n`yani’n` zamanago`y integraciyalasi’w basqi’shi’n atap ko`rsetedi, bul du`n`ya barg`an sayi’n wo`z-ara baylani’sli’, g`a`rezli ha`m barg`an sayi’n universal boli’p barmaqta. XXI a`sirde insaniyat wo`z rawajlani’wi’ni’n` jan`a basqi’shi’ – global du`n`ya da`wirine qa`dem qoydi’.

Globallasi’w yen` da`slep du`n`yani’n bir bo`leginde ju`z berip ati’rg`an socialli’q processlerdin` barg`an sayi’n ko`birek da`rejede du`n`yani’n` basqa bo`leklerindegi ju`z berip ati’rg`an processlerdir ani’qlawi’nda ko`rinedi. Ken`isliktin` tarayi’wi’, qi’si’li’wi’, waqi’tti’n` pressleniwi, geografiyali’q ha`m ma`mleketlerarali’q shegaralardi’n` barg`an sayi’n ti’ni’qlasi’wi’ ha`m an`sat iyeleniwi ju`z beredi. Adamlar, kapitallar, tovarlar, xi’zmetler ha`m informaciyalar ag`i’mi’ planeta boylap wo`siwshi intensivlikte aylanadi’. Jer ku`ta` «kishkene», bunnan shi’qti’ na`zik boli’p baradi’. Tariyxi’y wo`zgerisler tezligi ha`m dinamikasi’ tan` qalarli’q da`rejede wo`sedi. Jeke ali’ng`an adam wo`zinin` qi’sqa wo`miri dawami’nda ilgeri bir neshe a`sirlerge sozi’latug`i’n tariyxi’y wo`zgerislerdin` gu`wasi’ ha`m qatnasi’wshi’si’ bola aladi’.

Globallasi’w ha’m axborotlasi’w procesinde milliy ma’nawiyat ha’m ma’deniyat du’n’ya ken’isligine shi’g’i’w bari’si’nda wo’zine ta’n wo’zgesheliklerden ayi’ri’li’p, unifikaciya qubi’li’si’na ushi’rawi’ so’zsiz. A’lbette, unifikaciya belgili da’rejede wo’zge xali’qlar, ma’deniyatlardi’n’ belgili bir milliy ma’nawiyat ha’m ma’deniyatti’ jaqsi’raq qabi’llawi’na imkaniyat jaratadi’, biraq bul milliylikten ayi’radi’.

## II-bap. Globallasi’w sha’rayati’nda ruwxi’yli’qqa qa’wipler

### 2.1. Ma’nawiy qa’wiplerdin’ ma’nis-mazmuni’, ko’rinis formalari’

Belgili bir millet, ja`miyet, ma`mlekettin` ti’ni’shli’g`i’ ha`m turaqli’li’g`i’na qarsi’ qarati’lg`an, siyasiy ha`m konstituciyali’q du`zimdi ha`lsizlendiriw ha`m buzi’wg`a bag`darlang`an, shaxs ha`m ja`miyet qa`wipsizligi, ruwxi’y, psixologiyali’q du`n`yasi’na qa`wip sali’wshi’ ideyali’q-teoriyali’q ko`z-qaraslar ha`m sog`an tiykarlang`an a`meliyat ji’yi’nti’g`i’n an`lati’wshi’ tu`sinik ruwxi’y qa`wipler dep ataladi’. Woni’n` ma`nis-mazmuni’, zi’yanli’ aqi’betleri ha`m ruwxi’y qa`wipke qarsi’ gu`resiw za`ru`rligi Prezident Islam Karimovti’n` «Joqari’ ma`nawiyat – jen`ilmes ku`sh» shi’g`armasi’nda ha`r ta`repleme ha`m isenimli da`liller tiykari’nda ko`rsetip berilgen. Usi’ shi’g`armada atap ko`rsetilgenindey, tili, dini, iseniminen g`a`rezsiz, ha`r bir adamni’n` haqi’yqi’y ma`niste yerkin boli’p jasawi’na qarsi’ qarati’lg`an, woni’n` a`yne ruwxi’y du`n`yasi’n izden shi’g`ari’w maqsetin ko`zde tutqan ideologiyali’q, ideyali’q ha`m informaciyali’q topi’li’slar ruwxi’y qa`wipler yesaplanadi’.

Ma’nawiy qa`wipler buzg`i’nshi’ ku`shlerdin` wo`z materialli’q, siyasiy ma`plerin go`zlegen halda ha`r qi’yli’ woraylar ta`repinen qanday da bir ma`mleketke qarata ishinen yaki si’rti’nan turi’p tikkeley a`melge asi’ri’latug`i’n ruwxi’y buzg`i’nshi’li’qti’n` belgili bir formasi’ boli’p tabi’ladi’. Wolar wo`z maqsetlerine yerisiw ushi’n ha`r qanday usi’llardan, adamlardi’n` ruwxi’y-psixologiyali’q keshirmeleri, milliy tuyg`i’lari’. ha`r qanday ja`miyette wori’n alg`an socialli’q-ekonomikali’q, ruwxi’y mashqalalardan, sonday-aq zamanago`y texnologiyalar, telekommunikaciya, G`XQ, Internetten sheberlik, jalatayli’q, naqali’sli’q penen  paydalani’wg`a ha`reket qi’ladi’.

Ha`zirgi da`wirde ma’nawiy qa`wipler degende xali’qti’n` ayi’ri’m qatlamlari’, a`sirese jaslar sanasi’ ha`m qa`lbine ta`sir yetip, wolardi’n` ko`z-qaraslari’n wo`zlerine maqul bag`darda wo`zgertiw, diniy ekstremizm, buzg`i’nshi’li’q, a`depsizlik ideyalari’n u`git-na`siyatlaw si’yaqli’ g`a`rezli maqsetlerdi an`latadi’. Ruwxi’yli’qqa qarsi’ qarati’lg`an ha`r qanday topi’li’s, qa`wip wo`z-wo`zinen ma`mleket qa`wipsizligi, woni’n` milliy ma`plerine,

fizikali’q ha`m ruwxi’y salamat a`wlad keleshegin ta`miynlew joli’ndag`i’ salmaqli’ qa`terlerden birine aylani’wi’ ha`m aqi’r-aqi’betinde ja`miyetti kriziske ali’p keliwi mu`mkin.

Ma’nawiy topi’li’wshi’lar ko`binese ha`r qi’yli’ ni’qaplar, tarti’mli’ uranlar arti’nda is tutadi’. Bunday ku`shler i’qti’yari’nda ku`ta` u`lken materialli’q, finansli’q resurslar ha`m imkaniyatlar wori’n alg`an boli’p, wolar puxta woylang`an ha`mde dawamli’ maqsetlerge xi’zmet yetedi. Ha`zirgi da`wirde du`n`yani’n` ayri’mi’ aymaqlari’nda mine usi’nday ha`reketler na`tiyjesinde u`lken ruwxi’y jog`alti’wlar ju`z bermekte, milletlerdin` ruwxi’y qa`driyatlari’, milliy woylawi’ ha`m turmi’s ta`rizi izden shi’qpaqta, a`dep-ikramli’li’q, shan`araq ha`m ja`miyet turmi’si’, sanali’ jasaw ta`rizi salmaqli’ qa`wip asti’nda qalmaqta. yen` jamani’, bunday ruwxi’y qa`wiplerdin` aqi’rg`i’ maqseti adamdi’ wo`zi tuwi’li’p wo`sken jurti’ ha`m xalqi’nan tani’wg`a, watanpa`rwarli’q seziminen mahrum yetiwge ha`m barli’q na`rsege biypa`rwa bolg`an shaxsqa aylandi’ri’wg`a qarati’lg`an. Wo`zimshillik, menmenlik ha`m biypa`rwali’q, jerleslik, korrupciya ha`m ma`pparazli’q, basqalardi’ mensinbew, ku`nshillik, satqi’nli’q si’yaqli’ illetler de ruwxi’y qa`wipler qatari’na kiredi.

Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ yeskertkenindey, ha`zirgi da`wirde ha`r qi’yli’ yeski ha`m jan`a ideyalar gu`resi ha`r qashang`i’dan da keskin tu`s almaqta. Ra`n`-ba`ren`, geyde bir-birine pu`tkilley qarsi’ du`n`yaqaraslar siyasiy, milliy, diniy agi’mlar, mazhab ha`m sektalar wortasi’ndag`i’ tarti’si’wlar pikir talasi’wlar shen`berinen shi’g`i’p, qanli’ toqnasi’wlar, g`alabali’q qi’rg`i’nlarg`a sebep bolmaqta, adamlardi’n` basi’na yesapsi’z qayg`i’-ku`lpetler salmaqta. Bul tarti’si’wlardan go`zlengen tiykarg`i’ maqset - insan, yen` da`slep jaslar qa`lbin iyelew, belgili bir ma`mleket yaki regiondag`i’ qanday da bir ma`mleket yaki xali’qti’n` sanasi’na, woni’n` sezim-tuyg`i’lari’na ta`sir wo`tkiziw, woni’ wo`z du`n`yaqarasi’na boysi’ndi’ri’w, ruwxi’y jaqtan ha`lsiz ha`m g`a`rezli yetiwden ibarat. U`sh mi’n` ji’ldan zi’yat wo`zbek ma`mleketshiliginin` tariyxi’ sonnan da`lillik beredi, ha`r qanday zorawan basqi’nshi’lar ha`m jurti’mi’zdi’ hu`kimranli’q qi’lmaqshi’ bolg`an ku`shler jawi’z niyetlerine yerisisw ushi’n, yen`

da`slep, milliy ma`plerimizge topi’li’s jasap, ma`deniyat ha`m da`stu`rlerimizdi joq yetiw, usi’ jol menen bizdi ruwxi’y jaqtan ha`lsizlendiriwge, ku`sh-qu`diretimizdi joq yetiwge ha`reket qi’li’p kelgen. Bu`gingi turmi’s aldi’mi’zg`a qoyi’p ati’rg`an haqi’yqat sonnan ibarat, yeger kimde-kim bizin` g`a`rezsiz rawajlani’w joli’mi’zdi’, arzi’w-maqsetlerge yerisiw joli’n, jan`a huqi’qi’y demokratiyali’q ma`mleket ha`m puxarali’q ja`miyet quri’w joli’n tospaqshi’ bolsa, yele bug`anasi’ qatpag`an, g`a`rezsiz du`n`yaqarasi’ qa`liplesip u`lgermegen jaslardi’n` sanasi’ ha`m qa`lbinin` mortli’g`i’nan paydalani’p, wolardi’n` ruwxi’yli’g`i’n buzi’p, xalqi’mi’zdi’n` a`zeliy ta`biyati’ ha`m muqaddes a`detlerine pu`tkilley qayshi’ bolg`an buzg`i’nshi’ ideyalar tarti’mi’ menen shalg`i’ti’p, wo`zlerinin` g`a`rezli ha`m jiyirkenishli niyetlerin a`melge asi’ri’w joli’nda qural qi’li’p ali’p uri’nadi’.

Bu`gingi du`n`yada globallasi’w procesi ha`dden ti’s ku`sheygen ha`zirgi da`wirde joqari’da atalg`an woraylar ha`m ku`shlar wo`zlerinin` g`a`rezli maqsetlerin a`melge asi’ri’w ushi’n ha`r qanday usi’llardi’ iske salmaqta. Wolar bul boyi’nsha u`lken ku`sh ha`m g`a`rejet sari’plap, adamlardi’n` milliy, diniy sezimlerinen, bizin` materialli’q turmi’si’mi’zda wori’n alg`an wo`tkinshi ekonomikali’q-socialli’q qi’yi’nshi’li’qlardan paydalani’wg`a uri’nbaqta. Bu`gin barg`an sayi’n jetilisip, turmi’sqa kirip bari’p ati’rg`an telekommunikaciya ha`m internet si’yaqli’ zamanago`y qurallardan da wo`zlerinin` jiyirkenishli niyetleri joli’nda ma`kkarli’q penen paydalani’wg`a ha`reket yetpekte. Sol sebepli de ta`rbiyali’q-moralli’q ma`seleler, ruwxi’y turmi’sta, kerek bolsa, milliy ma`plerimizge say keletug`i’n siyasatti’ izshil ali’p bari’wda wo`z joli’mi’zdi’ jog`altpawi’mi’z da`rkar. Wo`ytkeni bu`gingi ku`nde du`n`yada boli’p ati’rg`an gu`resler arasi’nda yen` u`lken, yen` ta`sirshen` gu`res, birinshi gezekte, ruwxi’yli’q, ideologiya maydanlari’nda ju`z bermekte.

Ma’nawiy qa`wiplerge ha`m qa`terlerge qarsi’ wo`z waqti’nda qatan`li’q ha`m izshillik penen gu`res ali’p bari’lmasa, ha`r qi’yli’ ag`i’mlar O’zbekistang`a da pa`t penen japi’ri’li’p kiriwi, jaslardi’ wo`z girdabi’na tarti’p ketiwi, aqi’betinde wolar ata-ana, yel-jurt aldi’ndag`i’ pari’z ha`m juwapkershiliklerin woylamay-

tug`i'n, tek bir ku`nlik wo`mir menen jasaytugi'n egoist-menmenlerge aylani'p qali'wi' mu`mkin.

Bizge ruwxi'y-ideologiyali'q qa`wip sali'wi' mu`mkin bolg`an ayi'ri'm sho`lkemler worta a`sirlerde wori'n alg`an musi'lman xalifali'g`i'n tiklew joli'nda iskerlik ko`rsetpekte. A`lbette, bunnan won to`rt a`sir buri'ng`i' bolmi'sti' bu`gin a`melde qayta tiklep bolmasli'g`i' ayan. Lekin wolardi'n` niyeti – birden-bir ideologiyali'q ma`kan payda yetip, islam dinin siyasatlasti'ri'w ha`m sol tiykarda hu`kimranli'q yetip, ha`kimiyatti' qolg`a kirgiziwden ibarat. Ha`zirgi da`wirde xalifali'q kibi «yerkin demokratiya» ha`m ha`r qi'yli' «ashi'q ja`miyet modelleri»n eksport qi'li'w, ja`miyet ha`m ma`mleket kuri'li'si'ni'n` «universal joybarlari'»n si'rttan import qi'li'w yaki ti'g`i'sti'ri'w joli'ndag`i' uri'ni'wlar da ruwxi'y qa`wipler si'pati'nda bahalani'wi' lazi'm. Hasli'nda, insaniyat tariyxi'nda ha`mmege birdey maqul bolatug`i'n basqari'w modeli hesh qashan bolmag`an.

Ma'nawiy qa`wiplerdin` «g`alabali'q ma`deniyat» ni'qabi' asti'nda moralli'q buzi'qli'q ha`m zorawanli'q, individualizm, egocentrizm ideyalari'n tarqati'w ha`m usi'ni'n` yesabi'nan bayli'q artti'ri'w, basqa xali'qlardi'n` neshe mi'n` ji'lli'q da`stu`r ha`m qa`driyatlari', turmi's ta`rizinin` ruwxi'y negizlerine biypisentlik, wolardi' qopari'wg`a qarati'lg`an formalari' da bar. Ha`zirgi waqi'tta a`depsizlikti ma`deniyat dep biliw ha`m kerisinshe, haqi'yqi'y ruwxi'y qa`driyatlardi' mensinbeslik, yeskiliktin` sarqi'ti' dep qaraw menen baylani'sli' halatlar progress ha`m jaslar ta`rbiyasi'na hu`jim yetpekte.

Ma'nawiy qa`wiplerdin` basi'm ko`pshiligi informaciyali'q topi'li's ha`m u`ydirmelerdi tarqati'w arqali' ju`z bermekte. Bu`gingi ku`nde barg`an sayi'n ku`sheyip barati'rg`an bunday qa`terlerge qarsi' udayi' sergek, abayli', qi'rag`i' boli'p jasawi'mi'z za`ru`r. Bunday qa`wiplerge qarsi' ha`r ta`repleme teren` woylang`an, puxta ilimiy tiykarda sho`lkemlestirilgen, turaqli' ha`m u`zliksiz ra`wishte ali'p bari'latug`i'n ruwxi'y ta`rbiya menen juwap beriw mu`mkin. Ha`zirgi da`wirde ha`r birimiz ruwxi'y qa`wiplerge baylani'sli' itibarsi'zli'q, biypa`rwali'q ha`m biyg`amli'q illetlerinen quti'li'wi'mi'z, ha`r bir puxara jurti'mi'zda, ja`ha`nde ju`z berip ati'rg`an ha`r qanday waqi'ya, qubi'li's,

processler mag`an, menin` ta`g`dirime tikkeley qati'nasli' dep yesaplawi' da`rkar. «Sol sebepli ha`zirgi ku`ta` quramali' bir zamanda xali'qarali'q maydanda ju`z berip ati'rg`an processlerdin` tu`pkilikli ma`nisine jetip bari'w, wolar haqqi'nda qali's ha`m g`a`rezsiz pikirge iye boli'w bu`gingi ku`nnin` yen` aktual wazi'ypasi' desek, hesh qanday qa`te bolmaydi'»[22].

[22] Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat – yengilmas kuch. T., Ma`naviyat, 116-117 b.

## 2.2. «G'alaba ma'deniyat» milliy wo'zlikke qa'wip si'pati'nda

G`alaba ma`deniyat - ma`deniyatti'n` quramali', ha`mme waqi't bir qi'yli' tu`sindirilmeytug`i'n wo`zine ta`n formasi'. G`alaba ma`deniyatti' Bati's ma`deniyati' menen baylani'sli' qubi'li's dep tu`siniw, sonday-aq woni' ideyasi'zli'q, sapasi'zli'q ha`m talg`amsi'zli'q u`lgisi si'pati'nda bahalaw ken` tarqalg`an. A`yne payi'tta, fol`klar, xali'q ma`deniyati' da g`alaba ma`deniyat ko`rinisi si'pati'nda tu`sindiriledi.

G`alaba ma`deniyat teren` socialli'q ha`m ma`deniy tami'rlarg`a iye. G`alaba ma`deniyatti'n` payda boli'wi'ni'n` socialli'q-ekonomikali'q tami'rlari' iri sanaat wo`ndirisinin` payda boli'wi' menen baylani'sli'. Iri sanaatti'n` rawajlani'wi' jallanba jumi'sshi'larg`a za`ru`rlikti tuwdi'rg`an bolsa, feodalli'q ja`miyettin` da`stu`riy socialli'q du`zilisinin` jemiriliwi a`dettegi miynetinen ayri'lg`an adamlar massasi'n ju`zege keltirip, a`ne usi' talapti' qanaatlandi'ri'wg`a xi'zmet yetti. G`alaba ma`deniyatti'n` qa`liplesiwi usi' processtin` sa`wleleniwi yedi. Wo`ytkeni wol jan`a socialli'q qatlamlardi'n` (jallanba jumi'sshi'lar ha`m xi'zmetkerlerdin`) wo`zlerine ta`n bolg`an ma`deniyat ko`rinisin jarati'wg`a bolg`an umti'li'si'ni'n` na`tiyjesi si'pati'nda qa`liplesti.

G`alaba ma`deniyatti'n` ju`zege keliwi ha`m rawajlani'wi' a`yne payi'tta socialli'q qa`driyatlardi' a`piwayi', ha`mme ushi'n tu`sinikli tilge ko`shiriw, g`alaba sawatli'li'qti'n` wo`siwi, baspa wo`nimlerdin` payda boli'wi' da boli'p tabi'ladi'. Uzaq waqi't dawami'nda du`n`yag`a ko`z-qaras ha`m quli'q wo`lshemleri ustazdan sha`kirtke jeke ta`rtipte wo`tip kelgen. Tariyxi'y progress, socialli'q ta`jiriybe ha`m da`stu`rlerdi jetkerip beriw mexanizminin` universallasi'wi' wolardi' ja`ne de ken`irek shen`berge ali'p shi'qti'. Bug`an da g`alaba ma`deniyatti'n` qa`liplesiwinin a`hmiyetli ko`rinisi si'pati'nda qaraw lazi'm. Bul processtin` bu`gingi ku`ndegi wo`zine ta`n na`tiyjesin balalar baqshalari', mektepler, joqari' woqi'w wori'nlari'nda ta`lim-ta`rbiya processinin` universallasti'ri'lg`an – birden-bir u`lgi ha`m bag`darlamalar tiykari'nda sho`lkemlestirgenliginde ko`riwimiz mu`mkin. bunday universallasti'ri'w ha`zirde global ko`lemge iye bolmaqta.

XX a`sirde radio, kino, TV, video, komp`yuterler sistemasi'ni'n` payda boli'wi' na`tiyjesinde g`alaba ma`deniyatti'n` rawajlani'wi'nda jan`a basqi'shqa qa`dem qoyi'ldi'. Bul basqi'sh ko`pshilik ushi'n maqul bolg`an ko`z-qaraslar ha`m qa`driyatlardi' qa`liplestiriw imkaniyatlari' keskin wo`skenligi menen xarakterlenedi. Ta`sir yetiwdin` na`zik ha`m qu`diretli qurali'na aylang`an reklama, moda si'yaqli' qurallar ja`rdeminde g`alaba tuti'ni'w ma`deniyati'n, intellektual iskerlik fizikali'q miynetti ha`r tarawdan si'g`i'p shi'g`ari'wi' ku`sheygen bir payi'tta fizikali'q salamat boli'wg`a xi'zmet yetetug`i'n ha`r qi'yli' sport tu`rlerin belsendi u`gitlew joli' menen fizikali'q ba`rkamal shaxsti' qa`liplestiriwge uri'ni'w da mine usi' processtin` na`tiyjesi boli'p tabi'ladi'.

G`alaba ma`deniyat xali'q ma`deniyati'nan pari'qli' tu`rde tek g`ana milliy yemes, ba`lkim milletlerarali'q, internatsional wo`zgeshelikke iye boli'wi', a`yne payi'tta, uli'wma milliylikten uzaq boli'wi' da mu`mkin. Ko`p g`ana jag`daylarda g`alaba ma`deniyatti'n` belgili bir u`lgisinin` milliy tiyisliligi tek woni'n` tili yaki wori'nlawshi'si'na qarap aji'rati'w mu`mkin. elitar ma`deniyat ko`pshilikke mo`lsherlenbegenligi, tu`siniksiz bolg`anli'g`i' menen aji'rati'li'p turar yeken, bul woni'n` tasi'wshi'lari'ni'n` ja`miyette wo`z aldi'na statusqa iye boli'wi'na xi'zmet yetken. G`alaba ma`deniyat bolsa ken` xali'q wortasi'nda belgili bolg`an wo`zinin` ani'q avtorlari' menen aji'rali'p turadi'.

Xali'q ma`deniyat barli'q waqi'tta belgili bir ma`kan menen baylani'sqan. G`alaba ma`deniyatta bolsa bunday lokalli'q baqlanbaydi'. Wol a`zel bastan-aq ken` auditoriyag`a mo`lsherlengen boladi'. Wonda insang`a ta`n bolg`an sezimler – muhabbat, qorqi'w, tabi'sqa yerisiwge bolg`an umti'li'w, a`jayi'batqa iseniw ha`m t.b. usi'g`an usag`anlarg`a tiykarlani'w u`stinlik yetedi. Usi' jol menen g`alaba ma`deniyat real turmi'sqa qaysi'dur ta`repleri menen uqsas, biraq a`yne payi'tta wonnan bir qansha uzaq bolg`an turmi's ko`rinisin jaratadi', ko`z-qaraslar ha`m qa`diriyatlar sistemasi'n, quli'q modelin qa`liplestiriwge xi'zmet yetedi. G`alaba ma`deniyat wo`zinin` mine usi' wo`zgeshelikleri menen insanni'n` idealg`a bolg`an ta`biyiy talaplari'n qanaatlandi'ri'wg`a umti'ladi'.

G`alaba ma`deniyat ali'm ha`m qa`nigeler ta`repinen ha`rqi'yli' tu`sindirilmekte. Wolardi' uli'wmalasti'rg`an halda to`mendegishe an`lati'w mu`mkin:

1. G`alaba ma`deniyat - xali'q ma`deniyati', u`rp-a`detleri, ma`resimleri, iskusstvosi' ha`m usi' kibilerdi an`lati'wshi' tu`sinik.
2. G`alaba ma`deniyat – G`XQ rawaji' menen baylani'sli' qubi'li's.
3. G`alaba wo`ndiris, «kewilashar industriya» ta`repinen jarati'lg`an, massani'n` tuti'ni'wi'na mo`lsherlengen ma`deniyatti'n` si'yqalasti'ri'l-g`an u`lgileri ko`rinisindegi unamsi'z qubi'li's.[23]

Bu`gingi ku`nde g`alaba ma`deniyat ideologiyali'q basi'mni'n` yen` qa`wipli qurallari'ni'n` birine aylang`an. Tuti'ni'wshi'li'q keypiyati' wo`zegin qurag`an g`alaba ma`deniyat haqi'yqi'y insani'y ma`deniyatqa qayshi', woni' ayaq asti' yetetug`i'n, ma`nisin buzatug`i'n ha`m aqi'r-aqi'betinde insandi' jan saqlawdan wo`zge maqseti bolmag`an janzat, haywan da`rejesine tu`siretug`i'n, xali'qti' bolsa alamang`a aylandi'ratug`i'n qubi'li's boli'p tabi'ladi'. Bu`gingi ku`nde G`XQ ha`m TV ma`deniyatti' g`alabalasti'ri'wdi'n` tiykarg`i' qurali' ha`m deregi boli'p xi'zmet yetpekte. Bul, yen` da`slep, adamlardi'n` qayg`i' ha`m quwani'shi'n an`latqan, wolardi' qi'zi'qti'rg`an ha`r qanday mashqalani' tovarg`a, bir qa`lipke sali'ng`an kewilxoshli'qqa aylandi'ri'wdi' ko`zge taslanbaqta.

Globallasi'w processleri ha`m woni'n` bag`darlari'nan biri bolg`an g`alaba ma`deniyat ekspansiyasi' ta`sirinde qa`driyatlar sistemasi'nda ju`z berip ati'rg`an tu`pkilikli wo`zgerisler «socialli'q maqluq» yesaplang`an insanda belgili bir wo`zgerislerdi keltirip shi'g`aradi', insan ha`m ja`miyet ruwxi'y-moralli'q tayani'shlari'nan mahrum yetiledi, ja`miyet kriziske ushi'raydi'. Usi' ma`niste, I.A.Karimovti'n` atap ko`rsetkenindey, «… kommunistlik ideologiya ha`m a`dep normalari'nan waz keshilgennen son` ja`miyette payda bolg`an ideyali'q bosli'qtan paydalani'p, shetten biz ushi'n pu`tkilley jat bolg`an, ruwxi'y ha`m moralli'q pa`slik illetlerin wo`z ishine alg`an «g`alaba ma`deniyat» japi'ri'li'p kirip keliwi mu`mkinligi ba`rshemizge ayan boli'wi' kerek… A`sirese, ha`zirgi waqi'tta

[23] Qaran'i'z: Ma'naviyat. Asosiy tushunchalar izohli lug'ati. –T.: Ma'naviyat, 2009, 461-bet

du`n`yada ku`sheyip barati'rg`an ha`r qi'yli' ruwxi'y qa`wiplerdin` aldi'n ali'w, «g`alaba ma`deniyat»ti'n` zi'yanli' ta`sirinen» perzentlerimizdin` sanasi' menen woylawi'n qorg`awda ilim-bilim ha`m ma`deniyat ja`ma`a`tshiligi, do`retiwshilerdin` worni' ha`m roli barg`an sayi'n arti'p barmaqta. Nege degende, bizin` milliy psixologiyami'z ha`m ta`biyati'mi'zg`a jat ha`m biygana bolg`an mine usi'nday «ma`deniyat» u`lgilerin tek si'naw yaki biykarlaw yaki wolardi' qadag`an yetiw menen qandayda bir na`tiyjege yerisip bolmaydi'. Bunday qa`terlerden turmi'si'mi'zdi' asi'raw, ruwxi'y bosli'qqa jol qoymaw ushi'n, yen` da`slep, iygi insani'y ideyalar ha`m joqari' sheberlik penen jarati'lg`an shi'g`armalar arqali' xalqi'mi'zdi'n` ma`deniy da`rejesin joqari'lati'w, basqasha aytqanda, bu`gin du`n`ya maydani'nda ju`z berip ati'rg`an keskin aqi'l-zakawat ha`m tuti'ni'w jari'si'nda bellesiwge qa`biletli boli'wi'mi'z sha`rt»[24].

G`alaba ma`deniyat, pop-ma`deniyat, massali'q ma`deniyat, ko`pshilik ma`deniyati' – populyar ha`m usi' ja`miyettegi xali'qti'n` ken` qatlamlari' arasi'nda basi'mli'qqa iye bolg`an ma`deniyat. Wol wo`z ishine turmi's, sport, pop-muzi'ka, massali'q a`debiyat, g`alaba xabar qurallari' ha`m usi' kibilerdi qamti'p aladi'. G`alaba ma`deniyatti'n` mazmuni' xali'qti'n` ko`pshiliginin` (meynstrim) wo`mirin quraytug`i'n ha`r ku`ngi boli'p wo`tetug`i'n waqi'ya ha`m qubi'li'slar, umti'li'slar ha`m talaplardan quraladi'. «G`alaba ma`deniyat» termini Frankfurt sotsiologiyali'q mektebi wa`killerinin` miynetleri arqali' ken` qollani'li'p baslandi'.

XX a`sirde g`alaba ja`miyet ha`m woni'n` menen baylani'sli' g`alaba ma`deniyat ha`r qi'yli' ilim tarawi'nda iskerlik ko`rsetken ko`rnekli ilimpazlardi'n` izertlewleri predmetine aylandi'. Wolar qatari'nda filosoflar Xose Ortega-i-Gasset («Восстание масс»), Karl Yaspers («Духовная ситуация времени»), Osval`d Shpengler («Закат Европы»); sociologlar Jan Bodriyar («Фантомы современнности»), Pitirim Sorokin («Человек. Цивилизация. Общество») ha`m basqalardi' atap wo`tiw wori'nli'. G`alaba ma`deniyatti' analizley woti'ri'p, wolardi'n` ha`r biri woni'n` kommerciallasi'w tendenciyasi'n atap ko`rsetedi.

---

[24] Karimov I.A. Yuksak ma'naviyat – yengilmas kuch. – T.: Ma'naviyat, 2008, 117-bet

G`alaba ma`deniyat industrial ja`miyettin` wo`nimi si'pati'nda ko`zge taslanadi'. Woni'n payda boli'wi'ni'n` alg`i' sha`rtleri si'pati'nda kinemato-grafti'n`, ses jazi'wdi'n`, sesti qayta wo`ndiriwdin`, radio, televidenie ha`m basqa da G`XQ rawajlani'wi'n atap ko`rsetiw mu`mkin. Wolar adamlardi' socialli'q ha`m ma`deniy bir pu`tinlikke birlestiredi, ha`zirgi da`wirde ma`deniyat tasi'wshi'lari'na aylandi'radi', adamlar massasi'nda «ma`deniy tuti'ni'wdi'n`» standart talg`am ha`m formalari'n qa`liplestiredi, g`alaba ma`deniyat shablonlari'n barli'q qatlamlarg`a tarqatadi'. Buni'n` ushi'n G`XQni'n` zamanago`y imkaniyatlari' wog`ada ken`, sputnikli baylani's ha`m Internet informaciyani' bir neshe wonlag`an ma`mleketlerdegi millionlag`an adamlarg`a jetkerip bere aladi'.

G`alaba ma`deniyat – bul millionlag`an adamlar sanasi' ha`m kewillerinde ta`kirarlani'wshi', wolarda unamli' ha`m unamsi'z emociyalar payda yetip, ruwxi'y ha`m estetikali'q qabi'llaw, la`zzetleniw payda yetiwshi wo`nim. Wol u`lken auditoriyag`a mo`lsherlengen boli'p, wo`zin qabi'llaw ushi'n aqi'l ha`m sezimlerdi qi'ynawdi' talap yetpeydi. «G`alaba ma`deniyat» tu`sinigi yen` da`slep B.Rozenberg ha`m D.Uayt redakciyasi'ndag`i' «G`alaba ma`deniyat» maqalalar toplami'nda 1957-ji'li' payda boldi'.

Iskusstvo shi'g`armasi'nan la`zzetleniw ushi'n ko`rkem sawatli' adam boli'w kerek. G`alaba ma`deniyat u`lgilerinen la`zzetleniw ushi'n, kerisinshe, ko`rkem sawatsi'z adam bolg`an jaqsi'raq. Ko`rkem sawatli'li'q bul jerde stimul yemes, al tosqi'nli'q, wo`ytkeni g`alaba ma`deniyat tiykari'nan emocional tarawg`a qarati'lg`an boli'p, bunday tiptegi shi'g`armalardi' bahalaw ushi'n kesent beretug`i'n qosi'msha bilimlerdi talap yetpeydi.

G`alaba ma`deniyatti'n` tiykarg`i' funkciyalari' to`mendegiler:

- psixologiyali'q keskinlikti saplasti'ri'w ha`m konfliktli jag`daydardan ha`r qi'yli' standart bolmag`an situaciyalardag`i' quli'q usi'llari'na u`yretiw arqali' shi'g`i'w; bunday quli'q usi'llari'n modellestiriw arqali' wol anaw yaki mi'naw sha`rayatlarda qalay is tuti'w kerekligi tuwrali' tusinik payda yetedi;

- bul turaqsi'z, tez wo`zgeriwshi du`n`yada informaciyalardi' izlew ha`m tan`lap ali'wdi', is-ha`reket, pikir, ko`z-qaras variantlari'ni'n tan`lawdi' an`satlasti'ri'w;

- yeliklewge i'layi'q milliy ideallar ha`m standartlardi' – «joqari'» turmi's ta`rizi orientirlerin qa`liplestiriw.

G`alaba ma`deniyatti'n` yen` ken` tarqalg`an bag`darlari':

- «kewil ashar» dem ali's industriyasi' (massali'q ko`rkem ma`deniyat, massali'q saxnali'q-tamashalar (sport-cirkten erotikali'qqa shekem), professional sport (i'shqi'pazlar ushi'n tamasha si'pati'nda), sho`lkemlesken kewil ashar dem ali'sti' wo`tkeriw boyi'nsha ma`kemeler (klublar, diskotekalar, tanca maydanshalari' h.t.s.) ha`m shoudi'n` basqa da tu`rleri;

- salamatlasti'ri'w demali'si' industriyasi' (kurort industriyasi', salamatlasti'ri'w, sport ha`m fitnes-woraylar, medicinali'q, farmacevtikali'q, parfyumeriyali'q ha`m kosmetikali'q woraylar, kabinetler, lechebnicalar), wo`z ishine salamatlasti'ri'wshi' ha`m sport turizmin de aladi';

- intellektual dem ali's industriyasi' (ko`rkem ha`weskerlik, kollekciya ji'ynaw, qi'zi'g`i'wshi'li' boyi'nsha do`gerekler ha`m klublar, anaw yaki mi'naw na`rsenin` qi'zi'g`i'wshi'lari', i'shqi'pazlari' ja`miyetleri, ilimiy-ag`arti'wshi'li'q ma`kemeler ha`m birlespeler);

- jeke ha`m ja`ma`a`tlik paydalani'wg`a mo`lsherlengen zatlar, ideyalar, xi'zmetlerge bolg`an tuti'ni'wshi'li'q talapti' keltirip shi'g`ari'w ha`m basqari'w ma`kemeleri ha`m sho`lkemleri sistemasi' (reklama, moda, dizayn, imidjmeykerlik ha`m s.s.). Wolar socialli'q abi'royli' obrazlar, jasaw stilleri, ma`pler ha`m talaplar standartlari'n qa`liplestiredi;

- ha`r qi'yli' woyi'n avtomatlari' (mexanikali'q woyi'n avtomatlari'nan tarti'p virtual realli'q sistemalari'na shekem, woni'n` ishine rawajlandi'ri'wshi' ha`m kewil ashar kompleksler ha`m parkler de kiredi)[25].

[25] Qaran'i'z: Флиер А. Я. Массовая культура и её социальные функции // ОНС: Общественные науки и современность. – М., 1998. - №6. – S. 138.

Zamanago`y ma`deniyattani’w iliminde g`alaba ma`deniyatti’n` 3 da`rejesi aji’rati’ladi’:

a) kich-ma`deniyat (yag`ni’y pa`s darejedegi, ha`tteki vul`gar ma`deniyat);

b) mid-ma`deniyat (basqasha aytqanda «worta qolli’» ma`deniyat);

v) art-ma`deniyat (belgili da`rejedegi, geyde ha`tteki joqari’ da`rejedegi, ko`rkem mazmuni’ ha`m estetikali’q an`lati’wdan ji’raq bolmag`an mass-ma`deniyat).

Kich-ma`deniyat – g`alaba ma`deniyatti’n` yen` pa`s ko`rinisi. «Kich» so`zi-nin` wo`zi nemec feyillerinen ali’ng`an boli’p, «kitschen» (xaltura qi’li’w, to`men probadag`i’ shi’g`arma jarati’w) ha`m «verkitschen» (arzan tez sati’w, arzi’masqa sati’w) degendi bildiredi. Kich-ma`deniyatti’n` tiykarg`i’ xarakteristikasi’na to`mendegilerdi jatqari’w mu`mkin:

- mashqalani’ a`piwayi’lasti’ri’w beriw;

- stereotip obrazlar, ideyalar, syujetlerge su`yeniw;

- wo`miri bir qa`lipte, zerigerli wo`tetug`i’n ja`miyetlik qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’ joq, tek wo`z jeke ma`pi menen jasawshi’ adamlarg`a mo`lsherlengenlik.

Kich sorawlar qoymaydi’, wol aldi’n ala qa`lipke sali’p tayarlang`an juwaplardi’ usi’nadi’. Wol ruwxi’y izlenislerdi, quramali’ psixologiyali’q diskomfortti’ payda yetpeydi. Wol elementar qadriyatlardan ji’raqlasi’wdi’n` maksimal tochkasi’ boli’w menen birge iskusstvoda primitivlesiw tendenciyasi’ni’n wog`ada agressiv ko`rinislerinen biri boli’p tabi’ladi’[26]. Ha`zirgi da`wirde industriyali’ rawajlang`an yellerde kich-ma`deniyatti’n` basi’mli’g`i’ ko`zge taslanbaqta.

Mid-ma`deniyat da`sturiy ma`deniyatti’n` da, g`alaba ma`deniyatti’n` da ayi’ri’m si’patlari’na iye.

Art-ma`deniyat g`alaba ma`deniyatti’n` joqari’ da`rejesi boli’p, woni’n` tiykarg`i’ wazi’ypasi’ g`alaba ma`deniyatti’ da`stu`riy ma`deniyat normalari’ ha`m standartlari’na jaqi’nlasti’ri’w boli’p tabi’ladi’.

---

[26] Qaran’i’z: Энциклопедический словарь по культурологии. – М.: Центр, 1997. – с.190.

Bunnan ti’sqari’ geypara qa`nigeler popma`deniyat ha`m rokma`deniyatti’ g`alaba ma`deniyatti’n` ayri’qsha da`rejeleri si’pati’nda qarap wo`tedi.

G`alaba ma`deniyatti’ socialli’q-ma`deniy, ruwxi’y qubi’li’s si’pati’nda analizley woti’ri’p, woni’n` to`mendegi tiykarg`i’ xarakteristikalari’n ko`rsetiwimiz lazi’m:

- gomogen auditoriyag`a bag`darlang`anli’q;
- emocionalli’qqa, ja`ma`a`tlikke, sanasi’zli’qqa tiykarlang`anli’q;
- eskeypizm;
- tez qol jeterlik;
- tez umi’ti’latug`i’nli’g`i’;
- da`stu`riylik ha`m konservatizm
- worta til semiotikali’q normasi’n qollanatug`i’nli’g`i’;
- qi’zi’qli’li’g`i’.

## 2.3. «Ruwxi'yli'q tiykarlari'» pa'ninen «Ruwxi'y qa'wipler ha'm wolarg'a qarsi' gu'res» temasi'n woqi'ti'w boyi'nsha metodikali'q islenbe

Bul tema O`zbekistan Respublikasi' Joqari' ha`m worta arnawli' ha`mde Xali'q bilimlendiriw ministrliklerinin` 2010-ji'l 1-iyuldag'i' 6/1 ha'm 4/2 –sanli qospa ma'jilisi qarari' menen tasti'yi'qlang'an ha'm akademiyali'q licey ha'm ka'sip - wo'ner kolledgleri ushi'n «Ruwxi'yli'q tiykarlari'» pa'ninen teren'les-tirilgen woqi'w bag`darlamasi' si'pati'nda u'zliksiz bilimlendiriw sistemasi'na yengiziw ushi'n usi'ni'lg'an woqi'w bag`darlamasi'na kirgizilgen boli'p, wog'an ja'mi 5 saat (2 saat lekciya, 2 saat seminar, 1 saat TO'BJ) aji'rati'lg'an. To'mende usi' tema boyi'nsha lekciya sabag'i' rejesi ha'm texnologiyali'q kartasi' keltirilmekte

### SABAQ REJESI

**Woqi'w predmetinin' ati' «Ruwxi'yli'q tiykarlari'»**

**Tema:** Ruwxi'y qa'wipler ha`m wolarg'a qarsi' gu'res

**Sabaq tu'ri :** teoriyali'q **Sabaq ko'rinisi:** lekciya

**Sabaqqa aji'rati'lg'an waqi't mug'dari':** 80 **minut**

**Sabaq maqsetleri:**

**a) ta'limlik:** Ruwxi'y qa`wip tu`sinigi, woni'n` tu`rleri, ma`nawiy ha`m ideologiyali'q immunitet, ruwxi'y turmi'si'mi'zdi' ha`r qi'yli' qa`wip ha`m topi'li'slardan qorg`aw za`ru`rligi haqqi'nda bilimler, ko`nlikpelerdi qa`liplestiriw;

**b) ta'rbiyali'q:** Woqi'wshi'larda ar-nami's, uyat, iybe, pa`klik, yerk ku`shi kibi joqari' ruwxi'y pazi'yletlerdi ta`rbiyalaw;

**v) rawajlandi'ri'wshi':** Woqi'wshi'lardi'n` analizlew, sali'sti'ri'w, juwmaq shi'g`ari'w, wo`z pikirlerin yerkin bildiriw qa`biletlerin wo`siriw

**Sabaqtan ku'tilip ati'rg'an na'tiyjeler – temani' wo'zlestirgennen son' woqi'wshi'lar to'mendegi bilim ha'm ko'nlikpelerge iye boladi':**

1. Ruwxi'y qa`wip tu`sinigi, woni'n` socialli'q turmi'stag`i' ko`rinisleri, ma`nawiy ha`m ideologiyali'q immunitet, ruwxi'y turmi'si'mi'zdi' ha`r qi'yli' qa`wip ha`m topi'li'slardan qorg`aw za`ru`rligi haqqi'nda bilimler, ko`nlikpeleri qa`liplesedi;

2. Ar-nami’s, uyat, iybe, pa`klik, yerk ku`shi kibi joqari’ ruwxi’y pazi’yletlerge umti’li’si’ qa`liplesedi, rawajlanadi’;

3. Analizlew, sali’sti’ri’w, juwmaq shi’g`ari’w, wo`z pikirlerin yerkin bildiriw qa`biletleri artadi’.

**Ta’lim metodlari’, texnikasi’:** awi’zeki metodlar (bayan yetiw, sa`wbet); diskussiya

**Bahalaw kriteriyasi’:** Woqi’wshi’lardi’n` bilim, ko`nlikpe, yeplilikleri da`rejesi 5 balli’q sistemada, to`mendegi wo`lshemler tiykari’nda bahalanadi’

| | |
|---|---|
| Ayri’qsha | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi toli’q wo`zlestirse; yerkin pikirley alsa; temani’n` a`hmiyetin tu`sinip, woni’ mi’sallar menen da`lilley alsa. Tema boyi’nsha wo`z betinshe jumi’slardi’ wo`z waqti’nda, toli’q, sapali’, do`retiwshilik penen wori’nlasa |
| Jaqsi’ | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi wo`zlestirse; temani’n` a`hmiyetin tu`sinip, woni’ mi’sallar menen da`lilley alsa. Tema boyi’nsha wo`z betinshe jumi’slardi’ wo`z waqti’nda, sapali’ wori’nlasa |
| qanaatlanar-li’ | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi haqqi’nda ko`z-qarasqa iye bolsa; temani’n` a`hmiyetin tu`sinse. Tema boyi’nsha wo`z betinshe jumi’slardi’ wo`z waqti’nda, biraq ayi’ri’m kemshilikler menen wori’nlasa |
| Qanaatla-narsi’z | Sabaqta tema shen`berinde so`z yetilgen tu`sinik ha`m bilimlerdi wo`zlestirmese; temani’n` a`hmiyetin tu`sinbese. Tema boyi’nsha wo`z betinshe jumi’slardi’ wori’nlamasa |

**Axborot derekleri ha’m texnikali’q qurallar:**

Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo`q. - T.: «Sharq», 1998

Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat – yengilmas kuch. – T.: «Ma`naviyat», 2008

Ruwxi’yli’q tiykarlari’. – No’kis: Bilim, 2009

Ma`naviyat. Asosiy tushunchalar izohli lug`ati. –T.: «G`.G`ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi», 2009

**I. Aktuallasti’ri’w**

**a) tayani’sh tu’sinik ha’m is–ha’reket usi’llari’:** ruwxi’y topi’li’slar, a`dep-ikramli’li’qqa jat illetler, biypa`rwali’q, pari’qsi’zli’q, ma`pparazli’q, joqari’ insani’y pazi’yletler; Soraw-juwapqa tiykarlang`an sa`wbet,

**b) Wo’z betinshe jumi’s:** «T-sxema» usi’li’nda a`dep-ikramli’li’q pazi’yletler ha`m illetlerdi sali’sti’rmali’ analizlew

| a`dep-ikramli’li’q pazi’yletler | a`dep-ikramli’li’q illetler |
|---|---|
| | |

**II. Jan’a tu’sinik ha’m is-ha’reket usi’llari’n qa’liplestiriw**

**a) qa’liplestiriletug’n tu’sinikler ha’m ha’reket usi’llari’:** «Yerkinlik ha`m demokratiyani’ alg`a ji’lji’ti’w», ruwxi’y bayli’q, ma`nawiy ha`m ideologiyali’q immunitet, insan yerki; slayd

**b) Tiykarg’i’ ha’m yekinshi da’rejeli mashqalalar:** Tiykarg`i’ mashqalalar - Ruwxi’y qa`wiplerden qorg`ani’w; Ruwxi’y qa`wiplerdin` ko`rinis formalari’; Ka`mil insan si’patlari’ ha`m wolardi’ qa`liplestiriw; Yekinshi da`rejeli mashqalalar - «G`alaba ma`deniyat» insanni’n` ma`nawiy juwapkershiligi; Internetten paydalani’w ma`deniyati’

**III. Qollani’w yamasa bekkemlew basqi’shi’**

**a) Wo’z betinshe jumi’s tu’ri:** «G`alaba ma`deniyat» qubi’li’si’n u`yreniw

**b) Pa’nler arali’q baylani’s:** Tariyx, Adam ham jamiyet, filosofiya, dintani’w

**U’yge tapsi’rma:** Temani’ wo`zlestiriw, «Internet menin` wo`mirimde» temasi’nda pikirlerin bayan yetiw

**Woqi’tiwshi’:** **Q.Omarova**

## SABAQTI'N' TEXNOLOGIYALIQ KARTASI'

**Tema:** Ruwxi'y qa'wipler ha`m wolarg'a qarsi' gu'res

| T/r | Shi'ni'g'i'w basqi'shlari' | Aji'rati'lg'an waqi't | Mazmuni' | Ta'lim metodlari' ha'm tu'rleri | Ta'lim qurallri' |
|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **Sho'lkemlestiriwshilik bo'lim** | 5 | Sa`lemlesiw, woqi'wshi'lardi'n` qatnasi'n, auditoriyani'n` tazali'g`i'n, sabaqqa tayarli'g`i'n qadag`alaw; woqi'wshi'lardi'n` di'qqati'n sabaqti'n' baslani'wi'na tarti'w | awi'zeki | |
| **2.** | **Aktuallas-ti'ri'w (Motiva-ciya)** | 25 (15: 10) | 2.1. U'yge tapsi'rmani' soraw-juwap tiykari'nda soraw<br>2.2. Taza tema boyi'nsha tu'siniklerdi aktuallasti'ri'w<br>Woqi'wshi'lardi'n` ta`limnin` aldi'n`g`a basqi'shlari'nda ha`m basqa pa`nler boyi'nsha ruwxi'y topi'li'slar, a`dep-ikramli'li'qqa jat illetler, biypa`rwali'q, pari'qsi'zli'q, ma`pparazli'q, joqari' insani'y pazi'yletler haqqi'nda bilim, yeplilik, ko`nlikpelerin yeske tu`siriw, wolardi'n` geypara aspektlerine jan`asha jantasi'wdi' qa`liplestiriw | soraw-juwapqa tiykarlang`an sa`wbetlesiw | «T-sxema» tablicasi' |
| **3.** | **Jan`a tu`sinik ha`m is-ha`reket usi'llari'n qa`liples-tiriw** | 25 | «Yerkinlik ha`m demokratiyani' alg`a ji'lji'ti'w», ruwxi'y bayli'q, ma`nawiy ha`m ideologiyali'q immunitet, insan yerki haqqi'nda bilimlerdi bayan yetiw, ko`nlikpelerdi qa`liplestiriw; Tiykarg`i' mashqalalar (Ruwxi'y qa`wiplerden qorg`ani'w; Ruwxi'y qa`wiplerdin` ko`rinis formalari'; Ka`mil insan si'patlari' ha`m wolardi' qa`liplestiriw) ha`m yekinshi da`rejeli mashqalalardi' («G`alaba ma`deniyat» insanni'n` ma`nawiy juwapkershiligi; Internetten paydalani'w ma`deniyati') sheshiw | Bayan yetiw; sa`wbet | Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yo`q. - T.: «Sharq», 1998<br>Karimov I.A. Yuksak ma`naviyat – yengilmas kuch. – T.: «Ma`naviyat», 2008<br>Ma`naviyat. Asosiy tushunchalar izohli lug`ati. –T.: «G`.G`ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi», 2009<br>slayd |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 4. | **Bekkem-lew yaki qollani'w** | 18 | Bekkemlew basqi'shi'nda kishi toparlarda jumi's ali'p bari'ladi'.<br>a) Tema boyi'nsha krossvord sheshiw- 9 minut. Wori'nlaw ushi'n – 4 minut, tani'sti'ri'w ushi'n 1 minuttan<br>b) «Ruwxi'y qa'wipler» atamasi'nda klaster du'ziw – 9 minut. Wori'nlaw ushi'n – 4 minut, tani'sti'ri'w ushi'n 1 minuttan | kishi toparlar da islesiw | Tarqatpa materiallar (krossvord, klaster) |
| 5. | **Juwmaq-lawshi' bo`lim** | 7 | Woqi'wshi'lar ta`repinen berilgen qosi'msha sorawlarg`a juwap beriledi; u`yge tapsi'rma (Temani' wo`zlestiriw, «Internet menin` wo`mirimde» temasi'nda pikirlerin bayan yetiw) beriledi ha`mwoni' wori'nlaw jollari' tu`sindiriledi | Soraw-juwapqa tiykarlan g`an sa`wbet | taxta |

## II bap boyi’nsha juwmaq

Soni’ ayti’w wo’tiw kerek, milliy ma’nawiyat arqali’ milletti wo’zine qarati’w, woni’n’ barli’q bayli’qlari’na iyelik yetiwge uri’ni’shan da boli’p kelgen. Yeger aldi’n’g’i’ da’wirlerde bul ma’mleketlerdi basi’p ali’w, wolardi’n’ xali’qlari’n bag’i’ni’shli’ yetip ali’w, u’lken qi’rg’i’n uri’slar arqali’ a’melge asi’ri’lg’an bolsa, bu’gingi globallasi’w ha’m axborotlasi’w da’wirinde bul usi’llardan waz keshilip, joqari’ rawajlang’an ma’mleketler wo’z imkaniyatlari’nan paydalani’p, da’slep milletlerdin’ sanasi’ ha’m du’n’yag’a ko’z-qarasi’n iyelew ha’m wonnan keyin wolardi’ pu’tkilley wo’zlerine g’a’rezli, bag’i’ni’shli’ yetip ali’w, sonday-aq barli’q resurslari’na iyelik yetiw joli’nan barmaqta. barli’q bayli’qlari’na iyelik yetiw Bul XXI a’sirde du’n’yag’a hu’kimranli’q qi’li’w bari’si’nda jan’adan qa’liplesip ati’rg’an bag’dar yesaplanadi’. Yeger woni’n’ ma’nis-mazmuni’n ha’m jetkizetug’i’n zi’yani’n milletler bu’gin an’lap jetpese, bul milliy ma’nawiyatlardi’n’ jemiriliwin tezlestiretug’i’nli’g’i’ so’zsiz.

Milliy-manawiy qa’wipsizliktin’ qa’wipsizlik sistemasi’ndag’i’ basqa formalardan pari’qli’ ta’repi de insan sanasi’, qa’lbi, woylawi’ menen baylani’sli’li’g’i’nda ko’rinis tabadi’. Soni’n’ ushi’n da woni’ ta’miyinlewde a’ne usi’ sana, qa’lib ha’m woylawdi’n’ wo’zgeler ta’sirine tu’sip qalmawi’ yaki «g’alaba ma’deniyat»tan qorg’ali’wi’ ku’tilgen na’tiyjelerdi beredi.

## III-bap. Ashi’q xabar sistemasi’nda ma’nawiy qa’wipsizlik ma’seleleri

### 3.1. Shaxs, ja’miyet, ma’mlekettin’ ma’nawiy-psixologiyali’q qa’wipsizligi ma’seleleri

Bu’gingi globallasi’w sha’rayati’nda shaxsti’n’ informaciyali’q-psixologiyali’q qa’wipsizligi mashqalalari’ ayri’qsha aktualli’qqa iye bolmaqta. Buni’n’ sebepleri siyasiy, socialli’q-ekonomikali’q ha’m ma’nawiy tarawlardag’i’ quramali’, bazi’ da qarama-qarsi’li’qli’ ha’m unamsi’z processlerde ko’rinis tabadi’. Wolar qatari’na yeski administrativ-komandali’q sistemani’n’ i’di’rap, jan’a demokratiyali’q ma’mleketshiliktin’ du’ziliwi; bazar ekonomikasi’na wo’tiwdin’ wo’zine ta’n qi’yi’nshi’li’qlari’n; ideologiyali’q gu’restin’ ha’r qi’yli’ ko’rinislerin; milliy ma’nawiy qa’diriyatlari’mi’zdi’ qa’dirsizlendiriwge qarati’lg’an ma’nawiy topi’li’slardi’, ideologiyali’q topi’li’slardi’ jatari’w mu’mkin.

Bulardi’n’ barli’g’i’ shaxs psixikasi’ni’n’ ha’r qi’yli’ informaciyali’q ta’sirlerge shi’damli’li’g’i’n ha’lsiretiwi mu’mkin. Shaxs informaciyalardi’ kritikali’q analizlew, qabi’l etilip ati’rg’an informaciyalardi’ bahalaw, sonday-aq usi’ informaciya tiykari’nda ob’ektiv sheshim qabi’llay ali’w qa’biletine iye bolg’ani’nda turaqli’ dep yesaplanadi’.

Bunnan ti’sqari’ zamanago’y ha’m perspektivadag’i’ informaciyali’q texnologiyalar insan psixikasi’na ta’sir jasawshi’ informaciyali’q qurallardi’n’ na’tiyjeliligin yeselep artti’rmaqta. Ni’zamg’a qayshi’ ra’wishte telefon so’ylesiwlerin ti’n’law, xatlar u’stinen qadag’alaw wornati’w, konkret shaxslar haqqi’nda konfidencial mag’li’wmatlardi’ komp’yuter bazalari’nan urlaw, insan psixikasi’na jasi’ri’n ta’sir yetiw imkaniyatlari’ ju’zege kelmekte.

Informaciyali’q-psixologiyali’q qa’wipsizlikti ta’miyinlew ob’ektleri to’mendegiler boli’p tabi’ladi’:

- ja’miyettegi ha’r qi’yli’ jas, socioma’deniy ha’m milliy toparlar ha’m qatlamlarg’a tiyisli bolg’an jeke adamlar;

- ja’miyettin’ socialli’q strukturasi’ komponenti si’pati’nda jeke socialli’q toparlar ha’m qatlamlar (soni’n’ qatari’nda professionalli’q, milliy-etnikali’q ha’m t.b.);

- jeke sho’lkemler, toparlar ha’m shaxslar, ma’mleket ha’kimiyati’ ha’m basqari’w, Quralli’ ku’shler, huqi’qqorgaw, wo’ndiris, finans ha’m basqa da iskerligi socialli’q aqi’betlerge iye boli’wi’ mu’mkin bolg’an strukturalar wa’killeri;

- konkret aymaqlardi’n’ turg’i’nlari’;

- ja’miyetlik ha’m siyasiy sho’lkemler, ja’miyetlik siyasiy ha’reketler ha’m partiyalar;

- belgili bir yelde jasawshi’ xali’q;

- ja’miyetlik sana, ja’miyetlik pikir ha’m socialli’q-psixologiyali’q a’hmiyetli quram bo’legi boli’p tabi’latug’i’n ja’miyettin’ ma’nawiy tarawi’ (soni’n’ qatari’nda ta’lim ha’m ta’rbiya sistemasi’, G’XQ).)

Atap o’tilgen ob’ektlerdin’ informaciyali’q-psixologiyali’q qa’wipsizligi ha’r bir shaxsti’n’ ha’m xali’qti’n’ psixikali’q salamatli’g’i’n saqlawdi’n’, ja’miyetlik ha’m ma’mleketlik institutlardi’n’ isenimli ha’reket yetiwinin’, sonday-aq ja’miyettin’ progressiv rawajlani’wi’n maqset yetken halda jeke, toparli’q ha’m massali’q sanani’ qa’liplestiriwge sha’rayatlar jaratadi’.

Shaxsqa informaciyali’q ta’sir yetiw kanallari’ wog’ada ra’n’-ba’ren’. Bul shan’araq, bilimlendiriw tarawi’ (mektepke shekemgi bilimlendiriw ma’kemeleri, mektep, akademiyali’q liceyler ha’m ka’sip-wo’ner kolledjderi, joqari’ woqi’w wori’nlari’), ko’she, kitaplar, radio, kino, televidenie, g’alaba basi’li’mlar (gazetalar, jurnallar), audiovizual qurallar, atap aytqanda ha’r qi’yli’ woynati’wshi’ texnika (magnitofonlar, pleerlar, videomagnitofonlar) ha’m t.b. Zamani’mi’zdi’n’ atributlari’ni’n’ biri bolg’an yen’ qu’diretli informaciyali’q ta’sir qurali’ – Internet, gezekte bolsa virtual ta’sirlerdin’ fantastikali’q imkaniyatlari’n wa’de yetip ati’rg’an virtual realli’q texnikasi’ ha’m texnologiyasi’. Biz bilemiz, vizual informaciya yen’ informativ ha’m ta’sirshen’. Sonli’qtan da xali’q arasi’nda «Ju’z ma’rtebe yesitkennen, bir ma’rtebe korg’en abzal» degen ga’p bar. Bul kanallardi’n’ shaxsqa ta’sirinin’ na’tiyjeliligi jan’a axborot texnologiyalari’ni’n’ belsendi rawajlani’wi’ ha’m ken’ paydalani’li’wi’ yesabi’nan arti’p barmaqta.

Axborot texnologiyalari’ insaniyat ushi’n yen’ ulli’ iygilik, wolar ja’miyet keleshegin belgilep beredi. Biraq bir waqi’tti’n’ wo’zinde jawi’z niyetliler qoli’nda

bul – qorqi'ni'shli' qural; basli' qa'wip informaciya deregi yaki tuti'ni'wshi'si'na (shaxsqa) sankciyalasti'ri'lmag'an kirip bari'wdi'n' (aktiv yaki passiv tu'rde) mu'mkinshiliginde. Bul shaxsqa informaciyali'q ta'sir ko'rsetiw boli'p tabi'ladi'.

G'XQ kommerciyalasi'wi'na baylani'sli', bul bazar ekonomikasi' ushi'n ta'n ha'm ta'biyiy, teleekranlardan shaxs ha'm ja'miyetke reklamalar, zorawanli'q, sadizm, seksti u'git-na'sityalawshi' fil'mler ha'm ko'rsetiwler basti'ri'p kelmekte. Bulardi'n' barli'g'i'n sanag'a sankciyalasti'ri'lmag'an kirip bari'w si'pati'nda klassifikaciyalaw mu'mkin.

Insan internetten kerekli bolg'an informaciyani' aladi', biraq soni'n' menen birge a'sirese jaslardi'n' sanasi'na unamsi'z ta'sir yetiwi mu'mkin bolg'an informaciyag'a da dus keledi. Wolarg'a buzg'i'nshi'li'q, ha'r qi'yli' konfliktlerdi keltirip shi'gari'w ideyalari' da sin'diriliwi mu'mkin.

Atap aytqanda, Internettin' duri's maqsetlerde isletiliwi woni'n' unamsi'z ta'sirlerinen qorg'ali'wdi' ta'miyinleydi. Internete jaslardi'n' ma'nawiy ta'rbiyasi'na zi'yan jetkizetug'i'n audio-vizual ha'm kontent mag'li'wmatlardi'n' tarqati'li'wi', zorawanli'q, pornografiya, pedofiliya sahnalari'ni'n' ja'riyalani'wi' keskin si'ng'a ali'nbaqta. Internettin' axborot maydani, dezinformaciya, jalg'an ha'm do'hmetler deregine aylani'wi' unamsi'z halat yesaplanadi'. Soni'n' menen bir qatarda, Evropa global tarmag'i'nda buzg'i'nshi' saytlardi'n' wori'n ali'wi', sonday-aq virtual tawlamashi'li'q ta'sirine tu'sip qali'wi' mu'mkinligin inabatqa almag'an jaslar ha'r qi'yli' saytlarg'a kiriwi sebepli psixologiyali'q, ha'tteki fizikali'q salamatli'g'i'na zi'yan jetkiziwshi informaciyalarg'a dus kelmekte.

Bunnan ti'sqari' rawajlang'an ma'mleketlerde mektep woqi'wshi'lari'ni'n' qurallang'an halatta ha'r qi'yli' ja'miyetlik wori'nlarg'a, mekteplerge, sawda du'kanlari'na basti'ri'p kiriw halatlari' tez-tez ushi'raspaqta. Qanigeler balalar wortasi'nda bul si'yaqli' halatlardi'n' ko'beyip bari'wi'n internet saytlari', jawgerlik fil'mler, videoko'rinisler ha'm basqa da qurallardi'n' ta'siri menen baylani'sti'rmaqta. soni'n' menen bir qatarda, psixologlardi'n' pikirinshe, wo'spirimlik shaxsti'n' fiziologiyali'q ha'm socialli'q rawajlani'wi'ndagi' wo'zine

ta’n da’wir boli’p, bul da’wirde wo’spirimler agressiv ruwxtag’i’ tamashalarg’a, onlayn woyi’nlarg’a berilse, bul jag’i’msi’z aqi’betlerge ali’p keliwi mu’mkin.

Bazar ekonomikasi’nda informaciya tovar, wo’nim, xi’zmetke aylanbaqta. Al bul wo’z gezeginde shaxs ham ja’miyettin’ informaciyali’q qawipsizligin ta’miyinlew maqsetinde tuti’ni’wshi’ni’ sapasi’z wo’nim ha’m xi’zmetlerden qorg’awshi’ ni’zamlardi’ paydalani’w mu’mkinshiligin beredi.

Axborot texnologiyasi’ndag’i’ bir qatar jan’ali’qlar qa’wipsizlikti ta’miyinlewge u’lken u’les qospaqta, biraq bul tarawdi’n’ rawajlani’wi’ jan’a mashqalalarg’a da tu’rtki bolmaqta. Birlesken Milletler sho’lkemi Ken’esinin’ 1373-rezolyuciyasi’nda (2001) atap wo’tilgenindey, xali’qarali’q ha’mja’miyet informaciyali’q texnologiyalardi’n’ terrorizm qurali’ si’pati’nda paydalani’li’wi’ global qa’wipsizlirk ha’m ti’ni’shli’qqa qanshelli zi’yan jetkiziwin an’lap jetti. Wo’tken ji’llar dawami’nda ha’r qi’yli’ xali’qarali’q sho’lkemler informaciyali’q texnologiyalardi’n’ ji’nayi’ maqsetlerde qollani’lmawi’ ha’m bul tarawdi’n’ uli’wmaadamzatli’q ti’ni’shli’qqa qa’wip sali’wi’ ushi’n paydalani’lmawi’n tamiyinlewge uri’nbaqta. Sonday-aq bul sho’lkemler hu’kimetlerdin’ axborot texnologiyalari’nan insan huqi’qlari’ ha’m yerkinliklerin sheklew ushi’n paydalani’wi’na da qarsi’ gu’resip kelmekte.

O’zbekistan realli’g’i’nan kelip shi’g’i’p, ja’miyetimiz qa’wipsizligi, turaqli’li’g’i’na axborot globallasi’w fenomeni qurali’ ja’rdeminde qaliplesiwi yaki ku’sheyiwi mu’mkin bolg’an salmaqli’ mashqalalardi’n’ biri informacion islamlasi’w boli’p tabi’ladi’. Usi’atamani’ qollang’an rus ali’mi’ A.Ignatenko islami’y ha’reketler ha’m toparlardi’n’ informacion globallasi’w sha’rayati’ndag’i’ iskerligin analizlegen. Wol a’yne internette barli’q radikal islami’y is-ha’reketlerden dep tan ali’ng’an ha’reketler ha’m toparlardi’n’ internettegi saytlari’n analizler yeken, televizor ha’m radio kibi zamanago’y progress jetiskenliklerin biykarlawshi’ «Taliban» ha’reketinin de wo’z aldi’na sayti’ bar yekenligin ha’m talibanlar internettin’ u’git-na’siyattag’i’ ten’siz worni’n biykarlamaytug’i’nli’g’i’n atap ko’rsetedi.

A.Ignatenkoni’n’ atap ko’rsetiwinshe, yeger itibar menen internette ne ju’z berip ati’rg’anli’g’i’na na’zer taslansa, internet islami’y ha’reketlerdin’ global ko’lemdegi u’git-na’siyat worayi’na aylani’p bolg’an. Bu’gingi kunde internette u’lken ha’m kishi bolg’an ko’pshilik islami’y ha’reketler ha’m toparlardi’n’ saytlari’ wornalasti’ri’lg’an ha’m bul saytlar tez-tez wo’zgertilip, jan’a informaciyalar menen turaqli’ tu’rde bayi’ti’li’p bari’ladi’.

Son’g’i’ ji’llarda terroristlik sho’lkemler ideyalari’n u’git-na’siyatlawg’a qarati’lg’an veb-saytlardi’n’ sani’ bir neshe yese artqan. Atap aytqanda, 10 ji’l buri’n bunday saytlar sani’ 20 bolg’an bolsa, bu’gingi ku’nde du’n’yada terroristler paydalanatug’i’n 5000 den arti’q internet saytlari’ wori’n alg’an boli’p, wolarg’a xi’zmet korsetiwshi potallar sani’ arti’p barmaqta.

Diniy ekstremistler ha’m terroristlerdin’ internettegi saytlari’nda sho’lkemnin’ maqseti, tariyxi’, sonday-aq socialli’q-ekonomikali’q, siyasiy mazmundag’i’ mag’li’wmatlarg’a ken’ wori’n beriledi. Wolar wo’zlerin ku’sh isletiw joli’na wo’tiwge ma’jbu’r bolg’an yetip ko’rsetiwge ham woni’ tiykarlawg’a, terror ha’m qopari’wshi’li’q ha’reketlerin ma’nawiy ha’m a’dep-ikramli’li’q jaqtan aqlawg’a umti’ladi’. Bunda wo’zlerin «azatli’q gu’resshisi», «partizan», «qarsi’li’q ko’rsetiwshi» dep atap ti’ni’shli’q ta’repdari’ yetip ko’rsetiwge ha’m wolar menen gu’reste hu’kimet ti’ni’sh jol menen ha’reket yetiwi lazi’mli’g’i’n tiykarlawg’a umi’ti’li’wi’ ken’ tarqalg’an. Wolar saytlarda hu’kimet ta’repinen qollani’li’p ati’rg’an usi’llardi’ «ji’rqi’shli’q» usi’l si’pati’nda ashi’p beriwge ayri’qsha itibar qaratadi’.

Operativ informaciyalar, jan’ali’qlardi’n’ bir waqi’tti’n’ wo’zinde bir neshe tilde ha’m terroristler ushi’n paydali’ bolg’an bag’darda berip bari’li’wi’, wolardi’n’ iskerligin aqlawshi’, «qaharmanli’qlari’n» ji’rlawshi’ qosi’qlar, klipler beriliwi bunday saytlardi’n’ ideologiyali’q ha’m emeocionalli’q quwati’n artti’ri’wg’a xi’zmet yetedi.

Bu’gingi ku’nnin’ realli’g’i’ - virtual komp’yuter sociallasi’w yamasa kiber-sociallasi’w. Bul shaxsti’n’ kiberken’isliktegi sociallasi’wi’, yag’ni’y wo’mir iskerligi kontekstinde zamanago’y informaciyali’q ha’m komp’yuter texnologiya-

lari'n qollani'wi' ta'siri asti'nda ha'm na'tiyjesinde woni'n' wo'zin-wo'zi an'law strukturasi'ni'n' wo'zgeriw procesi boli'p tabi'ladi'. Adamni'n' kibersociallasi'wi' Internet-wortali'qta, woni'n' resurslari'nan paydalani'w, sociallasi'wdi'n' virtual agentleri menen socialli'q tarmaqlarda, elektron pochta arqali' xat ali'si'w procesinde, forumlar, chatlar, bloglar, telekonferenciyalar, online-woyi'nlar bari'si'nda a'melge asadi'. Bul processte adamda kiberken'islik, yag'ni'y adamni'n' jan'a virtual wo'miri ken'isligi menen baylani'sli' bir qatar jan'a u'mitler, ma'pler, motivler, maqsetler, talaplar, qag'i'ydalar, sonday-aq psixologiyali'q ha'm socialli'q belsendilik formalari' payda boladi'. Tarmaqta adam wo'zinin' qanday bolg'i'si' kelse, sonday bola aladi', biraq haqi'yqatli'qti'g'i'day emes.

Bu'gingi ku'nde derlik ha'r bir u'yde wori'n alg'an Internet bizin' imkaniyatlari'mi'zdi' ken'eytpekte, bul a'sirese socialli'q tarmaqlar dep at alg'an qubi'li'sqa tiyisli. Wolar bu'gingi ku'nde ku'ta' ken' tani'mal bolmaqta. Ha'r ku'ni millionlap adamlar wolardi'n' xi'zmetinen paydalanbaqta: birewler doslardi', klientlerdi, jumi's beriwshilerdi yamasa jumi'sshi'lardi' izleydi, yekinshileri bolsa tek waqi'tti' «wo'ltiredi».

Ha'zirgi ku'nde socialli'q tarmaqlardi'n' perspektivalari' haqqi'nda wog'ada ha'r qi'yli' ko'z-qaraslar wori'n alg'an ha'm bul perspektivalar wolar bag'darlang'an maqsetli auditoriyalardan g'a'rezli boladi'. So'zsiz, socialli'q tarmaqlardi'n' da, Internettin' de tuti'ni'wshi'lari'ni'n' ko'pshilik bo'limin jaslar quraydi'. Jaslar barli'q waqi'tta ha'm barli'q jerde informaciyali'q, kommunikativlik ha'm basqa da innovaciyalardi' tasi'wshi' belsendi socialli'q ku'sh si'pati'nda qabi'l yetiledi. Al socialli'q tarmaqlar saytlari' bolsa udayi' wo'zgerip, transformaciyag'a ushi'rap woti'ri'wshi' ja'miyette wo'zine ta'n wo'tkizgish rolin atqaradi'. Socialli'q tarmaqlar saytlari' jaslarg'a wo'zin-wo'zi realizaciyalawda, yag'ni'y ju'zege shi'g'ari'wda, wo'zin-wo'zi prezentaciyalawda ko'meklesedi, wolar ushi'n wo'z qatar-qurbi'lari'ni'n' maqullawi' ko'binese abctrakt boli'p ko'rinetug'i'n «ja'miyettin'» maqullawi'na qarag'anda anag'urli'm a'hmiyetlirek boli'p tabi'ladi'.

Virtual ken'isliktegi iskerlik jaslar ma'deniyati'ni'n' qa'liplesiwine unamli' ha'm unamsi'z ta'sir ko'rsetedi.

**Unamli’ ta’siri.** Internet informaciyali’q ha’m ag’arti’wshi’li’q rol’ atqaradi’. Wol jaslardi’ barli’q ju’z berip ati’rg’an waqi’ya, qubi’li’slardan xabardar etip, «u’ydin’ diywallari’n planeta shegaralari’na shekem sozadi’». A’yne socialli’q tarmaqlarda jaslar alda turg’an waqi’yalar, qi’zi’qli’ ushi’rasi’wlar haqqi’nda bilip aladi’, «qi’zi’g’i’wshi’li’qlari’» boyi’nsha toparlarg’a kiredi, muzi’ka ha’m videofayllar menen almasadi’.

Internet tarmag’i’ni’n’ rawajlani’w bag’darlari’ni’n’ biri si’pati’nda socialli’q tarmaqlar socium ushi’n a’hmiyetli bolg’an kommunikativli funkciyani’ atqaradi’. Internet wo’zinin’ interaktivligi, personal bag’darlang’anli’g’i’, iykemleskishligi, wo’z-ara baylani’sli’li’g’i’, u’nemshilligi si’yaqli’ bir qatar qa’siyetleri sebepli yen’ na’tiyjeli qari’m-qatnasi’q ken’isligi boli’p tabi’ladi’. Bir qatar ekspertlik mag’li’wmatlarg’a qarag’anda tarmaq tuti’ni’wshi’lari’ni’n’ 60% inen aslami’ jasi’ 35 ke shekemgi adamlar eken. Al bul jastag’i’lardi’n’ yen’ belsendi segmenti 18-24 jas arali’g’i’ndag’i’lar boli’p tabi’ladi’.

Son’g’i’ da’wirde Internetti shaxsti’n’ wo’zin-wo’zi realizaciyalaw, yamasa ko’rsetiw tarawi’na aylandi’ri’w tendenciyasi’ ko’zge taslanbaqta. Adamni’n’ bel-gili bir sebeplerge ko’re wo’zin qi’zi’qti’ri’wshi’ partnerlar menen birge islesiwi woni’n’ wo’zinin’ pikirleslerin tabi’wi’na, wolar menen mu’na’sibette wo’zin ko’rsetiwine ali’p keledi. Mi’sali’ socialli’q tarmaqlarda wo’z qosi’qlari’n, nama-lari’n, si’zg’an su’wretlerin, tu’sirgen fotosu’wretlerin, bilgen mag’li’wmatlari’n qoyg’an adamlar ha’m wolardi’ talqi’lawshi’lardi’ ko’plep ushi’rati’w mu’mkin. Al real wo’mirde bunday adamlar ushi’n wo’zinin’ fotoko’rgizbelerin, su’wret galereyalari’n, koncertlerin sho’lkemlestiriw ha’m t.b. bir qansha waqi’tti’, g’a’re-jetti, ko’plep ruxsatnamalar, kelisim-sha’rtnamalardi’ talap yetken bolar yedi.

Internettin’ unamli’ ta’sirlerinin’ biri si’pati’nda jaslardi’n’ ma’deniyati’ni’n’, soni’n’ ishinde siyasiy ma’deniyati’ni’n’ ko’teriliwine ta’sirin ayti’w mu’mkin. Internet ha’kimiyat ha’m xali’qti’n’ wo’z-ara xabarlandi’ri’w kanali’ si’pati’nda ken’ imkaniyatlarg’a iye yekenligin ko’rsetpekte.

**Unamsi’z ta’siri:** Birinshiden, internet tarmag’i’nda ku’sh kul’tin, agressivlikti na’siyatlap, moralli’q azg’i’nlawg’a ali’p keletug’i’n agressiya,

zorli’q, jawi’zli’q aktlerinin’ wog’ada ko’pligi. Aqi’betinde bul shaxsti’n’ naduri’s qa’liplesiwine, balalar ha’m wo’spirimlerdin’ minez-qulqi’ni’n’ deviant formalari’na ali’p keledi.

Yekinshiden, socialli’q tarmaqlar da’stu’riy institutlar bolg’an shan’araqti’, mektepti, ha’tteki real doslar menen qurbi’-qurdaslardi’ da yekinshi plang’a i’si’ri’p taslamaqta. Illyuzor, fantastikali’q a’lemdi realli’qti’n’ ni’zamlari’ tiykari’nda ha’reketleniw menen qosarlasti’ri’w virtual du’n’yani’ wog’ada tarti’mli’ yetedi. Virtual du’n’ya aktori’nda «virtualli’qtan g’a’rezlilik» qa’liplesedi. Qorshag’an wortali’qtan qanaatlanbag’anli’q (shaxsiy, ekonomikali’q, socioma’deniy aspektler ha’m t.b.) sebepli komp’yuterden g’a’rezlilik a’ste-aqi’ri’n teren’lesip, adamni’n’ virtual du’n’yani’ abzal biliwine, wo’zi ushi’n yen’ qolayli’ dep yesaplawi’na ali’p keledi. Kiberg’a’rezlilik geyde sonday da’rejede ku’sheyip, jaslar real du’n’yadan baylani’slari’n u’zip ali’p, virtual du’n’yag’a pu’tkilley kirip ketedi. Bul unamsi’z ta’sir virtual du’n’yada tuti’ni’wshi’ni’n’ wo’z betinshe wo’zine unaytug’i’n wo’mirdi, qa’legenin’she buza alatug’i’n, biraq buni’n’ ushi’n jazalanbaytug’i’n ni’zamlardi’, wo’zine unag’an normalardi’ jarati’p ali’w imkaniyati’nda ko’rinis tabadi’. Bulardi’n’ barli’g’i’ ha’mme ta’repinen qabi’l yetilgen normalar ha’m qag’i’ydalar wori’n alg’an ha’m wolardi’ buzg’anli’q ushi’n qatan’ sankciyalar qollani’latug’i’n real du’n’yani’ virtual du’n’ya menen almasti’ri’wg’a ali’p keledi. Wonnan qalsa, geypara jaslar virtual du’n’yada jarati’lg’an socialli’q normalardi’ real qari’m-qatnasi’qlarda da qollani’p, ja’miyettin’ qa’liplesken normativ negizlerin i’di’ratpaqta. Bul negizlerge son’g’i’ da’wirde qa’wipler ku’sheyip barmaqta, sonli’qtan wolardi’ virtuallasti’ri’w socialli’q sanani’n’, minez-quli’qti’n’, ma’deniyatti’n’ barg’an sayi’n ku’shlirek deformaciyalani’wi’na ali’p keledi.

U’shinshiden, socialli’q tarmaqlarda informaciyalar u’stinen qadag’alaw joq, wol tosqi’nli’qlarsi’z tuti’ni’wshi’lardi’n’ barli’q kategoriyalari’na kirip baradi’. Ko’binese bul informaciyalar sapasi’z, jalg’an, antisocialli’q yaki a’piwayi’ tu’rde «bos», kereksiz boli’p tabi’ladi’. Socialli’q tarmaqlarda real turmi’stag’i’day sha’rtlilikler joq. Ko’pshilik adamlar ushi’n real wo’mirde so’ylesiw an’sat yemes,

wolar ushi’n wo’z pikirlerin jazba tu’rde bayan yetiw a’piwayi’raq. Bul ma’deniyat, massali’q auditoriyani’, a’sirese wo’sip kiyati’rg’an jaslardi’ ruwxi’y-a’dep-ikramli’li’q ta’rbiyalaw da’rejesine unamsi’z ta’sir jasamaqta.

To’rtinshiden, socialli’q tarmaqlar bos waqi’tti’ wo’tkiziwdin’ tiykarg’i’ worni’ boli’p barmaqta. Geypara sociologiyali’q izertlewler na’tiyjelerine ko’re, jaslardi’n’ 14,3%i wo’zinin’ barli’q bos waqi’tlari’n socialli’q tarmaqlarg’a jumsaydi’ yeken, 54,7%i – ku’nine bir neshe saat, 25,3% jaslar ha’ptede bir neshe ret kiredi, tek g’ana 5,7%i ayi’na bir ma’rtebeden ko’p kirmeydi yeken. Bul jaslardi’n’ barg’an sayi’n passiv turmi’s ta’rizine wo’tip ati’rg’anli’g’i’n, wolardi’n’ ko’pshiligi iskerliktin socialli’q a’hmiyetli tu’rleri menen, sonday-aq kitap woqi’w, ko’rgizbelerge, muzeylerge, teatrlarg’a bari’w, sport penen kem shug’i’llani’p ati’rg’anli’g’i’n ko’rsetedi.

Ha’zirgi ku’nde socialli’q tarmaqlar Internet global tarmag’i’na kiriwshilerinin’ aqi’l-woyi’n iyelep alg’ani’ sonshelli, «Odnoklassniki», «Moy mir», «V kontakte», «Facebook» haqqi’nda yesitpegenler derlik joqti’n’ a’tirapi’nda. Haqi’yqattan da tarmaqlardi’n’ turmi’s, waqi’t g’alma-g’ali’ tek g’ana bir yeldin’ yemes, al pu’tkil du’n’yani’n’ ha’r qi’yli’ mu’yeshlerine tarqati’p jibergen adamlardi’ birlestiriwin unamli’ tendenciya si’pati’nda bahalaw mu’mkin. Biraq, joqari’da atap o’tilgenindey, bir qatar unamsi’z ta’repleri de bar.

Yendi bul socialli’q tarmaqlarda jaslari’mi’zdi’n’ neler haqqi’nda so’ylesetug’i’nli’g’i’na da itibar bereyik. Bir qatar yellerde wo’tkerilgen socialli’q izertlewler na’tiyjelerine ko’re, jaslardi’n’ ko’pshiligi tarmaqlarda salmaqli’ bir na’rselerdi talqi’lamaydi’ eken, al «ja’ysha, annan-mi’nnan ga’p ashi’p» woti’rar eken. Yekinshi wori’nda bolsa, adamlar wortasi’ndag’i’ qari’m-qatnasi’q, u’shinshi wori’nda bolsa woqi’w mashqalalari’ turadi’ yeken. Basqalari’na karag’anda jiyi ushi’rasatug’i’n temalar qatari’nda respondentler ji’ni’slar wortasi’ndag’i’ qatnasi’qlardi’, filosofiyali’q xarakterdegi ma’selelerdi, moda ha’m stil’ ma’selelerin, ma’deniyat ma’selelerin, siyasiy mashqalalardi’ (ma’mleket du’zilisi, partiyali’q sistema, yeldegi siyasiy jag’day) ha’m ekonomikali’q mashqalalardi’ (inflyaciya, krizis) ko’rsetip wo’tken. Soni’ ayti’p

wo'tiw kerek, virtual ken'islikte ha'reket yetiwshilerdin' jas kategoriyalari'ni'n' ha'r birinin' wo'zinin' qi'zi'g'i'wshi'li'qlari', wolarg'a sa'ykes tu'rdegi talqi'laytugi'n temalari' bar.

Soni' ayti'p wo'tiw kerek, 14-18 jasar tarmaq tuti'ni'wshi'lari' arasi'nda trolling qubi'li'si' da ushi'rasadi'. Trolling (angl. *trolling* — bali'qti' blesnag'a tuti'w) – Internette (forumlarda, diskussiyali'q toparlarda ha'm t.b.) qatnasi'wshi'lar arasi'nda konfliktlerdi, wo'z-ara kemsitiwlerdi, qorlawdi' keltirip shi'g'ari'w maqsetinde provokaciyali'q xabarlardi' jaylasti'ri'w. «Trolling»tin' tiykarg'i' maqseti anaw yaki mi'naw da'rejede sanani' manipulyaciyalaw boli'p, wol arqali' wo'zgelerdi ha'mja'miyet aldi'nda diskreditaciyalaw ja'rdeminde wo'zin-wo'zi tasti'yi'qlaw boli'p tabi'ladi'. Bul jaslardi'n' sociallasi'wi'na, wolardi'n' ma'deniyati'na socialli'q tarmaqlardi'n' unamsi'z ta'sirlerinin' tag'i' bir ko'rinisi. Socialli'q tarmaqlarg'a bunday maqsetlerde kiriw real o'mirde, ja'miyette wori'n alg'an a'dep-ikramli'li'q normalari' haqqi'nda tu'siniklerdi buzadi'. Joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey, buni'n' ushi'n realli'qta belgili bir jazalar qollani'lsa, tarmaqlarda bul normalardi' buzi'w hesh qanday negativ sankciyalardi'n' qollani'li'wi'na ali'p kelmeydi.

Statistikali'q mag'li'wmatlarg'a qarag'anda, 2012-ji'li' veb-auditoriya sani' 2,3 mlrd. adamg'a jetken, yag'ni'y tarmaqqa shi'g'i'w imkaniyati' Jer xalqi'ni'n' 30% de bar yeken.

Shanxay birge islesiw sho'lkemine ag'za ma'mleketler wortasi'nda axborot qa'wipsizligi tarawi'nda da na'tiyjeli iskerlik ali'p bari'lmaqta. 2012-ji'li' 27-martta Tashkente boli'p wo'tken SHBSH ni'n' regionalli'q antiterrorli'q strukturasi'ni'n' ji'ynali'si'nda ag'za ma'mleketler wortasi'nda axborot qa'wipsizigin ta'miyinlewde jan'a zamanago'y ko'nlikpege iye boli'w, komp'yuter tarmaqlari'nan terroristlik maqsetlerde paydalani'p ati'rg'an sho'lkemlerdi ani'qlaw, wolarg'a qarsi' gu'resiw tuwrali' kelisimge yerisilgen.

Joqari'dag'i' mag'li'wmatlardan juwmaq shi'g'ari'p ayti'w mu'mkin, «axborot terrorizmi» ha'zirgi ku'nde zamanago'y terrorizmnin' bir korinisi si'pati'nda ma'mleketler wortasi'nda axborot uri'si'n keltirip shi'g'ari'wi', axborot

qurallari’nan paydalang’an halda terroristlik sho’lkemler ta’repinen terakt a’melge asi’ri’li’wi’ mu’mkinligi du’n’ya ha’mja’miyetin ta’shwishke salmaqta.

2001-ji’ldi’n’ 23-noyabrinde Evropa Ken’esi Internet Ji’nayatlari’na Qarsi’ Konvenciya qabi’l yetti. 2002-ji’ldi’n’ mayi’na bari’p, usi’ ken’eske ag’za 29 ha’m ag’za bolmag’an 4 ma’mleket imzaladi’. Konvenciya axborot texnologiyalari’n-dag’i’ ji’nayatlarg’a qarsi’ uli’wmali’q sharalar ko’riwge, za’ru’r ni’zamlar qabi’llawg’a ha’m mashqalag’a qarsi’ xali’qarali’q birge islesiwdi artti’ri’wg’a shaqi’radi’.

Prezidentimiz Islam Karimov jaslardi’n’ qanday yetip aqidaparast agi’mlar tasirine berilip, ji’nayat ko’shesine kirip qali’p ati’rg’anli’gi’ haqqi’nda bi’lay deydi: «Bizin’ u’git-na’siyat islerimiz tar shen’berlerde qali’p ketip ati’r, turmi’sti’n’ ken’ qatlamlari’na kirip bara almay ati’r, ta’jiriybesiz, pispegen, bilimi, du’n’yag’a ko’z-qarasi’ sheklengen ayi’ri’m jaslardi’n’ sanasi’na jetip barmay ati’r. Na’tiyjede wolar bizge jat bolg’an si’rtqi’ tasirlerge, buzg’i’nshi’ ideyalarg’a ko’re-bile berilip, ha’tteki wo’z ata-anasi’na, xalqi’ ha’m Watani’na qol ko’teriwshi jawi’zlarg’a aylanbaqta».

O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ 2005-ji’l 5-sentyabr’de qabi’l yetilgen «Milliy axborot kommunikaciya sistemalari’nda komp’yuter qa’wipsiz-ligin ta’miyinlewge baylani’sli’ qosi’msha shara-ilajlar haqqi’nda»g’i’ 167-sanli’ Qarari’ biz izertlep ati’rg’an mashqala ushi’n na’wbettegi a’hmiyetli siyasiy hu’jjet boldi’. Bulardan ko’rinip turi’pti’, internet tarmag’i’ arqali’ tarqati’li’p ati’rg’an qa’wipler global ko’lemdegi qa’wiplerdin’ yen’ u’lkeni boli’p tabi’ladi’.

Bunday qa’wiplerdin’ aldi’n ali’wdi’n’ birden-bir joli’ – bul jas a’wladti’ milliy ham uli’wmainsani’y qa’diriyatlar ruwxi’nda ta’rbiyalaw. A’yne payi’tta «Milliy tikleniw» demokratiyali’q partiyasi’ frakciyasi’ni’n’ bir topar deputatlari’ «Yer jetpegenlerdin’ axborot qa’wipsizligi haqqi’nda»g’i’ ni’zam joybari’ u’stinde islemekte. bul ni’zam joybari’ xali’qarali’q a’meliyatqa tuwra keledi ha’m ha’zirgi ku’nde barli’q demokratiyali’q ma’mleketlerde sonday hu’jjetler wori’n alg’an.

Juwmaqlay woti’ri’p soni’ ayti’w mu’mkin, jaslarda Internetten ali’ni’p ati’rg’an axborotlarg’a kritikali’q jantasi’w yepliligin payda yetiw, tarmaqti’n’

paydali’ derekleri tiykari’nda wo’z du’n’yag’a ko’z-qarasi’n ken’eytiw, zi’yanli’ mag’li’wmatlardi’ biykarlay biliwin, sonday-aq ideologiyali’q immunitetti payda yetiw bu’gingi ku’ndegi aktual wazi’ypa yesaplanadi’. Usi’ wori’nda ayti’p wo’tiw kerek, ha’r bir shaxs belgili bir konlikpe ha’m bilimlerge, diniy ha’m du’n’yali’q ilimlerdin ma’nisin tusine ali’w qa’biletine iye boli’wi’, du’n’yada ju’z berip ati’rg’an siyasiy ham ekonomikali’q processlerge biypari’q bolmawi’ kerek. Buni’ yen’ da’slep, wo’zinin’ ta’g’diri, keleshegi aldi’ndag’i’ juwapkershiligi dep bilse, yekinshiden, watani’ ha’m xalqi’ aldi’ndag’i’ pari’zi’ dep tu’siniwi lazi’m.

## 3.2. Milliy ma'nawiy qa'wipsizlikti ta'miyinlewdi uli'wmamilliy ideyag'a aylandi'ri'wshi' faktorlar

Bu'gingi ku'nge kelip, bir ta'repten, globallasi'w ha'm axborotlasi'w procesi ta'sirinde rawajlani'p ati'rg'an ma'mleketlerde jasap ati'rg'an titul milletler ma'nawiyati'nda quramali' processler ju'z berip ati'rg'an bolsa, yekinshi ta'repten, joqari' rawajlani'w basqi'shlari'na yerisken ma'mleketlerde tuwi'li'wdi'n' keskin kemeyiwi na'tiyjesinde xali'qti'n' wo'siwi nashar awhalg'a tu'sip qali'wi' kibi jag'day ju'zege kelmekte. Globallasi'w ha'm axborotlasi'w processlerinde wo'z qollari'nda bolg'an ekonomika, ilim, texnika ha'm texnologiya faktorlari' arqali' rawajlang'an ma'mleketler rawajlani'p ati'rg'an ma'mleketlerdi wo'zlerine baylap qoymaqta. Bul usi' ma'mleketler wortasi'nda keskinlikti, qarama-qarsi'li'qti' keltirip shi'g'armaqta.

Rawajlang'an ma'mleketlerde xali'q sani'ni'n' kemeyiwi tiykari'nan titul milletler yesesine ju'z bermekte. Usi'g'an qaramastan wolarda qaliplestirilip, rawajlani'p ati'rg'an ma'mleketler xali'qlari'ni'n' sanasi'na ken yen jaydi'ri'li'p ati'rg'an «g'alaba ma'deniyat» kem rawajlang'an milletler ma'nawiyati'ni'n' jemiriliwine ali'p kelmekte. Wo'ytkeni rawajlang'an ma'mleketlerde ma'mleket siyasati' da'rejesinde wo'zlerine kirip kiyati'rg'an migrantlardi'n' titul milletler tili, ma'nawiyati', u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerin, qa'diriyatlari'n wo'zlestirip ali'wi' talap yetilmekte. Bul belgili da'rejede wo'z na'tiyjesin bermekte. Wo'ytkeni migrantlar bul ma'mleketlerge materialli'q ma'pdarli'q sebepli kirip barg'anli'qtan, wolardi'n' arasi'ndag'i' yeliklewge meyil millet wa'killerinin' sanasi' ha'm qalbin ekonomikali'q faktor arqali' iyelew imkaniyatlari' wori'n aladi'. Wolardi'n' uzaq ji'llar dawami'nda bul ma'mleketlerde jasap qali'wi' da milliy wo'zliklerin saqlap qali'wi'na keri ta'sir jasaydi'.

Bunnan ti'sqari' rawajlani'p ati'rg'an ma'mlekeetlerdegi titul milletler wo'tiw da'wirinde ekonomikada ju'z bergen mashqalalar ta'sirinde wo'zlerinin' ku'ndelikli turmi'si' menen baylani'sli' bolg'an ekonomikali'q ham socialli'q ma'selelerdi sheshiwge tiykarg'i' itibardi' qarati'p, milliy ma'nawiyatlari'nda keship ati'rg'an ishki ha'm si'rtqi' jemiriliwlerdi «sezbewi», sezip ati'rg'anlari' da

a’ne usi’ processke biypari’q boli’p qali’w qa’wpi wori’n alg’an. Wolar wo’zlerinin’ pa’rawan turmi’si’ tasirinde jasawg’au’yrenip qaladi’.

Joqari’ rawajlang’an ma’mleketlerdegi wo’z milletinin’ u’stinligin ta’miyinlew bari’si’ndag’i’ ma’mleketlik siyasati’ menen wo’zlerinin’ ekonomikali’q-soyialli’q turmi’si’n tiklep, pa’rawan turmi’sqa yerisiw joli’na kirip barati’rg’an ha’m kem rawajlang’an ma’mleketlerdegi milletlerdin’ wo’z tili, u’rp-a’det, da’stu’r ha’m qa’diriyatlari’n saqlap qali’wg’a bolg’an umti’li’slari’ni’n’ barg’an sayi’n ku’sheyiwi wortasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’q, aqi’r-aqi’betinde, bu’gingi civilizaciyani’ pu’tkilley joq yetiwi mu’mkin. Yeger bunday jag’day ju’zege keletug’i’n bolsa, ha’r yeki ta’rep te bu’gingi joqari’ rawajlani’w ko’rsetkishlerin ha’m progresske qaray turaqli’ ra’wishte yerisken imkaniyatlari’n qoldan jiberip qoymaytug’i’nli’g’i’na hesh kim kepillik bermeydi.

Bu’gin insaniyatti’n’ intellektual potenciali’ buri’n ko’rilmegen da’rejede rawajlani’p, ha’mme na’rseni a’melge asi’ri’w da’rejesine jetti. A’ne usi’ sharayatta woni’n’ wo’mirin uzayti’p, wol yerisken civilizaciyani’ tarepler wortasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qti’ ku’sh isletiw joli’ menen yemes, ba’lkim wo’z-ara ma’pdarli’q ha’m wo’zligin qorg’awdi’n’ ag’arti’wshi’li’q joli’ menen ten’ salmaqli’li’qqa keltiriw tiykari’nda aldi’n ali’w imkaniyatlari’nan paydalani’wg’a yerisiw za’ru’rligi ku’sheyip barmaqta.

Bu’gingi ku’nde ku’sh isletiwdin’ g’alaba ta’rizde rawajlani’p bari’wi’na jol qoymawdi’n’ imkaniyati’ bar. Wol da bolsa, ha’r yeki ta’reptin’ wo’zliginin’ saqlani’p qali’ni’wi’n, milliy ma’nawiyatti’ globallasi’w ha’m axborotlasi’wdi’n’ wo’tkizip ati’rg’an unamsi’z ta’sirlerinen qorg’awdi’ uli’wmainsani’y ideyag’a aylandi’ri’w boli’p tabi’ladi’. Bul rawajlang’an ma’mleketlerde jasap ati’rg’an titul milletler ushi’n u’lken mashqala boli’p ko’rinbese de, a’melde wolarda da milliy ma’nawiyatti’n’ jarli’lasi’wi’ a’lleqashan yen’ joqari’ rawajlani’w da’rejesine jetti. Bul wolardi’n’ ma’nawiy jarli’lani’w processlerinen qorg’ani’w sharalari’n izlew haqqi’ndag’i’ ilgeri su’rilip ati’rg’an pikirlerde wo’z sa’wleleniwin tappaqta. Lekin ba’ribir hu’kimranli’q qi’li’w psixologiyasi’ni’n’ u’stinligi wolardi’n’ «g’alaba ma’deniyat»ti’ qa’liplestiriw ha’m woni’ jer shari’na tarqati’wg’a jeteklemekte.

Yen tan'lanarli'si' sonda, wolar da bu'gin a'ne usi' qa'liplesip kiyati'rg'an «g'alaba ma'deniyat»ti'n' wo'z ma'nawiyatlari'ni'n' jarli'lani'p bari'wlari' yesesine qa'liplesip ati'rg'anli'g'i'n an'lamaqta ha'm wolardi'n' progressiv pikirlewshi intellektuallari' wonnan milliy ma'nawiyatti' asi'raw za'ru'rligi ideyalari'n ilgeri su'rmekte. Lekin, bul ideyalar yele milliy ideya da'rejesine ko'terilgeni joq.

Bul ma'mleketlerde uzaq ji'llar dawami'nda qa'liplesip kelgen, milliy sanadag'i' hu'kimranli'q qi'li'wg'a bolg'an meyilliktin' u'stinligi bug'an jol qoymay ati'r. Qullasi', bu'gingi ku'nde «g'alaba ma'deniyat»ti'n' qalipleskenligi ha'm rawajlani'w joli'nan barati'rg'an ma'mleketlerdin' ma'nawiyati'n ishinen ha'm si'rti'nan jemirip barati'rg'anli'g'i' haqi'yqat. A'ne usi'nday sha'rayatta milliy ma'nawiyati'mi'zdi' asi'ri'p qali'w, woni'n' qa'wipsizligin ta'miyinlew milliy rawajlani'wi'mi'zda tiykarg'i' wazi'ypa boli'p qalmaqta.

Milliy ma'nawiyati'mi'z qa'wipsizligin ta'miyinlewdi uli'wmamilliy ideyag'a aylandi'ri'wdi'n' tiykarg'i' faktorlari' si'pati'nda S.Otamuratov to'mendegilerdi atap ko'rsetedi:

1. Milliy intellektualdi' bu'gingi globallasi'wdi'n' milliy ma'nawiyati'mi'zg'a wo'tkizip ati'rg'an ta'siri, tezlik da'rejesinen u'stin halda rawajlandi'ri'w.
2. Milliy-ma'nawiy tikleniwimizdi dawam yettiriw, yele xalqi'mi'zdi'n' qoli'na jetip barmag'an ma'nawiy ha'm materialli'q miyraslari'mi'zdi' teren' u'yreniw, wolardi' xalqi'mi'zg'a jetkiziw ha'm wolar tiykari'nda milliy ma'nawiyati'mi'zdi' bu'gingi progresske say ra'wishte jetilistirip bari'w.
3. Milliy miyrasti' bu'gingi jaslari'mi'z sanasi' ha'm du'n'yag'a ko'z-qarasi'ni'n' aji'ralmas bo'legine aylandi'ri'w, sonday-aq wolardi'n' sanasi'nda ju'zege kelip ati'rg'an milliy ma'nawiyattan jatlasi'w tuyg'i'lari'ni'n aldi'n ali'w, wolardi'n' sanasi'n milliy ha'm uli'wmainsani'y qa'diriyatlar yesabi'nan bayi'ti'p bari'wg'a yerisiw.
4. Milliy tilimizdin' ma'mleketlik biyligine ni'zamda belgilep qoyi'lg'an da'rejede a'mel qi'li'wg'a yerisiw.

5. Zi’yali’lardi’n’ milliy ma’nawiyatti’ globallasi’wdi’n’ wo’tkizip ati’rg’an unamsi’z ta’sirinen qorg’awdag’i’ belsendiligin ku’sheytiw, wolardi’n’ psixologiyasi’ndag’i’ «passiv» baqlawshi’li’q ha’m biypari’qli’q tuyg’i’lari’nan quti’li’wg’a yerisiw.
6. Awi’ldi’n’ ma’deniy-ma’nawiy turmi’si’n globallasi’wdi’n’ ha’wij ali’p da’rejesinde rawajlandi’ri’w, awi’l xalqi’ni’n’ sanasi’n du’n’yada keship ati’r-g’an uli’wmainsani’y ideyalar menen bayi’ti’p bari’w, wolardi’ ju’zege kelip ati’rg’an miyrimsizlik tragediyalari’ni’n’ negizleri menen tani’sti’ri’w ha’m milliy ma’nawiyatti’n’ rawajlani’wi’ndag’i’ konservativ mu’na’sibetlerdi asi’rap qali’wg’a itibari’n ku’sheytiw.
7. Milliy rawajlani’w ideyasi’n izshillik penen jetilistiriw, woni’n’ ma’mleketimiz xalqi’ni’n’ sanasi’na jetiwinde ha’m a’meliyati’na aylani’wi’nda u’git-na’siyat usi’llari’nan na’tiyjeli paydalani’w, G’XQ ha’m pu’tkil ma’mleketlerde wori’n alg’an Internet ha’m basqa qurallardi’n’ milliy ma’nawiyati’mi’zdi’ si’rtqi’ unamsi’z ta’sirlerden qorg’awdag’i’ belsendiligin artti’ri’wg’a yerisiw.
8. Ni’zam u’stinligine yerisiw ha’m demokratiyali’q qa’diriyatlardi’ izshillik penen rawajlandi’ri’w[27].

Milliy intellektual potencialdi’n’ milliy-ma’nawiy qa’wipsizlikti ta’miyinlewde a’hmiyetli faktor boli’wi’ni’n’ bir qatar sebepleri bar. Wolar: 1) Milliy intellektual wo’zinin’ joqari’ aqi’l-za’kawati’, bilimi, qabileti,milliy progresske ali’p bari’wshi’ jan’a ilimiy ashi’li’wlardi’ jarati’w ha’m woni’ a’meliyatqa yengiziwde millet ishinen jetilisip shi’qqan jetekshi elitasi’ yesaplanadi’; 2. Milliy intellektual millettin basqa qatlamlari’nan pari’qlani’p, millettin’ «awi’ri’w» noqatlari’n tez an’lap jetedi, woni’ wo’z qa’lbi ha’m sanasi’nan sezedi ha’m wolardi’ saplasti’ri’w joli’nda milliy birlikti bekkemlewge jetekshilik yetedi; 3. Wol milliy ideyani’ qa’liplestiriw, millet wa’killeri sanasi’na sin’diriw, wolar sanasi’ ha’m qa’lbinde milletpa’rwarli’q, watanpa’rwarli’q, milliy ar-nami’s, maqtani’sh, millet keleshegi ushi’n juwapkershilik, milletlerara

[27] Qaran’i’z: Otamuratov S. Glob’allashuv va milliy-ma’naviy xavfsizlik. – T.: O’zbekiston, 398-399 betler

tati’wli’q ha’m uli’wmainsani’yli’q kibi qa’diriyatlardi’ qa’lipletsiriwde jetekshilik qi’ladi’; 4. Wol wo’z potenciali’ menen milliy ma’nawiyatta ju’z beretugi’n unamsi’z processlerdi belgili da’rejede aldi’n ala sezedi, woni’n’ aqi’betleri nelerge ali’p keliwi mu’mkinligin millet wa’killerine jetkiziwde jetekshilik qi’ladi’. A’ne usi’ aspektlerin yesapqa alg’anda, milliy intellektual millet ma’nawiyati’ni’n’ quram bo’legi boli’p yesaplanadi’ ha’m woni’ si’rtqi’ unamsi’z ta’sirlerden qorg’awda a’hmiyetli faktor yesaplanadi’.

Milliy-ma’nawiy qawipsizlikti tamiyinlewdin’ yekinshi a’hmiyetli faktori’ - g’a’rezsizlik ji’llari’nda a’melge asi’ri’lg’an ha’m bu’gingi ku’nde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an milliy-manawiy tikleniwimizdi izshillik penen dawam yettiriw boli’p tabi’ladi’. Bu’gingi ku’nde bul boyi’nsha u’lken isler a’melge asi’ri’ldi’, wolar haqqi’nda ju’da’ ko’p jazi’ldi’, bu’gingi ku’nde de jazi’lmaqta, ha’tteki bul tarawda qolg’a kirgizilgen tabi’slardi’ shet yelli siyasatshi’lar, jurti’mi’zg’a kelgen a’piwayi’ insanlar tan almaqta. Yerisilgen tabi’slari’mi’z wo’zimizdiki, biraq wolar menen qanaatlani’p, bul tarawda aldi’mi’zda turg’an wazi’ypalar menen mashqalalardi’ tu’sinip, wolardi’n’ sheshimin tabi’wg’a ha’reket yetpesek, yerten’gi ku’ni bul tabi’slari’mi’zdi’n’ qadiri sayi’zlani’p, milliy miyrasi’mi’zdi’n’ worni’n barg’an sayi’n ken’ qulash jazi’p ati’rg’an «g’alaba ma’deniyat» iyeleydi.

Bul boyi’nsha tiykarg’i’ wazi’ypalari’mi’z to’mendegilerdi qamti’p aladi’:

a) ata-babalari’mi’z ta’repinen bizge jetip kelgen ilimiy ha’m ta’rbiyali’q a’hmiyetke iye bolg’an qoljazbalardi’ ana tilmizge ta’rjimalawdi’ rawajlandi’ri’w, materialli’q yesteliklerdi rekonstrukciyalawdi’ dawam yettiriw;

b) miyrasi’mi’zdi’, yen’ da’slep, xalqi’mi’z wortasi’nda ken’ g’alabalasti’ri’w ha’m a’yne payi’tta xali’qarali’q ko’lemde u’git-na’siyatlawdi’ ku’sheytiw, wolarg’a tiykarlani’p jetik ilimiy, ko’rkem shi’g’armalar ha’m millet psixologiya-si’n bayi’ti’wg’a unamli’ tasir wo’tkizetug’i’n iskusstvo shi’g’armalari’n jarati’w;

v) bu’gingi ku’ndelik turmi’si’mi’zda, u’y-jay quri’w, u’rp-a’detler, da’stu’rler ha’m qa’diriyatlari’mi’zdi’ zamanago’ylestiriwde wolarg’a tayani’w, wolardan XXI a’sir milliy ma’nawiyati’n qa’liplestiriwdin’ tiykarg’i’ deregi si’pati’nda paydalani’w.

Wo’zimizdin’ materialli’q ha’m ma’nawiy miyraslari’mi’z ju’da bay, insandi’ ko’terin’kilik, ma’nawiy jetiklik, ka’millik, uli’wmainsani’yli’q ha’m milliylikti uli’g’lawg’a unamli’ tasir yetiwde hesh bir xali’qtikinen kem bolmasa da, wolardi’ bu’gin xalqi’mi’z arzi’w yetken da’rejede ko’rsetip beriwge bag’i’shlang’an iskusstvo shi’g’armalari’ bolmag’anli’g’i’ sebepli Bati’s jazi’wshi’lari’ni’n’ ko’rkem shi’g’armalari’n, Koreya, Yaponiya, Qi’tay, Tu’rkiyani’n’ tariyxi’y fil’mleri mi’sali’nda u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q penen tamasha yetemiz. Biz wolardi’n’ za’ru’rligin biykarlamaqshi’ yemespiz, so’z milliy psixologiyami’zdi’ miyraslari’mi’z benen bayi’ti’w haqqi’nda barmaqta. Bu’gingi ku’nde xalqi’mi’zda miyrasi’mi’zdi’ ji’rlawshi’ joqari’ da’rejedegi ko’rkem ham iskusstvo shi’g’armalari’n tamashalaw, wolardan ma’nawiy azi’q ali’wg’a qi’zi’g’i’wshi’li’q ha’m za’ru’rlik bar, lekin, tilekke qarsi’, woni’ qanaatlandi’ri’w ha’zirshe zaman talaplari’ da’rejesinde yemes.

Ata-babalari’mi’zdan qalg’an miyrasi’mi’zdi’ qayta tiklew za’ru’rliginin’ arti’p barati’rg’anli’g’i’ haqqi’nda pikir ju’rgizgenimizde xali’qti’n’ qa’lbinin’ nuri’ menen jarati’lg’an ha’m qa’diriyatlar sistemasi’nan mu’na’sip wori’n iyelegen da’stu’riy xali’q ma’deniyati’n qayta tiklewdin’ a’hmiyetin ayri’qsha atap ko’rsetiw wori’nli’. Wo’ytkeni wol xali’qti’n’ wo’zi jaratqan, woni’n’ menshigi, soni’n’ ushi’n da xali’qti’n’ qa’lbine jaqi’n, woni’n’ sanasi’ ha’m psixologiyasi’na quwat ha’m ilham bag’i’shlaytug’i’n biybaha g’a’ziyne yesaplanadi’. «Da’stu’riy xali’q ma’deniyati’, - dep jazadi’ belgili ma’deniyattani’wshi’ ali’p professor U.Qarabaev, - etnoslardi’n’ tariyxi’y-ma’nawiy za’ru’rligi tiykari’nda ju’zege kelgen, wolardi’n’ aqi’li’y-do’retiwshilik iskerligi na’tiyjesinde rawajlang’an, mi’n’ ji’llar dawami’nda ata-babalar pikirleri», ta’jiriybeleri, arzi’w-qa’lewleri, da’stu’rleri ha’m qa’diriyatlari’n wo’zinde birlestirgen, a’wladtan-a’wladqa wo’tip, a’sirler asa qa’liplesip, jetilisip barqan biybaha miyras ha’mde ja’miyetimizdi a’dep-ikramli’li’q jaqtan salamatlasti’ri’wshi’ ha’m insanpa’rwarli’qti’ turaqli’ yetiwshi xali’qti’n’ ma’nawiy kamal tabi’wi’na xi’zmet yetetug’i’n a’xmiyetli faktor»[28]. Da’stu’riy xali’q ma’deniyati’n tiklew boyi’nsha g’a’rezsizlik

[28] Qoraboev U. Madaniyat masalalari. – T.: O’zbekiston milliy enciklopediyasi, 2009. 40-bet

ji'llari'nda ma'mleketimizde salmaqli' isler a'melge asi'ri'ldi'. A'sirese Nawri'z bayrami'ni'n' qayta tikleniwi ha'm wonda ata-babalari'mi'zdan miyras boli'p qalg'an ma'mleketimizdin' ha'r bir aymag'i'na ta'n xali'q woyi'nlari', ayti'si'w, lapar, kiyiniw da'stu'rlerinde bu'gingi ku'nde jaslari'mi'zdi'n' wo'zleri qatnasi'p ati'rg'anli'g'i' wolardi'n' sanasi'nda negizlerimizge bolg'an mehirdin' arti'wi'na, wolardi' wo'zlestiriwge bolg'an qi'zi'g'i'wshi'li'qti' rawajlandi'ri'wg'a unamli' ta'sir wo'tkizbekte. Yeger wolardi' ja'ne de kobirek g'alabalasti'ri'wg'a yerise alsaq, milliy ma'nawiyati'mi'zdi' si'rtqi' ta'sirlerden qorg'awda imkaniyat-lari'mi'z da ken'eyip baradi', woni'n' qa'wipsizligi ta'miyinlenedi.

Milliy manawiyati'mi'z qawipsizligin ta'miyinlewdin' u'shinshi faktori' milliy-ma'nawiy miyrasi'mi'zdi' jaslari'mi'z sanasi' ha'm du'n'yag'a ko'z-qarasi'ni'n' aji'ralmas bo'legine aylandi'ri'w boli'p tabi'ladi'. Wo'ytkeni, birinshi ta'repten, ma'mleketimiz xalqi'ni'n' ko'pshilik bo'legin jaslar qurag'anli'qtan ha'm wolarg'a ayri'qsha itibar beriw kerekligi menen baylani'sli'; yekinshi ta'repten, bu'gingi ku'nde jaslari'mi'zdi'n': a) milliy-ma'nawiy tikleniwimiz ha'm ata-babalar miyrasi'n wo'zlestiriwge mu'na'sibetleri; a) wolarg'a ta'n (bu'gingi jaslardi'n' mentalitetine ta'n) barg'an sayi'n «zamanago'ylesip» barati'rg'an «g'alaba ma'deniyatqa» yeliklewshiligi menen baylani'sli'. Haqi'yqati'nda da, wolar millet perzentleri si'pati'nda wo'z negizi ha'm ata-babalar miyrasi'n wo'zlestiriwi za'ru'rligin jaqsi' biledi ha'm wolarda bug'an umti'li's ta bar. Wolar globallasi'wdi' ha'reketke keltirip ati'rg'an ilim-texnika texnologiyalari'n ha'm zamanago'y kommunikativ qurallardi' da wo'zlestirmekte. Biraq wolardi'n' kopshiligi «g'alaba ma'deniyat» ta'sirine tu'sip qalmaqta. Bu'gin wo'lardi'n' a'ne usi' ta'sirlerden milliy wo'zlikti saqlap qali'wg'a ja'rdem beretug'i'n joldan bari'wi' ku'ta' quramali' keshpekte. Wo'ytkeni bizin' milliy-ma'nawiy tikleniwimiz jaslari'mi'zdi'n' wo'sip barati'rg'an talaplari'nan artta qali'p ketpekte. Biz wolardi'n' shet ma'mleketler ma'nawiyati' ha'm a'dep-ikramli'li'g'i' negizinde qaliplesip ati'rg'an «g'alaba ma'deniyattan» bahramand boli'p ati'rg'anli'g'i' yaki wonnan wo'zlerin qorg'awg'a meyilliginin' pa'sligi ushi'n kritikalawdan aldi'n wolardi'n' worni'n basa alatug'i'n «wo'nimdi»

usi’ni’wi’mi’z kerek. Keri jag’dayda, ayi’ri’m jaslardi’ manawiyat ha’m milliy ma’deniyatqa bolg’an biypari’qli’qta, sonday-aq shet yelliklerge yeliklewshilikte «ayi’plawg’a» haqi’mi’z bar ma wo’zi, degen a’dalatli’ sorawdi’ qoya biliwimiz lazi’m boladi’. Usi’ jerde Prezidentimizdin’ «ha’mmemiz jaqsi’ bilemiz, ha’r qanday ma’mlekettin’ shegaralari’n qol qati’lmasli’qta saqlawda a’skeriy ku’sh-qu’diret, quralli’ ku’shler suw menen hawaday za’ru’r. Biraq xalqi’mi’z, yen’ da’slep, jas a’wladi’mi’z manawiy a’leminin’ qol qati’lmasli’g’i’n asi’raw ushi’n biz nelerge tayani’p-su’yenip is ali’p bari’wi’mi’z kerek, degen soraw bu’gin barli’g’i’mi’zdi’ woylandi’ri’wi’ ta’biyiy»[29] degen so’zlerin yeslew wori’nli’. Milliy-ma’nawiy miyrasi’mi’z sonshelli bay ha’m wo’zinde uli’wmainsani’yli’q tuyg’i’lari’ menen suwg’ari’lg’an, woni’ jaslari’mi’z sanasi’ ha’m du’n’yag’a ko’z-qarasi’ni’n’ aji’ralmas bo’legine aylandi’ri’w arqali’ g’ana milliy-ma’nawiy qa’wipsizligimizdi ta’miyinlew ha’m du’n’yani’n’ globallasi’w procesinde ten’ qatnasi’wi’mi’z mumkin boladi’.

Milliy manawiyati’mi’zdi’n’ globallasi’w ha’m axborotlasi’w sha’rayati’nda qawipsizligin ta’miyinlewdin’ to’rtinshi faktori’ tilimizdin’ ni’zamda belgilep qoyi’lg’an da’rejede a’mel qi’li’ni’wi’na yerisiw boli’p tabi’ladi’.

O’zbekistan Respublikasi’ Konstituciyasi’ni’n’ 4-stat’yasi’nda ko’rsetilgenindey, ma’mleketlik til wo’zbek tili boli’p tabi’ladi’ (Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda bolsa qaraqalpaq ha’m wo’zbek tilleri). Bu’gingi ku’nde tilimizdin’ qayta tikleniwi haqqi’nda so’z yetilgende, buri’ng’i’ awqam sha’rayati’ndag’i’ rus tilinin’ ja’miyet turmi’si’ndag’i’ u’stinligine, milliy tillerdin’ kemsitiliwine shek qoyi’lg’anli’g’i’n, wo’z jurti’mi’zdi’n’ qalegen jerinde ana tilimizde qari’m-qatnasi’q ju’rgiziw sha’rayat bar yekenligin shu’kirlik penen atap wo’tiwimiz kerek boladi’.

Soni’n’ menen birge bu’gingi ku’nde woni’n’ rawajlani’wi’ globallasi’wdi’n’ milliy ma’nawiyati’mi’zdi’n’ jemiriliwin. hesh bolmasa, aldi’n ali’wg’a ta’sir wo’tkiziw da’rejesi talaplari’na juwap bere aladi’ ma? Tilekke qarsi’, bul sorawg’a juwap beriw qi’yi’n. Bu’gingi ku’nde ma’mleketlik tildin’ ku’ndelikli qari’m-

[29] Karimov I.A. Yuksak ma’naviyat – yengilmas kuch. – T.: Ma’naviyat, 2008. 115-bet

qatnastan tarti'p, ayi'ri'm ministrlikler, organ, ka'rxana, ja'miyetlik sho'lkemlerge shekem, reklamalardan baslap dag'azalarg'a shekem bolg'an qollani'li'wi' «Ma'mleketlik til haqqi'nda»g'i' ni'zam talaplari'na juwap bermeydi. Si'r yemes, geypara ministrlikler, organlar, ka'rxana ha'm sho'lkemlerde xat almasi'w rus tilinde keshpekte. Tashkent qalasi'nda bolsa reklamalar tiykari'nan rus ham shet tillerde. «Evroremont», «evromoyka» degen so'zler tez g'alabalaspaqta. Ayi'ri'm zi'yali'lari'mi'zdi'n' arasi'nda ha'zirgi ku'nde ilim menen shug'i'llani'w, texnikali'q pa'nlerdi iyelewushi'n minnetli tu'rde anglichan yaki basqa shet tillerdi biliw kerek degen pikir qa'liplespekte.

Insan qansha kop til bilse, woni'n' du'n'yani' biliwi, du'n'yag'a shi'g'i'wi' ha'm ma'nawiy bayi'wi' sonshelli arti'p baradi'. Soni'n' ushi'n da ma'mleketimiz jaslari' rus, anglichan, qi'tay, yapon ha'm basqa shet eller tillerin qanshelli jetik bilse, wolardi'n' intellektual potenciali'ni'n' p bari'wi' ha'm bu'gingi tez wo'zgerip barati'rg'an zamanni'n' talaplari' da'rejesinde ju'z beretugi'n haqi'yqat, dalil talap yetpeytug'i'n aksioma. Buni' jaslari'mi'z an'lap jetpekte ha'm wolardi'n' qa'biletlileri 3-4 tildi u'yreniwge ha'reket yetpekte. Lekin shet tillerdi uyreniw joli'nda ana tilimizdi qurbanli'qqa shalmawi'mi'z kerek. Prezidentimiz Islam Karimov tilimizdi rawajlandi'ri'w wazi'ypasi'n aldi'mi'zg'a qoyar yeken, to'mendegilerdi atap korsetedi: «Biz ata-babalardan a'wladlarg'a wo'tip kiyati'rg'an biybaha bayli'qti'n' miyrasxorlari' si'pati'nda ana tilimizdi asi'rap-abaylawi'mi'z, woni' bayi'ti'w, abi'royi'n ja'ne de artti'ri'w u'stinde udayi' islewimiz za'ru'r. Asirese, fundamental ilimler, zamanago'y kommunikaciya ha'm axborot texnologiyalari', bank-finans sistemasi' kibi ku'ta' a'hmiyetli tarawlarda ana tilimizdin' qollani'li'w shen'berin ken'eytiw, etimologiyali'q ha'm qi'yasi'y so'zlikler basi'p shi'g'ari'w, za'ru'r atamalar ha'm ibaralar, tu'sinik ha'm kategoriyalardi' islep shi'g'i'w, bir awi'z so'z benen aytqanda, wo'zbek tilin ilimiy tiykarda ha'r ta'repleme rawajlandi'ri'w milliy wo'zlikti, Watan tuyg'i'si'nan' an'lawday ulli' maqsetlerge xi'zmet yetiwi so'zsiz»[30] dep atap ko'rsetedi.

[30] Karimov I.A. Yuksak ma'naviyat – yengilmas kuch. – T.: Ma'naviyat, 2008. 87-bet

Milliy-ma'nawiy qawipsizlikti ta'miyinlewdin tag'i' bir faktori' awi'ldi'n' ma'deniy-ma'nawiy turmi'si'n globallasi'wdi'n ha'wij ali'w da'rejeleri talaplari'na muwapi'q ra'wishte rawajlandi'ri'w boli'p tabi'ladi'. Bunda: a) awi'l xalqi'n du'n'yada ju'z berip ati'rg'an wo'zgerisler, a'sirese, globallasi'w procesinde milliy ma'nawiyati'mi'zdi' jemiriwge ta'sir wo'tkizip ati'rg'an faktorlar ha'm qurallar menen tani'sti'ri'w; b) wolardi'n' sanasi'nda bazar qatnasi'qlari'n woylawi'n qaliplestiriw, a'sirese, kimnin'dur ko'rsetetug'i'n ja'rdemi yaki ma'mleket tarepinen ko'rsetiletug'i'n socialli'q qorg'aw menen toli'q sheklenbeslikti, ha'r bir insanni'n' miynetsu'yiwshiligi, do'retiwshilik ha'm pidayi'li'g'i' pa'rawanli'qti'n' tiykarg'i' faktori' yekenligin tiykarlaw; v) wolar sanasi'nda milliy til, mentalitet, u'rp-a'det, da'stu'r ha'm qa'diriyatlarg'a bolg'an unamli' mu'na'sibetlerdi asi'raw, a'yne payi'tta wolardi' uli'wmainsani'y qa'diriyatlar menen bayi'ti'p bari'w ha'm jetilistiriw; g) awi'l infrastrukturasi'n jedel rawajlandi'ri'w kibilerge itibar qarati'w ko'zde tuti'lmaqta.

A'lbette, bu'gingi ku'nde awi'l xalqi' du'n'yada ju'z berip ati'rg'an globallasi'w processlerinen biyxabar dep ayta almaymi'z. Wo'ytkeni wolar qala xalqi' si'yaqli' ku'shli axborot basi'mi' asti'nda jasamaqta. Wolar da bu'ginlikte zamanago'y telekommunikaciya, komp'yuter, Internet, mobil telefonlarg'a iye ha'm du'n'yani'n' yen' ali's jerlerinde boli'p ati'rg'an kishkene wo'zgerislerden de bir minuta xabardar boli'w imkaniyatlari'na iye. Biraq a'ne usi' qurallardi'n' qanshelli da'rejede milliy ma'nawiyati'mi'zdi' jemiriwge wo'tkizip ati'rg'an unamsi'z ta'sirlerin an'lap jetiw wog'an bolg'an za'ru'rlik da'rejesinen artta qalmaqta. Buni'n' tiykarg'i' sebebi, wolardi'n' sanasi'nda qaliplesip ati'rg'an yeliklewshilik, qalalarda keship ati'rg'an «g'alaba ma'deniyat»ti' wo'zlestiriw processlerinen «wo'rnek» ali'w si'yaqli'lar menen baylani'sli' boli'p qalmaqta.

Soni'n' menen bir qatarada awi'l xalqi'ni'n' pa'rawanli'gi'n artti'ri'w ha'm bul jerde zamanago'y wo'ndiris strukturasi'n rawajlandi'ri'w milliy-ma'nawiy qawipsizligimizdi ta'miyinlewdin' jetekshi faktori' boli'p yesaplanadi'. Awi'lda payda bolatug'i'n infrastruktura menen xali'qti'n' sanasi' wo'sedi, do'retiwshilik ha'm wo'z pa'rawanli'g'i' ushi'n umti'li'w sezimleri ku'sheyip baradi'.

O'zbekistan xalqi'ni'n' u'shten yeki bo'legi awi'llarda jasaytug'i'nli'g'i'n yesapqa alatug'i'n bolsaq, awi'l xalqi'ni'n' mentalitetindegi wo'zgerislerdin' milliy-ma'nawiy negizlerimizdi asi'rawdag'i' unamli' a'hmiyeti wo'z-wo'zinen tu'sinikli boladi'.

Milliy-manawiy qa'wipsizligimizdi tamiyinlewde tag'i' bir faktor zi'yali'lardi'n' belsendiligin artti'ri'w boli'p tabi'ladi'. Zi'yali'lar ma'mlekettin' intellektual potenciali'ni'n aji'ralmas bo'legi boli'p tabi'ladi'. Hasli'nda, wolardi'n' ha'r yekewi de zi'yali', wo'ytkeni intellektuallar da usi' da'rejege jetkeninde a'ne usi'nday statusqa iye boladi'. A'yne payi'tta intellektualli'q ta zi'yali'li'qti' qa'liplestiredi ha'm ja'miyetke xi'zmet yetiwde qatnasadi'. Bunnan ko'rinip turi'pti', bul yeki tu'sinik bir qi'yli' ma'nisti an'latpaydi'. Wolar wortasi'nda belgili bir pari'qlar bar. Atap aytqanda, intellektuallar degenimizde wo'zlerinin' aqi'l-za'kawati', qa'bileti menen ilim-texnika, texnologiyalar tarawi'nda ilimiy jan'ali'qlar jaratatug'i'n, ashi'li'wlar qi'latug'i'n ali'mlar, a'debiyat ha'm iskusstvo xalqi', konstruktorlar, texnologlar, ha'zirgi zamanda fermer ha'm isbilermenler na'zerde tuti'ladi'. A'yne payi'tta wolarli'n' jan'ali'qha'm ashi'li'wlari' ja'miyet intellektuali'ni'n' quram bo'legin quraydi'. Soni'n' ushi'n da wolardi'n' ha'r yekewi uyg'i'nli'qta ja'miyettin' intellektual potenciali'n quraydi' dep ayti'w mu'mkin.

Ma'mleket ha'm millet turmi'si'nda zi'yali'lardi'n' worni' wog'ada u'lken. Wo'ytkeni wolar xali'qti'n' ishinen wo'z miyneti, aqi'l-za'kawati' menen jetisip shi'g'atug'i'n shaxslar. Sonli'qtan xali'q wolardi'n' pikirlerin hu'rmet yetedi, isenedi ha'm wog'an yeredi. Usi' ma'niste pidayi' zi'yali'lari' ko'p ma'mleket rawajlanadi', turaqli' boladi', milliy ma'nawiyati'n ha'r qanday zi'yanli' ta'sirlerden qorg'ay ali'w imkaniyati' u'lken boladi'.

Zi'yali' – millettin' ju'zi, woni'n' intellektual potenciali' ha'm ku'shi. Wol ja'miyettin' barli'q qatlamlari' ishinde pa'rawanli'g'i' jag'i'nan asi'p-tasi'p ketpeytug'i'n, wortada'rmiyan turmi's keshiriwshi bo'legin quraydi'. Lekin ja'miyettin' uli'wma potenciali'na baha bergende zi'yali' belgilewshi faktorlardan boli'p qala beredi. Wo'ytkeni woni'n' moyni'ndag'i' ju'k fermer, isbilermen ha'm wo'zinin' hadal miyneti menen materialli'q bayli'qlar jarati'wshi' diyxandi'kinen

kem yemes. Wol bolmag'an ja'miyet tek gana ma'nawiy-awshi'li'q jaqtan jarli' boli'p qalmastan, materialli'q jaqtan da kriziske bet buradi'. Sebebi: 1) progresske xi'zmet yetiwshi jan'a ideyalardi' islep shi'g'i'w, woni' a'meliyatqa yengiziwde jetekshilik yetedi; 2) ja'miyettin' turaqli' boli'wi'na yerisiwindegi faktorlardi'n' biri si'pati'nda iskerlik ali'p baradi'; 3) ja'miyettin' barli'q ag'zalari'nmilleti, tili, u'rp-a'deti, qadiriyatlari', socialli'q statusi', ji'ni'si' ha'm jasaw worni'na qaramastan, wolardi'n' basi'n birlestirip, birden bir maqsetke qaray iskerlik ali'p bari'wlari'nda jetekshilik qi'ladi'; 4) wo'zinen keyin ma'mleketti rawajlandi'ri'wg'a xi'zmet yetetug'i'n jan'a intellektlerdin' qa'liplesiwi joli'nda iskerlik ali'p baradi'; 5) ja'miyet turmi'si'nda diniy bawri'ken'lik ha'm milletlerara tati'wli'q ideyalari'ni'n' rawajlani'wi'nda jetekshilik qi'ladi'.

Lekin barli'q zi'yali'lari'mi'z da ja'miyet turmi'si'nda belsendi qatnasi'p ati'r, jan'a zi'yali'lardi' qaliplestiriw bari'si'nda da mashqalalar sheshilip boli'ndi', yamasa zi'yali'lardi'n' imkaniyatlari'nan toli'q paydalani'li'p ati'r degen so'z yemes. Bul tarawda sheshimin ku'tip ati'rg'an bir qatar wazi'ypalar bar. Wolar to'mendegilerden ibarat:

a) zi'yali'lardi' ta'lim ha'm ta'rbiyani' bugingi talap da'rejesine koteriwge ken' tarti'w. Mektep talimin jan'a basqi'shqa ko'teriw uli'wmamilliy wazi'ypag'a aylani'wi' lazi'm. Wolarda ali'm, jurnalist, shayi'r, jazi'wshi' ha'm basqa taraw wakilleri wo'z shi'g'armalari'nda mektep ta'limindegi mashqalalardi' bati'l ko'terip shi'g'i'w, woqi'wshi'g'a ilim-bilimdi wo'zlestiriwde ilham bag'i'shlawda qatnasi'wlari' menen wo'z u'leslerin qosi'wi' kerek;

b) bu'gin zi'yali' qatlami'ni'n' bir bo'legi ku'ndelikli turmi's ta'shwishleri menen shug'i'llani'p, ja'miyette keship ati'rg'an processlerge, milliy manawiyati'mi'zdi'n' «g'alaba ma'deniyat» ta'sirine tusip qali'p ati'rg'anli'g'i'na itibarsi'zli'q qi'li'wi'n, xali'qti'n', a'sirese, jaslardi'n' siyasiy sanasi' ha'm ma'deniyati'n qa'liplestiriwdegi passivligin joq yetiw;

v) milliy tilimiz, ma'nawiyati'mi'zdi'n' rawajlani'wi' ha'm wolardi' asi'raw, keyingi a'wladqa jetkiziw de zi'yali' qa'wiminin' moyni'ndag'i' tiykarg'i' wazi'ypalardi'n' biri yekenliginen kelip shi'g'atug'i'n bolsaq, bul boyi'nsha da

wolardi’n’ psixologiyasi’ndag’i’ itibarsi’zli’q, iskerligindegi passivlikti saplasti’ri’w maqsetke muwapi’q boli’p tabi’ladi’.

Milliy ma’nawiy qawipsizlikti ta’miyinlewde zi’yali’ qatlami’ jetekshi ku’shke aylansa g’ana, bu’gingi jedel rawajlani’p ati’rg’an globallasi’w procesinde joqari’ rawajlang’an millteler menen ten’ qatnasi’w ha’m woni’n’ unamsi’z ta’sirinen milliy ma’nawiyatti’ asi’raw mu’mkin boladi’. Zi’yali’si’ ma’nawiy mayi’p ha’m jarli’ milletti globallasi’wdi’n’ wo’z demine tarti’wi’ an’sat keshedi ha’m wol wo’zge milletlerge «sin’ip» (assimilyaciyalasi’p) kete beredi.

Milliy rawajlani’w ideyasi’n jetilistiriw, woni’ ma’mleketimiz xalqi’, a’sirese, jaslari’mi’z sanasi’na sin’diriw ha’m bunda u’git-na’siyat qurallari’nan na’tiyjeli paydalani’w milliy-ma’nawiy qawipsizlikti ta’miyinlewdin’ a’hmiyetli faktorlari’-ni’n’ tag’i’ biri yesaplanadi’.

Milliy-ma’nawiy qawipsizlikti ta’miyinlewdi uli’wmamilliy ideyaga aylandi’ri’w degende globallasi’w procesinde milliy ma’nawiyatqa qarsi’ ku’sheyip ati’rg’an qa’wiplerden woni’ asi’raw, rawajlang’an milletler menen a’ne usi’ processlerde ten’ qatnasi’w imkaniyatlari’nan na’tiyjeli paydalani’wdi’ ta’miyinlewshi faktorlardi’ wo’zinde ja’mlestirgen milliy rawajlani’w ideyasi’n ma’mleketimiz xalqi’, a’sirese jaslari’ni’n’ sanasi’ ha’m du’n’yag’a ko’z-qarasi’, qa’lbinin’ aji’ralmas bo’legine aylandi’ri’w ko’zde tuti’lmaqta.

Milliy-manawiy qawipsizlikti ku’sh isletiw, zorawanli’q qi’li’w joli’ menen ta’miyinlep bolmaydi’. Bul jerde so’z materialli’q, insanni’n’ denesi haqqi’nda yemes, woni’n’ sanasi’, du’n’yag’a ko’z-qarasi’ ha’m qa’diri, yag’ni’y materialli’qqa aylanbag’an abstrakt faktor haqqi’nda barmaqta. Yeger a’ne usi’ abstraktli’qti’ materialli’qqa aylandi’ri’wg’a yerisilse, insandi’ pu’tkil bolmi’si’ menen qolg’a kirgiziw ha’m woni’ qa’legen awhalg’a sali’w an’sat keshedi. Biz insandi’ millettin’ jarati’wshi’si’ si’pati’nda qarar yekenbiz, woni’n’ ti’msali’nda milletti wo’zine g’a’rezli yetip ali’wda da sanasi’, du’n’yag’a ko’z-qarasi’ ha’m qalbin iyelew tiykarg’i’ faktor boli’p qalaberedi. Solay yeken, milliy-ma’nawiy qa’wipsizlikti ta’miyinlewde millettin’ sanasi’, du’n’yag’a ko’z-qarasi’ ha’m qa’lbin jawi’z ideyalardan asi’raw ustinlikke iye wazi’ypa boli’p qala beredi.

Milliy-ma’nawiy qa’wipsizlikti ta’miyinlewdin’ jane bir faktori’ - ma’mleketimizde ni’zam u’stinligine yerisiw ha’m demokratiyali’q qa’diriyatlardi’ ishshillik penen rawajlandi’ri’w. Wolardi’n’ a’hmiyeti sonda, qaysi’ jerde ni’zam u’stin bolsa, sol jerde milleti, tili, u’rp-a’deti, da’stu’rleri ha’m qadiriyatlari’ni’n qanday boli’wi’na qaramastan, uli’wmaxali’qli’q ten’lik a’mel qi’ladi’. Bul jamiyet rawaji’ ushi’n ku’ta’ man’i’zli’ bolg’an sha’rt-sha’rayatlardi’n’ wori’n ali’wi’ degendi an’latadi’. ayne payi’tta ni’zamlar a’mel qi’lg’an ma’mlekette ti’ni’shli’q ha’m turaqli’li’q, milletlerara tati’wli’q, dinlerara bawri’ken’lik a’mel qi’ladi’, ja’miyette ju’zege keletug’i’n barli’q mashqalalar xali’qti’n’ birge islesiwinde sheshilip bari’ladi’.

Demokratiyali’q qa’diriyatlardi’n’ rawajlani’wi’ da milliy-ma’nawiy qa’wip-sizlikti ta’miyinlewdin’ a’hmiyetli faktori’ yesaplanadi’. Wolardi’n’ worni’ sonda:

1) qay jerde demokratiyali’q qa’diriyatlar rawajlani’p barsa, xali’qti’n’ ma’mleketti basqari’wdag’i’ belsendiligi artadi’, wolardi’n’ siyasiy sanasi’ ha’m ma’deniyati’ joqari’laydi’. Bul, wo’z gezeginde, jamiyet ha’m ma’mleket progresine unamli’ tasir wo’tkizedi;

2) demokratiyali’q qa’diriyatlar rawajlani’p barg’an sayi’n ja’miyet turmi’si’nda wori’n alg’an barli’q mashqalalar ju’zege shi’g’adi’ ha’m xali’qti’n’ wo’z-ara birge islesiwinde wolardi’ sheshiw imkaniyati’ payda boladi’;

3) demokratiyali’q qa’diriyatlar rawajlani’wi’ni’n’ wo’zi de milliy-ma’nawiy progresstin’ joqari’ ko’rsetkishi boli’p, wol sebepli millet wa’killerinin’ wo’zligin an’lawi’ ju’z beredi. Ha’r bir millettin’ wo’zligin an’lawi’ni’n’ rawajlani’wi’ bolsa wo’z milliy ma’nawiyati’n si’rtqi’ qa’wip-qa’terden qorg’awdag’i’ birdemlikti ta’miyinlewge ja’rdem beredi;

4) globallasi’wdi’n’ ha’wij ali’wi’ procesinde demokratiyali’q qa’diriyatlardi’n’ rawajlani’wi’ bunday sha’rayatta ha’r qanday mashqalani’ an’lap jetiwde g’alabali’q psixologiyasi’n qa’liplestiriwi menen de a’meliy a’hmiyetke iye. Buni’n’ milliy-ma’nawiy qawipsizlikti ta’miyinlewdegi worni’ sonda, wonda ju’zege keletug’i’n ha’r qanday mashqala toplani’p qalmaydi’, ba’lkim ju’zege shi’g’i’p, woni’ sheshiwde g’alabali’q a’meliyat ju’zege shi’g’adi’.

## III bap boyi’nsha juwmaq

Globallasi’w sha’rayati’nda ja’miyettin’ axborotlasi’wi’ axborot uri’slari’ ha’m axborot terrorizmi si’yaqli’ axborot qa’wipsizligi mashqalalari’n ju’zege keltiredi.

O’zbekistanni’n’ axborot qa’wipsizligine qa’wipler puqaralardi’n’ konstituciyali’q huqi’qlari’ ha’m yerkinliklerine, ja’miyettin’ ma’nawiy turmi’si’na, informaciyali’q strukturalarg’a ha’m informaciyali’q resurslarg’a qa’wipler si’pati’nda ju’zege shi’g’adi’.

Zamanago’y ja’miyette axborot qa’wipsizligi milliy qa’wipsizliktin’ aji’ralmas komponentine aylanbaqta. Wonnan belgili da’rejede ekonomikali’q, qorg’ani’w, socialli’q, siyasiy ha’m ma’nawiy qawipsizligimiz g’a’rezli boladi’. Axborot qa’wipsizligi ekonomikani’n’ ha’m ja’miyettin’ turaqli’ rawajlani’wi’ni’n’ kepili boli’p tabi’ladi’.

Globallasi’wdi’n’ ha’wij ali’w sha’rayati’nda milliy-ma’nawiy qa’wipsizlikti ta’miyinlew aktual wazi’ypalardi’n’ birine aylang’an. Bu’gingi ku’nde joqari’da keltirilgen barli’q faktorlardan na’tiyjeli paydalani’w a’meliy a’hmiyetke iye boli’p qalmaqta. Wo’ytkeni, globallasi’w sha’rayati’nda milliy-ma’nawiy qa’wipsizlikti ta’miyinlemey turi’p, insaniyatti’n’ wo’zin-wo’zi asi’rawi’ mu’mkin yemesli barg’an sayi’n jarqi’n ayan bolmaqta.

## Juwmaq

Bu'gingi ku'nde globallasi'w wo'zinin' qamrap ali'wi', ta'sir ku'shi, barg'an sayi'n g'alabali'q tu's ali'wi' menen kem rawajlang'an ha'm yendi rawajlani'wlani'w joli'na tu'sken ma'mleketler xali'qlari'ni'n' milliy ma'nawiyati'na topi'li'slar qi'lmaqta, wolardi'n' negizlerin jemirmekte ha'm keleshekte «g'alaba ma'deniyat» tiykari'nda wolardi'n' joq boli'p ketiwine za'miyn tayarlamaqta. Bul topi'li's tek g'ana g'alaba xabar qurallari', internet yamasa uyali' telefonlar arqali' yemes, al adamlardi'n' turmi's keshiriwi ha'm turmi'si' ushi'n za'ru'r bolg'an ekonomika qurali'nda da a'melge asi'ri'lmaqta. Bazi'da globallasi'wdi'n' ta'sirinde ju'z berip ati'rg'an integraciyalasi'w na'tiyjesinde ma'mleketler ekonomikasi'ndag'i' unamli' ji'lji'wlar adamlardi'n' materialli'q sharayati'nda wo'z an'lati'li'wi'n tawi'p ati'rg'anli'g'i' ko'rsetkishi ta'sirinde milliy ma'nawiyatti'n' ha'lsirewi procesi sezilmey ati'r.

Biraq bu'gin rawajlani'w joli'na kirgen ha'm kem rawajlang'an ma'mleketlerdin' ekonomikasi' turaqlasqannan keyin bolsa, wolarda jasap ati'rg'an xali'qlardi'n' milliy ma'nawiyati'ni'n' rawajlani'w imkaniyati' sheklenip qaladi'. Bul globallasi'wdi'n' milliy ma'nawiyatti' jemiriw, u'rp-a'det, da'stu'r, qa'diriyatlardi'n' ko'len'keleniwine wo'tkizip ati'rg'an ta'sirinde ayqi'n ko'zge taslanbaqta.

Globallasi'wg'a qarsi'. a'sirese woni'n' milliy u'rp-a'det, da'stu'r, qadiriyat ha'm a'dep-ikramli'li'qti'n' wo'zgeriwine qarati'lg'an ta'sirine qarsi' gu'resiw aktual wazi'ypalardan boli'p tabi'ladi'. Bul gu'reste tiykarg'i' faktor - milliy-ma'nawiy immunitetti qa'liplestiriw.

**Globallasi'w – ja'miyettin' socialli'q, ekonomikali'q, ma'deniy-ma'nawiy intensivlesiwi, integraciyalasi'wi' procesi arqali' ju'z beretugi'n ob'ektiv qubi'li'sboli'p, woni'n' unamli' ha'm unamsi'z aspektleri bar.**

Globallasi'wdi'n' unamli' aspektleri ilim-bilimnin', texnika, texnologiyani'n' rawajlani'wi', xali'qarali'q ko'lemdegi global mashqalalardi' saplasti'ri'wg'a qarati'lg'an xali'qarali'q sho'lkemlerdin' birge islesiwi, ko'plep milletler ha'm ma'mleketler wortasi'ndag'i' ma'deniy-ma'nawiy birge islesiw ha'm ra'n'-

ba’ren’liktin’ rawajlani’wi’nda ko’zge taslanadi’. Soni’n’ menen birge usi’ processtin’ unamsi’z aspektleri de ja’miyet rawaji’na salmaqli’ qa’wip tuwdi’ratug’i’nli’g’i’ baqlanbaqta. Mi’sali’, terrorizm, ekstremizm, giyabentlik, ma’nawiy-moralli’q buzi’li’wg’a qarati’lg’an qa’wipler de bar boli’p, globallasi’w bul kibi illetlerde shegara bilmeydi. Wolardan qorg’ani’w shara-ilajlari’ ha’r bir ma’mlekettin’ aldi’na keshiktirip bolmaytug’i’n wazi’ypalar qoymaqta.

Rawajlani’w imkaniyatlari’ ken’, ta’biyiy, materialli’q ha’m ma’nawiy bayli’qlarg’a iye bolg’an g’a’rezsiz ma’mleketlerge ha’r qashan qa’wip-qaterler boli’p kelgen. Wo’z g’a’rezsizligin qolg’a kirgizgen ma’mleketlerge qarati’lg’an qa’wipler a’sirese salmaqli’ tu’s ali’p barmaqta. Ideyali’q, ideologiyali’q, ma’nawiy qa’wipler wori’n alg’an boli’p, wolardi’ bir ko’riniste an’lap ali’w wog’ada quramali’.

Insaniyat tariyxi’ ma’nawiy qa’wiplerdin’ ha’r qi’yli’ ko’riniste bolg’anli’g’i’nan da’lalat beredi. A’yne payi’tta bolsa woni’n’ «g’alaba ma’deniyat» ni’qabi’ asti’ndag’i’ ha’reketi tikkeley ma’mleketimiz jaslari’ni’n’ ma’nawiy buzi’li’wi’na qarati’lg’anli’g’i’ menen ku’ta’ qa’wipli dewimiz mu’mkin. Soni’n’ ushi’n da Prezidentimiz Islam Karimov wo’zinin’ «Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh» shi’g’armasi’nda tiykarg’i’ itibardi’ «g’alaba ma’deniyat» ha’m woni’n’ unamsi’z ta’sirine qaratqan ha’m barli’q zi’yali’lardi’ woni’ saplasti’ri’wg’a shaqi’rg’an. Soni’n’ menen birge bul kibi illetlerdi saplasti’ri’wdag’i’ tiykarg’i’ faktor si’pati’nda puqaralari’mi’zdi’n’ ma’nawiy potenciali’n joqari’lati’wg’a wo’z itibari’n qaratqan.

Ja’miyet progresin izden shi’g’ari’wda ma’nawiy qa’wiplerdin’ yen’ qaterli qa’wipler yekenligin yesapqa alatugi’n bolsaq, bul qawiptin’ aldi’n ali’wg’a qarati’lg’an shara-ilajlardi’ ku’sheytiw ma’mleket ha’m ja’miyet aldi’ndag’i’ yen’ aktual wazi’ypa dep ayta alami’z. Bul jolda shaxs ha’m ja’miyettin’, ma’mlekettin’ ma’nawiy-psixologiyali’q, milliy-manawiy qa’wipsizligin ta’miyinlewge qarati’lg’an shara-ilajlardi’ ku’sheytiw, bunda barli’q faktorlardan na’tiyjeli paydalani’w man’i’zli’ a’hmiyetke iye. A’lbette, bul puqaralari’mi’z, a’sirese jaslar, arasi’nda ma’nawiy-ideologiyali’q immunitetti ku’sheytiw, bul bag’darda

shan’araq, ma’ha’lle, u’zliksiz bilimlendiriw sistemasi’, ja’miyetlik-siyasiy sho’lkemlerdin’ potenciali’nan paydalani’w maqsetke muwapi’q. Bunnan ti’sqari’ g’alaba xabar qurallari’ arqali’ ma’nawiy-ag’arti’wshi’li’q ko’rsetiwler, yesittiriwler, maqalalardi’n’ da worni’ girewli.

Izertlewlerimiz na’tiyjesi si’pati’nda to’mendegilerdi usi’ni’s yetemiz:

1. Jaslardi’n’ internetten paydalani’w ma’deniyati’na baylani’sli’ turaqli’ teleko’rsetiwlerdi sho’lkemlestiriw ha’m wonda jaslardi’n’ wo’z pikir-ko’z-qaraslari’n bildiriwine imkaniyat jarati’w;
2. Jaslar ta’rbiyashi’si’ bolg’an ata-analar ha’m pedagoglardi’n’ axborot-kommunikaciya texnologiyalari’nan paydalani’w ko’nlikpelerin turaqli’ jetilistirip bari’wg’a qarati’lg’an seminar-treningler sho’lkemlestiriw;
3. Mobil’ baylani’s operatorlari’ ta’repinen «Gudok» xi’zmetinde usi’ni’latug’i’n muzi’kalar qatari’nan milliy muzi’kalarg’a ken wori’n beriw, woyshi’llari’mi’zdi’n’ hikmetli so’zlerin biypul sms xi’zmetinen tarqati’w arqali’ jaslardi’n’ milliy qa’diriyatlarg’a qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’w.

Juwmaq si’pati’nda soni’ ayti’w mu’mkin, globallasi’w ha’m axborotlasi’w procesinde ma’nawiy qa’wiplerdin’ aldi’n ali’w, milliy ma’nawiyatti’ saqlap qali’w bu’gingi ku’nnin’ yen’ aktual wazi’ypalari’ni’n’ biri yeken, woni’ a’melge asi’ri’wda ja’miyettin’ barli’q tarawlari’nda puqaralari’mi’zdi’n’, jaslari’mi’zdi’n’ ma’nawiyati’n joqari’lati’wg’a qarati’lg’an birge islesiw tiykari’ndag’i’ shara-ilajlardi’ ku’sheytiw, ali’mlari’mi’z ta’repinen ma’nawiy qa’wiplerdi keltirip shi’g’aratug’i’n faktorlardi’ izertlewge ha’m saplasti’ri’wg’a qarati’lg’an ilimiy-teoriyali’q ha’m a’meliy jumi’slar ko’lemin artti’ri’w man’i’zli’ a’hmiyetke iye.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi

### I. O’zbekistan Respublikasi’ ni’zamlari’

1. O’zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. – T.: «O’zbekiston», 2012.
2. O’zbekiston Respublikasining «O’zbekiston Respublikasida yoshlarga oid davlat siyosatining asoslari to’g’risida»gi qonuni. – T.: 1991 yil, 20 noyabr’, 429-XII-son
3. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining 2006 yil 25 avgustdagi «Milliy g’oya targ’iboti va ma’naviy-ma’rifiy ishlar samaradorligini oshirish to’g’risi»dagi 451-sonli qarori.

### II. O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti pa’rmanlari’ ha’m qararlari’, Ministrler Kabinetiniӊ qararlari’

1. O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentiniӊ «Milliy ideyani’ u’git-na’siyatlaw ha’m ruwxi’yli’q-ag’arti’wshi’li’q jumi’slardi’n’ na’tiyjeliligin artti’ri’w tuwrali’» 2006-ji’l 25-avgusttegi PQ-451-sanli’ Qarari’.
2. O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ «O’zbekistan Respublikasi’nda jaslarg’a baylani’sli’ ma’mleketlik siyasati’n a’melge asi’ri’wg’a qarati’lg’an qosi’msha shara-ilajlar haqqi’nda»g’i’ PQ-2124-sanli’ Qarari’

### III. O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti I.A.Karimov shi’g’armalari’

1. Karimov I.A. O’zbekiston: milliy mustaqillik, iqtisod, siyosat, mafkura. T.1. – T.: «O’zbekiston», 1996
2. Karimov I.A. Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot yo’lida. 6-jild. -T.: O’zbekiston, 1998.
3. Karimov I.A. Milliy istiqlol mafkurasi – xalq e’tiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir. -T.: O’zbekiston, 2000.
4. Karimov I.A. Bizning bosh maqsadimiz – ozod va obod Vatan, erkin va farovon hayot. T 8. – T.: «O’zbekiston», 2000
5. Karimov I.A. Yuksak ma’naviyat – yengilmas kuch. – T.: Ma’naviyat, 2008.

### IV. Tiykarg’i’ a’debiyatlar

1. Гринин Л.Е. Глобализация и национальный суверенитет. История и современность. М.: №1, 2005.

2. Ziyaev S., Haydarov K. O’tkir aql, teran fikr ehtiyoji. G’oyaviy himoya. Risola. G’oyaviy himoya. -T., San’at jurnali, 2008.
3. Inomova M.O. Oilada bolalarni ma’naviy-axloqiy tarbiyalashda milliy qadriyatlar. -T.: Fan, 1995.
4. Ma’naviyat. Asosiy tushunchalar izohli lug’ati. T.: G’.G’ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2009, 2009
5. Milliy istiqlol g’oyasi. Bakalavriat bosqichi uchun darslik. - T.: Akademiya, 2005.
6. Milliy istiqlol g’oyasini shakllantirishda tashkiliy-uslubiy yondoshuvlar. - T.: Akademiya, 2002.
7. Milliy istiqlol g’oyasini xalqimiz ongiga singdirish, omillari va vositalari. - T.: Ijod dunyosi,  2002.
8. Milliy g’oya va rahbar mas’uliyati. - T.: G’afur G’ulom nomidagi nashriyot-matbaa ijodiy uyi, 2007.
9. Milliy g’oya: nazariy manbalar -T.: Akademiya, 2007 .
10. Musurmonova O. Ma’naviy qadriyatlar va yoshlar tarbiyasi. - O’zbekiston, 1996.
11. Otamurodov S. Globallashuv va millat. (Siyosiy –falsafiy tahlil), -T.: YAni asr avlodi, 2008.
12. Otamuratov S. Globallashuv va milliy-ma’naviy xavfsizlik. – T,: O’zbekiston, 2013
13. Ochildiev A. Globallashuv va mafkuraviy jarayonlar. - T.: Muharrir, 2009.
14. Ochildiev A. Milliy g’oya va millatlararo munosabatlar. - T.: O’zbekiston, 2004.
15. Paxrutdinov Sh. «Tahdid» tushunchasi: nazariya va amaliyot. – T.: Abu Ali Ibn Sino nomidagi tibbiyot nashriyoti, 1998
16. Ro’ziev Sh. Mafkuraviy immunitet manbalari. – T.: A.Naoviy nomidagi O’zbekiston Milliy kutubxonasi nashriyoti, 2008
17. Tillaev S., Insopova G. Zamon, mafkura va yoshlar. // Milliy istiqlol g’oyasi targ’ibotining ilmiy asoslari. - T.: O’zbekiston, 2002.

18. Falsafa qomusiy lug'at.- T.: Sharq, 2004.
19. Энциклопедический словарь по культурологии. – М.: Центр, 1997
20. Xo'jamurodov N. Ma'naviy qadriyatlar va milliy o'zligini anglash. -T.: Ma'naviyat, 1991.
21. Qahharova SH. Global ma'naviyat – globallashuvning g'oyaviy asosi. - T.: Tafakkur, 2009.
22. Quronov M. Mafkuraviy tahdid va yoshlar tarbiyasi.- T.: Akademiya, 2008.
23. Qoraboev U. Madaniyat masalalari. – T.: O'zbekiston milliy entsiklopediyasi, 2009
24. G'aniev A. G'arb olamidagi axloqiy muammolar.- T.: Voris, 2007.

**V. Qosi'msha a'debiyatlar**

1. Bazarbaev J. Ruwxi'yati'mi'z marjanlari' yamasa u'lgili yel u'lkenin, ko'regenli yel wo'tkenin qa'sterleydi. – No'kis, «Bilim», 2008
2. Bazarbaev J. Milliy ideya – jol ko'rsetiwshi juldi'z. – No'kis: «Qaraqalpaqstan», 2011
3. Байдаров Э.У. Влияние глобализации на культуру и ценности человека. – http://credonew.ru/content/view/510/30/
4. Gulmetov E. Globallashuv jarayoni va ma'naviy hayot. Milliy g'oya: Ma'naviyat va ma'rifat. Konferentsiya materiallari, 2 kitob.- T.:2002.
5. Декларация тысяче\летия ООН // Экология – XX век. – 2002, №1-2
6. Zokirov B. Globallashuv ziddiyatlari. Tafakkur. // J. 1-son, 2004.
7. Zokirov B. G'arb tamadduni: inqiroz alomatlari. Tafakkur J.//. 2-son, 2007.
8. Islamov I.N. Ma'naviyatga tahdid – kelajakka tahdid. Globallashuv, modernizatsiya va tolerantlik: muammolar, echimlar va istiqbollar. Konferentsiya materiallari.- T.: 2009.
9. Yo'ldosheva S.M. Sog'lom turmush tarzi – tahdidlarga qarshi kurash omili sifatida. Sog'lom turmush tarzini shakllantirishda axloqiy qadriyatlarning o'rni. - T., 2009.
10. Косиченко А.Г. Национальные культуры в процессе глобализации // www.orda.kz. Elektronni'y informatsionno-analiticheskiy blleten'. №№8,9

11. Muratbaeva A. «G’alaba ma’deniyatti’n’» ruwxi’y qa’diriyatlari’mi’zg’a zi’yani’. /«Qa’diriyatlar - ma’nawiyat arnasi’» toplami’ - No’kis, «Qaraqalpaqstan», 2013
12. Otamurodov S. Tajovvuzdan saqlanish yo’li. Tafakkur // J. 2 – son,. 2006.
13. Otamurodov S. Globallashuv va milliy tarbiya. Falsafa va huquq, 3-son, 2007.
14. Otamurodov S.. Milliy ma’naviy xavfsizlik. Jamiyat va boshqaruv // J. 1 – son, 2009
15. Флиер А.Я. Массовая культуры и её социальные функции. // ОНС: Общественные науки и современность. – М., 1998. - №6. – S. 138
16. Erkaev A: Globallashuv: axborot xuruji va ommaviy madaniyat. Tafakur // J. 4 – son, 2008.

## VII. Internet saytlari’

1. www.ziyonet.uz
2. www.google.uz
3. http://www.lex.uz
4. http://dilib.uz